



MANGSA PASKA
2020

Pitados lan Télakna



LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH

Samirnobaru 77 kompleks LPPS
Yogyakarta 55281

2020

Mangsa Paska 2020

Jejer:

“Pitados lan Télakna”

Kawedalaken déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia

Sinode Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Télépon: 0274-514721

Fax: 0274-543001

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun)
saben buku **Rp. 70.000,00**

Atur Sapala

Kita patut ngaturaken puji sokur konjuk Gusti Yésus Ratuning Pasamuwan ingkang tansah nganthing lan paring berkah dhateng LPP Sinode satemah buku punika saged katampi déning Ibu/Bapak/Sadhèrèk. Mugi buku punika èstu migunani nalika sami nyamektaaken saha mahargya Mangsa Paska 2020, ugi saged asung gagasangagasan ingkang grengseng tumrap pambudidaya mekaripun gesangging pasamuwan ing satengahing tantanganing jaman samangké.

Jejer Mangsa Paska 2020 “Pitados lan Télakna” sengaja dipun piji sacara mirungga. Wonten tetimbangan saha geguletan kathah ingkang dipunbagé lan dipunrembag déning kanca-kanca ing Tim Panyerat Buku Mangsa Paska 2020 nalika nyawisaken buku. Punika ingkang lajeng dados dhasar tuwuhing jejer kasebat, ingkang mugi mbereg pasamuwan supados sami saged ngrumaosi malih wigatosing apologia/apologetika¹. Pramila bahan-bahan ing buku punika sengaja dipun cawisaken minangka bahan “memucal” ingkang kaajab saged mbiyantu pasamuwan nuntun warganipun sageda ngraos-raosaken piwucal-piwucal dhasar ingkang wonten ing kapitadosan Kristen.

Sesambutan kaliyan punika, kawula nyuwun supados pasamuwan sageda ngrancang kagiyatan-kagiyatan ing Mangsa Paska (pangibadah, Panyuraos Kitab Suci, lsp.) kanthi prayogi satemah warganing pasamuwan saged kanthi wicaksana saha santun nindakaken apolégétika (asung panjawab tumrap pitakènan ngasanès bab iman kapitadosanipun) ing satengahing gesangging jagad ingkang sangsaya rowa punika. Punapa ingkang wonten ing buku punika temtu kedah dipun cundhukaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning pasamuwan piyambak-piyambak.

¹ Kapisrasa ing Bahan Dhasar ing Buku Masa Paska 2020 (basa Indonesia)

Tumraping kanca-kanca tunggil paladosan ingkang sampaun nyambut damel sesarengan ndamel buku punika, keparengna kawula ngaturaken agenging panuwun:

1. Pdt. Maria Puspitasari (PWG BAPELSIN GKJ XXVII/GKJ Purwokerto)
2. Pdt. Paulus Kristian Mulyono (DPG GKI BPMSW GKI SW Jawa Tengah / GKI Pasteur Bandung)
3. Pdt. Nani Minarni (PPK ing UKDW/GKJ Brayat Kinasih, Yogyakarta)
4. Pdt. Korvinus Wahyu Nugroho (GKJ Sidomulyo, Bantul)
5. Pdt. Fendi Susanto (RS Bethesda)
6. Pdt. Dorkas Natalina (GKJ Gondokusuman)
7. Pdt. Aditya Chris Nugroho (GKJ Kotagede)
8. Pdt. Setyo Wahono (GKJ Wonocatur)
9. Pdt. Yokanan Saryanto (GKJ Madukismo)
10. Pdt. Siswadi (GKJ Gondokusuman)
11. Pdt. Djoeniawan Santoso (GKJ Patalan)
12. Pdt. Agus Prasetyo (GKJ Bambu)
13. Pdt. Hadyan Tanwikara (GKI Ngupasan)
14. Sdr. Agatha Karis Wibisono Putra (GKI Adisucipto)
15. Bp. Purnawan Kristanto (GKI Klaten)

Ugi kawula ngaturaken panuwun mirungan dhumateng Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho, Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh, Bp. Pdt. Yusak Tridarmanto (Fakultas Teologi UKDW), saha Bp. Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan) ingkang sampaun mertal bahan-bahan ing buku punika. Wilujeng Cecawis Mangsa Paska 2020. Gusti hamberkahai.

Ngayogyakarta Hadiningrat, wiwitinaning Januari 2020
LPP Sinode GKJ-GKI SW Jateng,

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Addi Patriabara
Pdt. Murtini Hehanussa

Dhaptar Isi

Atur Sapala.....	i
Dhaptar Isi	iii

Bahan Khotbah

Rebo Awu [26 Februari 2020].....	9
Minggu I Prapaska [1 Maret 2020].....	21
Minggu II Prapaska [8 Maret 2020].....	33
Minggu III Prapaska [15 Maret 2020].....	45
Minggu IV Prapaska [22 Maret 2020].....	67
Minggu V Prapaska [29 Maret 2020]	75
Minggu VI Prapaska (Palmarum) [5 April 2020].....	85
Kemis Pethak [9 April 2020]	95
Jumuah Adi [10 April 2020]	109
Setu Sepi [11 April 2020]	121
Riyaya Minggu Paska [12 April 2020]	125
Riyaya Minggu Paska Sore [12 April 2020]	133

Tata Pangibadah

Rebo Awu [26 Februari 2020].....	9
Minggu I Prapaska [1 Maret 2020].....	21
Minggu II Prapaska [8 Maret 2020].....	33
Minggu III Prapaska [15 Maret 2020].....	45
Minggu IV Prapaska [22 Maret 2020].....	67
Minggu V Prapaska [29 Maret 2020]	75
Minggu VI Prapaska (Palmarum) [5 April 2020].....	85
Kemis Pethak [9 April 2020]	95
Jumuah Adi [10 April 2020]	109
Setu Sepi [11 April 2020]	121
Riyaya Minggu Paska [12 April 2020]	125
Riyaya Minggu Paska Sore [12 April 2020]	133

Bahan Pakempalan Pandonga

Pakempalan Pandonga 1	181
Pakempalan Pandonga 2	187
Pakempalan Pandonga 3	193
Pakempalan Pandonga 4	199
Pakempalan Pandonga 5.....	205
Pakempalan Pandonga 6	209

Bahan PA Dewasa

Bahan PA Diwasa 1	215
Bahan PA Diwasa 2	219
Bahan PA Diwasa 3	223


Bahan PA Adiyuswa

Bahan PA Adiyuswa 1	227
Bahan PA Adiyuswa 2	231
Bahan PA Adiyuswa 3	235



BAHAN KHOTBAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*



Bahan Khotbah Rebo Awu

Rabu, 26 Februari 2020

Waosan I: Yésaya 58:1-12

Tanggapan: Mazmur 51: 1-17

Waosan II: 2 Korintus 5:20b- 6:10

Waosan Injil: Matius 6:1-6, 16-18

Sanès Sandiwara Rohani



KHOTBAH JANGKEP

Para Sedhèrèk ingkang kinasih ...

Wonten ing wekdal-wekdal pungkasan punika, ing negari kita Indonésia saged dipun seksèni wontenipun tetingalan gesang ingkang winastan “nyandu agami” (“overdosis agama”). Nalika kita mbikak *Facebook*, ingkang dipun rembag mboten wonten sanès kejawi agami. Mbikak *Twitter*, ugi mekaten, maos koran, irah-irahanipun ugi prekawis-prekawis ingkang magepokan kalian agami. Mekaten ugi menawi kita mbikak *website* lan *blog*, isipun ugi ngrembag prekawis agami.

Adhedhasar punika sedaya, kawawas kados-kados mboten wonten prekawis ingkang saèstu nengsemaken manah kanggé karembag kajawi prekawis agami, agami, lan agami. Kawontenan gesang kados mekaten punika lajeng nuwuhaken pitakènan: punapa sedaya prekawis punika èstu-èstu cocok kaliyan solah bawanipun tiyang-tiyang Indonésia padintenan, ingkang kedah-ipun nyunaraken sikep gesang manut piwulangipun agami?

Menawi kita jujur, wonten prekawis ingkang saèstu narik kawigatosan kita, bilih ing salebetting kasunyatanning gesang padintenan, reraosan bab agami asring namung mandheg wonten ing pirembagan kémawon, mboten utawi dèrèng ketingal

éjawantahipun ing tandang tanduk gesang padintenan. Langkung-langkung wonten ugi sawetawis tiyang ingkang rumaos mongkog ing manah, menawi saged kekesahan kanthi nedahaken lambang-lambanging agami. Kanthi mekaten tiyang-tiyang kalawau kepéngin cinandra dados tiyang-tiyang ingkang salèh sanadyan ing gesang padintenanipun dèrèng saged kapesthèkaken kados mekaten. Malah menawi kita nyimak kanthi nastiti wartos-wartos ingkang ngemot prekawis-prekawis agami ing media sosial, kathah ingkang isinipun namung awujud apus-apus lan tetembungan serik, sengit, memengsahan lan sakpiturutipun. Saking mriki kita saged nyimpulaken bilih wonten sawetawis tiyang ingkang namung kepéngin winastan salèh, lan punika mongkogaken manahipun, sanadyan salah bawa padintenanipun dèrèng kantènan nélakan-aken gesangipun tiyang ingkang salèh.

Kawontenan gesang ingkang mekaten punika èstunipun mboten kelampahan namung ing dinten-dinten wekasan punika. Kawontenan gesang mekaten punika ugi sampun kelampahan maèwu-èwu taun kapengker. Punika sedaya saged sineksènan saking waosan ingkang sepisan kalawau, kados pundi nabi Yésaya suka panyarwé pedhes dhumateng bangsa Israèl nalika semanten. Bangsa Israèl nindakaken kewajibaning agami ing antawisipun inggih punika nindakaken pasa. Namung kema-won pasa ingkang sami katindakaken nalika semanten tetéla cengkah kaliyan karsanipun Allah pribadi. Miturut pranatan-ipun, bangsa Israèl pancèn leres nindakaken pasa, éwa semanten gesangipun tansah dipun èbeki (kebaki) déning urusan pribadinipun piyambak, nindhesi para buruhipun, sami mboten rukun lan tansah sami regejegan kémawon saha nindakaken tumindak-tumindak ingkang mboten adil (kacundhukna. ay 3-4). Pasa ingkang sami katindakaken nalika semanten, namung awujud kesaléhan semu kanggé nutupi sikap lelamisanipun. Pasa ingkang mesthinipun nélakaken raos béla sungkawa, nalangsa lan tobat punika, tetéla mboten mangaribawani punapa-punapa tumrap gesang padintenan-

ipun. Pasa namung dados padat pakulinan netepi pranatanipun agami tanpa rumesep ing manahipun.

Lampahing gesang ingkang mesthinipun saged dados ajang sinar bab panggesanganipun manungsa, tetéla mboten dipun leksanaaken déning bangsa Israèl. Punika sedaya tetéla saking anggènipun Gusti Yésus medhar piwulangipun wonten ing gunung.

Gusti Yésus maringaken piwulangipun ngéngingi tigang prekawis ingkang prelu kanggé mbangun sesambetaning gesang kaliyan dhiri pribadi, sesami lan Gusti. Ingghih punika piwulang bab ndedonga, misungsung lan pasa. Wonten ing mriki, Gusti Yésus mboten paring panyarwé punapa-punapa tumrap netepi kewajibaning agami dalah upacaranipun, amargi sedaya punika pancèn ugi dipun perlokaken. Upacara agami mujudaken tumataning tindak agami, kanggé mratélakaken gesang karohanèn ing padintenanipun. Namung kémawon, Gusti Yésus mboten rena dhateng alesan ingkang kaanggé dhasar nindakaken tindak agami kalawau. Mawangsul-wangsul Matius migatosaken bab pangertosan “upah” ingkang kaanggé dhasar nindakaken kewajibaning agami kalawau; ingghih punika pepénginan badhé mamèraken kesaléhan semu kalawau, amrih pikantuk pangalembana saking sesaminipun gesang.

Menawi punika sedaya kelampahan, kita sedaya prelu waspada, awit wontenipun panggodha dhumawah ing sikap gesang lelamisan. Upacara agami ingkang tansah kita leksanani mesthinipun saged nganyaraken sesambetan gesang kita, saé kaliyan dhiri pribadi, sesami punapadéné kaliyan Gusti Allah. Sampun ngantos sedaya punika malah namung dados topèng kanggé nutupi kanisthan kita. Menawi punika ingkang pinanggih ing gesang kita, mila tetéla bilih kita sedaya sampun kécalan ‘nyawijinipun nalar, manah lan tumindak’ (*integritas*) satemah punapa ingkang ketinggal ing tandang tanduk kita, mboten jumbuh kaliyan osiking manah ingkang satuhu.

Gusti Allah ngersakaken kita, madeg manungsa punapa wontenipun (*otentik*). Punika saged kita tingali paseksinipun lumantar sang raja Daud. Minangka raja ingkang misuwur, mboten ateges Daud punika dados gegedhug ingkang sampurna. Piyambakipun ugi manungsa limrah, ingkang ugi nggadhahi karingkihan dhumawah ing dosa. Punika kabuktèn anggènipun dhumawah ing dosa sarana lampah sèdhèng kaliyan Batsyéba, sinartan dosa mejahi Uriya, garwanipun Batsyéba. Nalika Gusti Allah ngèngetaken Daud lumantar nabi Natan, kanthi lega legawaning manah, Daud ngakeni lan nalangsani dosanipun. Punika prekawis ingkang saèstu ngéram-éramaken, awit, kathah tiyang ingkang mboten wantun utawi saged kanthi lega legawaning manah ngakeni sedaya kalepatan, kekirangan lan dosa, langkung-langkung kanggénipun tiyang ingkang kadrajadan kados déné sang raja Daud.

Anggènipun sang raja Daud nglengganani dosa lan panerakipun sampun mbekta piyambakipun sowan marek ing ngarsanipun Allah, saprelu nyuwun sih kawelasanipun. Minangka titah sawantah, Daud ugi nglengganani sedaya karingkihan tuwin kasékènganipun nglawan panggodhanipun dosa, satemah dhumawah ing tindak nistha. Lelampahan gesang nyata ingkang mekaten punika, saèstu nuwuhamen krenteg ingkang golong gilig kanggé nglawan panggodhanipun dosa, ingkang tansah kekiteran wonten ing sakiwa-tengening gesangipun.

Mekaten ugi Rasul Paulus. Anggènipun lelados mboten naté uwal saking manékawarnining panggodha ingkang mboten gampil. Kathah ugi tiyang-tiyang ingkang nampik Paladosanipun. Malah wonten ugi ingkang miterang bab niatipun terus lelados. Punika sedaya dados alesan anggènipun rasul Paulus prelu nerangaken dhateng saben tiyang bab dhasar-dhasar anggènipun lelados. Nanging punika sedaya malah dados pasinaon ingkang mbingahaken manah, awit kanthi mekaten Rasul Paulus malah saged nedahaken ugi jumbuhing manah lan tumindak ingkang dipun lampahi ing gesang padintenanipun.

Wosipun, katulusaning manah ingkang jumbuh kaliyan tindak tanduk padintenan minangka Paladosipun Gusti, saèstu dados kekiyatan ingkang ngédap-édapi kanggé ngadhepi sedaya rubeda lan pepalanging lelados. Rasul Paulus lelados mboten karana pados pangalembana saking tiyang kathah, nanging lelados awit sih kawelasanipun Allah sampun kaparingaken dhateng piyambakipun. Pramila, sanadyan mboten gampil, rasul Paulus tetap badhé lelados kanggé sesami.

Para Sedhèrèk ingkang kinasih ...

Samangké kita lumebet ing dinten Rebo Awu kanthi irah-irahan “Sanès Sandiware Rohani” Sesirah punika ngajak kita sedaya ngraos-ngraosaken malih, bab maknaning upacara agami ingkang tansah kita tindakaken ngantos titi wanci punika. Punapa ingkang kita tindakaken ngantos ing wekdal punika, èstunipun namung sakdremi nyipta panyandra semu ingkang kaangkah saged nutupi kasunyataning gesang karohanèn ingkang sakmesthinipun? Punapa pambanguning sesambetaning gesang kita ingkang sampun kelampahan mboten nélakaken sesambetan gesang punapa wontenipun kados ing sakmesthinipun? Punapa sesambetaning gesang kita ngantos ing wekdal punika namung adhapur sesambetan ing antawisipun topèng lan sanès ing antawisipun pribadi setunggal lan setunggalipun?

Menawi kita sami mbikak topèng kita piyambak-piyambak, saged ugi ingkang badhé ketingal sanès pasuryan ingkang lucu, ingkang merak ati, nanging pasuryan ingkang kebak blentong ingkang ngajrih-ajrihi. Punapa punika gambar pasuryan kita ingkang asli? Menawi punika ingkang pinanggih, saged kita mangertosi déné kathah tiyang (mbok menawi kalebet kita ugi) ingkang ajrih utawi mboten wantun mbikak topènging gesang kita. Ing mriki Pasamuwanipun Gusti ugi kaèngetaken purun lan wantun nampèni sedhèrèk-sedhèrèk ingkang nembé mbikak topèngipun kanthi sedaya tanggel jawab ingkang prelu katindakaken. Pasamuwanipun Gusti mboten pareng supé bilih

piyambakipun punika madeg dados asta panjangipun Allah. Menawi mboten mekaten, saged kémawon Pasamuwanipun Gusti punika malah dhumawah dados papan tontonanipun topènging lelamisan. Mila Pasamuwanipun Gusti prelu tansah waspada lan wicaksana.

Gegayutan kaliyan topèng punika, kita sami kaèngetaken wontenipun cakepan lagu ingkang sesirahipun “Topèng”, ingkang dipun nyanyèkaken déning paguyuban Band Peter Pan (ingkang wekasaniipun gantos nami dados Noah), ingkang mekaten ungelipun:

*(Tapi buka dulu topèngmu)
Buka dulu topèngmu
Biar kulihat warnamu
Kan kulihat warnamu*

Sumangga kita sami mbikak topènging lelamisan kita piyambak-piyambak. Sumangga kita bucal tebih-tebih adrenging manah ingkang namung kepéngin nindakaken sandiwaro rohani. Kanthi mekaten kita badhé saged manggihaken pasuryanipun Allah ingkang kebak katresnan, nembé mèsem mirsani kita sedaya ingkang kepareng wangsl wonten ngarsanipun. Amin!

[can/ytd]



**Bahan Khotbah
Prapaska I****Minggu, 1 Maret 2020**

Waosan I: Pwd.2:15-17, 3:1-7

Tanggapan: Mazmur 32

Waosan II: Roma 5:12-19

Waosan Injil: Matius 4:1-11

**Jumangkah
Sesarengan Gusti****KHOTBAH JANGKEP**

Para Sedhèrèk ingkang kinasih, jumangkah sesarengan mboten sami kaliyan mlampah piyambakan. Wonten satunggiling paribasan saking Ubuntu, Afrika, ingkang mungel mekaten: “Yen kepéngin lumaku luwih cepet, mlakua dhèwèkan; yen kowé kepéngin lumaku luwih adoh, mlakua bebarengan wong liya”. Salebetung mlampah sesarengan, praptanipun tiyang sanès punika saèstu prelu sanget. Tiyang saged kémawon mlampah cepet sanget, nanging dèrèng kantenan lumampah saktebih-tebihipun. Ing salebetung gesang sesarengan, kita saged nggadhahi kawruh ingkang sangsaya lebet lan jembar. Pangraos kita ugi saged sangsaya lantip ing babagan paugeran gesang kamanungsan, ingkang mesthi kémawon mboten saged kabayar déning punapa kémawon.

Para Sedhèrèk ingkang kinasih, wohing jumangkah sesarengan Gusti, mesthi badhé béda kaliyan lumampah piyambakan. Jumangkah sesarengan Gusti ngedalaken wohing gesang ingkang terus ngrembaka, langkung santosa, lan langkung ndarbèni makna. Kosok wangslipun lumampah piyambakan saged kémawon langkung cepet, nanging saged dipun pesthèkaken mesthi badhé cabar utawi mboten pikantuk damel. Bapa Adam lan Kawa punika kekalihipun dipun papanaken déning Gusti wonten ing taman Èden. Gusti ngersakaken

supados kekalihipun sumadya mlampah sesarengan Gusti ing sedaya prekawising gesang. Éwa semanten, bapa Adam punapadéné ibu Kawa lumampah piyambakan, nilar Gusti.

Jejer khotbah dinten punika: “Jumangkah sesarengan Gusti”. Lumantar jejer punika kita sami kaajak tetep setya tuhu dhumateng Gusti ing saben jumangkahing gesang. Kanthi mekaten, gesang kita badhé sangsaya ndarbèni makna ingkang langkung wigatos lan tansah karengga ing kamenangan nglawan sedaya pakartining piawon. Menggah Sabdanipun Gusti ing dinten punika mulangaken sawetawis piwulang ingkang prelu kita raos-raosaken kanthi tumemen:

Kapisan, Sesarengan Gusti kita badhé tetep gesang (**basa inggris: survive**)

Para Sedhèrèk kinasih, punapa ta tegesipun ‘tetep gesang’? Tetep gesang tegesipun kasagedan lan kekiyatán kanggé ngrimati gesang ing satengah-tengahing manékawarnining karibedan.

Lumantar pangandikanipun Gusti dinten punika, kita sami katuntun déning Allah tumuju papan ingkang sampaun kacawisaken, supados kita sageada nindakaken pakaryan konjuk dhateng kaluhuraning Asmanipun.

Saking Kitab Purwaning Dumadi 3:15, kita pikantuk piwucal bilih Gusti mapanaken Adam ing taman Èden. Salajengipun Gusti nyipta ibu Kawa sumusul minangka rowang ingkang sembada tumrap bapa Adam. Kekalihipun katimbalan rumeksa lan makarya ing taman Èden kagunganipun Allah. Kanthi mekaten, gesangipun bapa Adam lan ibu Kawa èstu-èstu nedahaken daya guna konjuk ing kaluhuranipun Allah. Semanten ugi kita sami. Kita kapapanaken déning Gusti wonten ing jagad punika ing papan padunungan kita piyambak-piyambak, supados makarya konjuk ing kaluhuranipun Allah. Kita makarya mboten namung sakdremi pados tetedhan

padintenan, nanging kita nindakaken pakaryan ingkang sampun kapitadosaken déning Gusti dhateng kita.

Jumbuh kaliyan pangertosan ing nginggil, mila menawi wonten pitakènan: “punapa padamelan panjenengan?”, punapa wangslulan kita? Saksisihipun suka wangslulan jumbuh kaliyan padamelan sedinten-dinten kita, kita mesti kémawon ugi saged suka wangslulan bilih kula nembe nindakakan pakaryan ingkang dipun pitadosaken déning Gusti, inggih punika ngreksa lan mbudi-dayakaken tamanipun Allah ing jagad punika. Kita wajib muji sokur tumrap padamelan padintenan kita piambakpiyambak. Menawi kita makarya minangka panyambut damel limrah (karyawan), kita prelu ndarbèni raos pitados dhateng dhiri pribadi minangka dhasar panyambut damel ingkang murwat. Mekaten ugi menawi kita makarya lan nggadhahi kalenggahan minangka pemimpin, kita ugi mboten badhé gumunggung ngendel-endelaken kalenggahan kita. Menawi pathokan ingkang prasaja punika èstu-èstu kita gegesang ing salebeting pakaryan kita, mila kita mesti badhé saged dados berkah tumrap sesami. Pathokan makarya ingkang mekaten punika saged njalari kita mboten badhé gampil dhumawah ing pacobèn. Kita mboten badhé gampil tuwuh raos mèri dhumateng tiyang sanès ingkang kawawas langkung kasil pakaryanipun. Punapa malih kita ugi badhé uwal saking pepénginan migunakaken sedaya cara sakdremi kanggé nggayuh gegayuhan ingkang langkung saé, nanging nalisir saking pathokaning kaleresan. Kanthi pathokan mekaten kita ugi mboten gampil rumaos kirang aji ingkang ndadosaken aliting manah.

Kita badhé tetep gesang karana kita jumangkah sesarengan Gusti. Kita badhé tansah ngraos ayem tentrem, manteb ing karya, awit nyepengi kapitadosan bilih pakaryan kita punika wujud peparingipun Allah ingkang kapitadosaken dhateng kita, supados kita rawat lan tindakaken kanthi kebak tanggel jawab dhateng Panjenenganipun.

Mila awit saking punika, prekawis ingkang prelu kita raos-raosken inggih punika:

Sepisan. Punapa kita saèstu pitados bilih kita dipun papanaken déning Gusti piyambak ing papan padunungan kita piyambak-piyambak, supados sesareangan kaliyan Gusti kita makarya ing taman kagunganipun?

Kaping kalih, nglampahi gesang ing patunggilan kaliyan Gusti.

Para Sedhèrèk kinasih, mlampah sesareangan kaliyan Gusti ateges nglampahi gesang ing salebeting patunggilan kaliyan Gusti sacara leres.

Pangandikanipun Gusti nélakaken bilih:

“.. wohé aja sira pangan. Déné samangsa sira mangan wohé, mesthi sira bakal mati” – Pwd 2: 17.

Wonten ing taman Èden, Adam lan Kawa katimbalan supados gesang tetunggilan kaliyan Gusti srana mbangun sesambutan ingkang sangsaya raket kaliyan Panjenenganipun. Sesambutan kaliyan Gusti ingkang kekah badhé kapratandhan déning sikep mangertos pundi ingkang saèstu ndadosaken renanipun galihipun Gusti lan pundi ingkang mboten. Mangertos punapa ingkang dados karsanipun Gusti lan punapa ingkang mboten dados karsanipun. Namung gesang tetunggilan ingkang raket kaliyan Gusti kémawon mila Adam lan Kawa badhé tetep gesang. Kosok wangslipun menawi nglampahi gesang nebih lan nglirwakaké timbalanipun Gusti, kekalihipun mesthi badhé pejah. Adam lan Kawa tetéla milih lan mutusaken nilar saha nglirwakaken timbalanipun Gusti lan tumindak cengkah kaliyan dhawuh timbalanipun.

Lumantar pangandikanipun Gusti punika, kita sami dipun èngetaken: ***Lakonana uripmu ing sajroning tetunggilan karo Gusti supaya kowé tetep urip.***

Prekawis ngandhap punika ugi prelu:

- Menawi kita lumampah piyambakan tanpa gesang tetunggilan kaliyan Gusti, gesang kita badhé cabar. Kosokwangslipun, menawi kita mutusaken gesang tetunggilan kaliyan Gusti, kita badhé saged menang ngadhepi sedaya pacobèn ingkang nempuh kita.

Manungsa pancèn kaparingan gesang déning Gusti kinanthenan kamardikan, sanadyan winatesan ugi déning Gusti. Wates ingkang kaparingaken nggadhahi ancas tujuan supados manungsa tansah ngèngeti lan mangertos bilih namung karana tetunggilan kaliyan Gusti kémawon, kita badhé ndarbèni gesang sejati ingkang saé lan leres.

Gusti Allah punika èstunipun ingkang kagungan purba lan wasesa tumrap gesang lan pejahipun manungsa. Éwa semanten Gusti mboten ngersakaken manungsa ingkang dipun kasihí punika ngalami pejah. Gusti ngersakaken manungsa tetep gesang lan awit saking punika Gusti paring awisan: “... wohé aja sira pangan. Déné samangsa sira mangan wohe, mesthi sira bakal mati” – Pwd 2: 17.

Cobi kita raosaken: punapa kita sampun nglampahi gesang ing saklebeting tetunggilan ingkang leres kaliyan Gusti?

Kaping tiga, Yésus: “Nindakaken karsanipun Gusti kita mesthi menang”

Para Sedhèrèk ingkang kinasih, “Gusti Yésus kabekta déning Rohipun Allah dhateng ara-ara samun supados kagodha”. Gusti sumadya kabekta kanggé kagodha tanpa paring pangandika punapa-punapa. Panjenenganipun nglampahi punika sedaya kanthi kasetyan ingkang golong gilig. Kasetyanipun Gusti sangsaya ketingal cetha nalika Sabdanipun Allah dipun maknani sacara kuwalik déning sang juru godha sarana anggènipun mboten nambah utawi ngirangji Sabdanipun Allah kalawau.

Gusti Yésus paring piwulang, bilih gesangipun manungsa punika prelu dipun jiwani déning Sabdanipun Allah. Mekaten ugi katandhesaken bilih namung Gusti Allah kewala ingkang kedah sinembah déning sedaya ingkang tumitah ing jagad raya punika. Pramila sumangga kita manteb ing pitados dhateng Allah, supados lampah gesang kita punika saged tansah menang nglawan panggodha. Sarana nengenaken karsanipun Allah ing gesang padintenan kita, kita ugi saged kauwalaken saking sakèhing panggodha ingkang badhé nempuh kita, ingkang saged ugi kawiwitinan saking pepenginan kita pribadi.

Kaping sekawan: Sih nugrahanipun Allah punika ingkang sampun malik gesangipun manungsa dosa dados manungsa ingkang kaleresan wonten ngarsanipun Allah.

Para Sedhèrèk kinasih, dhumawahipun manungsa salebetting dosa punika, dados kori lumebet ing karisakan kanggé sedaya turunipun Adam. Awit dosa, sedaya keturunanipun Adam ngalami pejah: *Opahing dosa iku pati* (Roma 6:23).

Rasul Paulus ngandharaken: “Pati dumadi awit saka wong siji kang dosa”. Mekaten ugi nugrahaning gesang dumadi awit saking manungsa setunggal, Gusti Yésus Kristus, satemah sedaya umat kawilujengaken. Prekawis punika nyata saking pangandika ing Roma 5:16-17:

“... nanging peparingé sihrahmat marga saka panerak kang akèh iku njalari pakaryané Allah kang mbeneraké. ... wong kang wus padha nampani kalubèraning sihrahmat sarta ganjaran awujud pakaryané Allah kang mbeneraké, mesthi bakal urip lan ngwasani merga déning wong siji yaiku Yésus Kristus”

Menawi manungsa sedayanipun dhumawah ing dosa amargi dosanipun Adam, mila mekaten ugi manugsa sedaya pikantuk kaleresan wonten ing Sang Kristus. Pangandikanipun Gusti ing serat Roma kalawau mulang kita sedaya bilih Yésus punika

Adam ingkang wekasan. Adam wekasan punika èstunipun kori ingkang anjog dhateng sih nugrahanipun Allah, ingkang milujengaken jagad saking dosa-dosanipun. Panjenenganipun sampun malik kawontenaning gesangipun manungsa, ingkang swaunipun winengku ing dosa dados winengku ing sihrahmat.

Dinten punika, Minggu Prapaska 1, kita sami ngèngeti malih timbalaning gesang kita inggih punika “*jumangkah sesareangan Gusti*”:

- *Ing panggesangan kita piyambak-piyambak*: Migatos-na lelampaahan ing taman Eden, bilih Gusti Allah ingkang sampun mapanaken kita ing papan padunung-an kita piyambak-piyambak. Punika prelu kita tampèni minangka nugrahnipun Allah ingkang pantes kita pujèkaken kanthi kebak raos sokur. Mila sumangga kita lampahi gesang kita peparingipun Allah punika, ugi kanthi kebak raos pamuji sokur dhateng Panjenengan-ipun.
- *Kanthi pitepangan kita dhumateng Allah*, bilih namung karana tetunggilan kaliyan Gusti kémawon kita badhé tetep gesang. Kita prelu sumarah ing purba lan wasésanipun Allah tumrap gesang padintenan kita sami.
- Ing saben pacobèn ingkang pinanggih: Gusti Yésus Kristus èstu dados tuladha tumrap kita supados kita saged menang nglawan panggodha wau.
- *Ing salebetung kawontenan tanpa daya karana dosa* : Gusti Yésus Kristus punika kori ingkang anjog dhateng sihrahmatipun Allah maringaken gesang anyar.

AMIN.

[pkm/ytd]



**Bahan Khotbah
Prapaska II****Minggu, 8 Maret 2020**

Waosan 1: Pwd 12:1-4a
Tanggapan: Mazmur 121
Waosan II: Roma 4:1-5, 13-17
Waosan Injil: Yohanes 3:1-17

**Katresnanipun
Allah
Milujengaken****KHOTBAH JANGKEP**

Para Sedhèrèk ingkang kinasih ing patunggilanipun Sang Kristus, Ing wekdal taun 90-an, kathah tiyang ingkang nitih sepédha montor mboten remen migunakaken hèlm. Tiyang-tiyang kalawau migunakaken hèlm namung nalika liwat margi ageng ingkang mesthinipun kathah dipun lagi déning polisi. Kathah tiyang ingkang rumaos bilih megunakaken hèlm punika namung ngawrat-awrati kémawon. Tiyang-tiyang kalawau dèrèng saged mitadosi bilih nganggé hèlm nalika nitih sepédha montor punika saèstu maedahi kanggé njagi kawilujenganipun piyambak. Menawi nglampahi kacilakan nalikanipun nembé nitih montor, upaminipun, hèlm kalawau saged nglindhungi sirahipun panitih sepédha montor kasebat. Kathah tiyang nganggé hèlm namung karana ajrih kénging tilang, lan mboten karana maknaning kaleresan ingkang dipun darbèni. Ing wekdal samangké, para panitih kendharaan mesin sampun wiwit nglenggani prelunipun nganggé hèlm salebetung nitih kendharaan. Malah kathah ugi ingkang menganggé hèlm minangka rerenggan èdi pèni ingkang negsemaken punapadéné wonten ugi ingkang ndadosaken hèlm minangka gambaran citra dhiri. Inggih awit saking punika mila kathah para produsen ingkang jor-joran ngréka daya ndamel hèlm ingkang saé lan nuwuhaken daya tarik ingkang ageng. Ing dhiri pribadinipun para panitih

sepédha montor, kelampahan wontenipun éwah-éwahan ing bab paugeran migunakaken hèlm: ingkang swaunipun nganggé hèlm karaos dados momotan ingkang awrat, samangké nganggé hèlm karaos dados kabetahan ingkang mboten saged dipun sélaki. Mboten namung punika, nganggé hèlm ugi dipun maknani minangka rerenggan èdi pèni punapadéné sarana kanggé nedahaken gambar dhiri dhumateng tiyang kathah.

Para Sedhèrèk ingkang kinasih ing patunggilanipun Sang Kristus,

Mekaten ugi punapa ingkang kelampahan tumrap katresnan-ipun Allah, ingkang milujengaken jagad punika. Kanyatanipun pancèn kathah tiyang ingkang rumaos mboten gampil kanggé nampi lan mitadosi wartos Injil kalawau. Kathah tiyang ingkang manahipun taksih tinutupan déning “slubung” lan mboten rena kanggé mbikak “slubung” kalawau. Punika dipun gambaraken déning “drama” pepanggihan Nikodémus kaliyan Yésus. Pepanggihanipun Nikodémus kaliyan Yésus mujudaken cariyos ingkang saèstu kawentar saking Injil Yohanes. Cariyos punika nedahaken dhumateng kita makna ingkang langkung lebet katimbang namung sakdremi cariyos bab pepanggihanipun satunggiling pemimpin agami Yahudi ingkang nembé nlesih Yésus ing wanci “dalu”. Cariyos punika nedahaken lumampahing wawan rembag antawisipun ‘pasamuwan’ kaliyan ‘sinagogé’, ingkang ing mriku kekalihipun sami asung panjangkeping pamanggih setunggal lan setunggalipun.

Nikodémus ingkang saèstu kinurmatan ing tengah-tengahipun masyarakat agami Yahudi, andhatengi Yésus ing wanci dalu. Mesthi kémawon prekawis punika saged nuuhaken pitakènan kanggénipun tiyang kathah. Namung kémawon, tembung ‘dalu’ nedahaken dhateng kita bab ‘pepeteng’ ingkang nyilubungi manahipun Nikodémus. Tembung punika nggambarkeren anggénipun Nikodémus mboten saged mangertosi makna ingkang kinandhut, ingkang saged nuntun piyambakipun suka paseksi bab Yésus wonten ing ngarsanipun para pemimpin

agami ingkang kaanut. Wonten raos ajrih menawi dhirinipun wekasanipun badhé kasebrataken saking tengah-tengahing masyarakat. Nadyan piyambakipun punika salah satunggiling pemimpin, éwa semanten raos ajrih punika saèstu ngebeki lan nguwaosi gesangipun.

Tetembunganipun Nikodémus sampun nedahaken dhumateng kita, sinten ingkang èstunium kawakilan déning piyambakipun. Ngaturi “Rabbi” dhumateng Yésus, nedahaken bilih Nikodémus saèstu ngakeni kawibawan lan drajad kalenggahanipun Yésus ingkang mboten andhap. Tembung “kawula sami mangertos” suka pratandha bilih Nikodémus makili satunggiling pakempalan, inggih punika pakempalanipun para guru Israël (3:10), utawi paling mboten Nikodémus nyandra dhiri pribadinipun minangka péraganganipun pakempalan kalawau. Nadyan piyambakipun ngakeni bilih sedaya “pratandha” ingkang katindakkaken déning Yésus mesthi mboten saged kelamapahan menawi mboten pikantuk panyartanipun Allah, éwasemanten taksih wonten kekiyatán ingkang ngalang-alangi Nikodémus tundhuk ing pangwaos ingkang langkung inggil ingkang dipun darbèni déning Yésus.

Ing salebeting wawan rembag kalawau, Yésus nglantaraken pawartosing Injil ingkang wigatos, inggih punika bab Kratonipun Allah. Tiyang ingkang kepéngin ningali Kratonipun Allah, kedah kalairaken malih. Émanipun Nikodémus maknani pangandikanipun Yésus kalawau sacara wantah kewala. Mila Yésus prelu nerangaken sangsaya lebet menggah ingkang dipun karsakaken kanthi tembung “kalairaken malih” punika mboten sanès inggih ‘kalairaken déning toya lan Roh’ lumantar baptisan lan tumuruning pangwaosing Sang Roh Suci. Baptisan nggamaraken wontenipun keputusan saking tiyang ingkang kabaptis kanggé lumebet dhateng ‘toya rahiming bumi’, supados kanthi mekaten piyambakipun ndarbèni raos jejibahan lan tanggel jawab salebeting taksih gesang wonten ing jagad punika jumbuh kaliyan timbalanipun Gusti. Tembung ‘baptisan’

ugi ngandhut makna lumampah ing margining gesang ingkang anyar ingkang anjog dhateng Kratonipun Allah. Awit saking punika baptisan ingkang katetepaken déning Yésus mboten namung lumantar toya kémawon, ananging ugi lumantar tumedhakipun Roh (1:31-33). Wangsulanipun Yésus punika tetéla ugi taksih dèrèng saged dipun mangertosi sacara wetah déning Nikodémus. Mila Nikodémus taksih pitakèn: "Kados pundi prekawis punika saged kelampahan?" (3:9). Yésus ugi lajeng suka wangsan kanthi pitakenèn ugi, "Kowé pamulangé wong Israël, lan kowé ora mangertèni prakara iku mau kabèh?" (3:10). Ing salebeting manahipun Nikodémus taksih pinanggih slubung ingkang dèrèng saged kabikak, satemah dèrèng saged nampi lan mitadosi punapa ingkang dipun pangandikakaken déning Yésus. Slubung punika awujud 'paugeran' utawi pangertosan ingkang saèstu sampun ngoyod ing sanubarinipun Nikodémus, dalah tiyang-tiyang Yahudi sanèsipun ingkang sumberipun pinanggih wonten ing piwulangan Yahudi. Inggih slubung punika ingkang mesthini-pun kabikak kanggé nyukani margi wartos Injil kalawau rumesep ing sanubarinipun, menawi pancèn kepéngin lumebet ing Kratonipun Allah.

Para Sedhèrèk ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Sang Kristus,

Kita sedaya saged sinau saking bapa Abraham ingkang mitadosi prasetyanipun Allah lan nempèni prasetya kalawau minangka kaleresan supados saged katindakaken ing salebeting gesang. Abraham sampun nyuwungaken dhiri dalah luwar saking tali jireting gesang kadagingan, srana nilar tanah kelairan punapadéné sanak kulawarganipun. Sawetahipun, Abraham mitados-aken dhiri pribadinipun dhumateng prasetyanipun Allah, lan nglampahi gesang kanthi kebak kasetyan dhateng Panjenengan-ipun. Kamakmuranipun kitha Ur-Kasdum dalah suka bingahing gesang bebrayatan, mboten andadosaken slubung tumrap Abraham kanggé nampèni lan mitadosi prasetyanipun Allah. Slubung punika sampun kabikak lan prasetyanipun Allah kaaturan lumebet dhateng sanubarinipun

Abraham ingkang saklajengipun nuntun piyambakipun lumebet ing rancangan-ipun Allah ingkang ageng, inggih punika ndadosaken keturunanipun bangsa ingkang ageng. Abraham piyambak badhé tansah kaberkahan déning Allah lan ugi dados berkah tumrap para bangsa. Kados déné Mazmur ingkang kanyanyèk-aken déning tiyang-tiyang ingkang nembé tindak ziarah dhateng Yérusalem (Mzm. 121), Abraham saèstu pitados bilih namung Allah piyambak ingkang jumeneng dados sumbering pitulungan. Kawilujengan pinangkanipun namung saking Allah piyambak, lan mboten saking gunung-gunung utawi kekiyatán-kekiyatán sanès ing saknjawinipun Allah. Inggih namung sarana mekaten mila Abraham pitados sawetahipun dhumateng sedaya prasetyanipun Allah lan nindakaken saha setya tuhu dhateng sadaya dhawuhipun.

Kapitadosanipun Abraham kaétang déning Allah minangka kaleresan. Rasul Paulus ugi migunakaken kapitadosanipun Abraham punika, dados dhasar suka wangslulan pundi ingkang leres (*apologia*) dhumateng para guru Yahudi ingkang nampik piwulang Kristen, ingkang nélakaken bilih “keleresan punika namung awit saking pracaya lan mboten awit nindakaken angger-anggering Torèt”. Paulus ngandika bilih Abraham kale-resaken awit saking pracaya lan mboten awit saking tumindak. Tegesipun, sih kamirahanipun Allah ingkang kaparingaken dhumateng Abraham punika, sanès karana tumindakipun Abraham, ananging awit saking pitadosipun ingkang golong gilig dhumateng Allah ingkang sampun prasetya sadèrèngipun. Allah prasetya dhumateng Abraham mboten karana Abraham setya tuhu nindakaken angger-anggering Torèt, nanging karana Allah samun nresnani Abraham lan sedaya umat manungsa. Abraham ugi pitados dhumateng prasetyanipun Allah kalawau lan manut saha mituhu dhateng sedaya pangandikanipun kanthi kebak kasetyan. Kapitadosan-ipun Abraham punika lajeng kaétang déning Allah minangka ‘kaleresan’. Prasetya ingkang ngandhut Sih Kamirahanipun Allah ingkang mekaten punika ugi badhé kaparingaken dhumateng sedaya tiyang ingkang ndarbèni

kapitadosan kados déné Abraham. Sedaya tiyang badhé wilujeng lan kaleresaken kanthi cara ingkang sami kaliyan nalikanipun Abraham kaleresaken.

Para Sedhèrèk ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Sang Kristus,

Pawartos Injil ngéngingi katresnanipun Allah ingkang milujengaken punika, prelu kawartosaken dhateng jagad supados andhatengaken éwah-éwahaning gesang. Kados pundi prekawis punika saged kelampahan? Ingkang sepisan, tiyang Kristen piyambak kedah saged ngalami éwah-éwahaning gesang kados déné Abraham, ingkang saèstu temen-temen pitados lan gesang adhedhasar lan manut kapitadosan ingkang dipun cepengi. Kaping kalih, tiyang Kristen sami purun suka paseksi dhateng jagad bilih gesangipun dados bukti sih katresnanipun Allah ingkang milujengaken, kanthi lampah gesang ing salebeting pitados, pangajeng-ajeng lan katresnan. Lumantar paseksi gesang ingkang mekaten punika, mila gesangipun tiyang Kristen badhé tansah nyunaraken katresnanipun Allah ingkang milujengaken. Kanthi mekaten punika, kita ugi sampun sami tumut cawé-cawé ing pakaryanipun Allah milujengaken jagad.

Punapa kita sedaya sami sumadya pitados kanthi gumalonging manah, lan tumut cawé-cawé ing pakaryanipun Allah ingkang ageng punika? Sumangga kita tetep mbudidaya, sesarengan kaliyan sedaya umatipun Allah ing jagad, tumut makarya ing pakaryanipun Allah ingkang milujengaken punika. Gusti Yésus mberkahi. Amin.

[sw/ytd]



Bahan Khotbah**Prapaska III****Minggu, 15 Maret 2020**

Waosoan I: Pang. 17:1-7
 Tanggapan: Mazmur 95
 Waosoan II: Roma 5:1-11
 Waosoan Injil: Yohanes 4: 5-42

**Pepanggihan
 Ingkang
 Nuwuhaken
 Éwah-éwahan**

**KHOTBAH JANGKEP**

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti Yésus,

Saking waosoan kita dinten punika, kita badhé sinau kalih prekawis. *Ingkang sepisan*, lelampahan ing Rafidim (Pangentasan 17:1-7; bebantahan ing salebetung warga masyarakat ingkang sakwerni {homogen}): prekawis nyekapi kabetahan dhasar lan kados pundi nyartakaken pangwaosipun Allah dados sarana ngrampungi prekawis. Cara ingkang dipun ginakaken inggih punika modhèl pepanggihan lan wawan rembag tunggal (*singular*). Cara punika sipatipun setunggal arah kémawon, inggih punika saking ingkang darbé pangwasa inggil lan wenang mutusaken karampunganing prekawis tumuju ingkang sami kaerèh.

Lelampahan ing Rafidim kawiwitan nalikanipun bangsa Israèl ngalami katelasan toya. Bangsa kalawau lajeng nggrundel lan kanthi waringutan nglepataken Musa minangka pimpinaning rombongan. Ingkang lajeng njalari Musa rumaos jèngkèl inggih punika tuwuhipun pitakénan saking umat nalika ngadhepi kasisahan kalawau: “punapa Gusti Allah èstu rawuh ing tengah-tengah kita” (ay 7). Punika ingkang winastan téodisi (*théos*= Gusti, *diké*= kaadilan) ingkang ngemot pitakénan bab kalenggahanipun Allah wonten ing pundi nalika umatipun

nembé nandhang kasisahan. Tembung Téodisi nggadhahi makna mangertosi punapa Allah sampun saèstu tumindak adil dhumateng umatipun. Gusti nimbali Musa ngajak para pinisepuhipun bangsa Israèl dados seksi tumrap pakaryanipun. Mekaten ugi Gusti ndhwahuhi Musa migunakaken tekenipun dados sarana nyabet séla ing gunung Horeb. Gusti kepareng suka wangsuman dhateng sedaya prekawising gesang lumantar parang ingkang ngilèkaken toya. Lajeng cipta nama Masa lan Meriba minangka pangènget lelampaahan ing Rafidim kalawau. Nalika umat kagunganipun ngalami panandhanging gesang, Gusti Allah tansah rawuh saprelu paring pitulungan.

Lelampaahan punika saèstu narik kawigatosan kita sami, langkung-langkung menawi dipun pirsani saking sisih kepemimpinan lan prekawising gesang ing salebetung warga masyarakat sakwerni (*homogen*) sipatipun. Nadyan warga masyarakatipun sakwerni (*homogen*) sipatipun, nalika nindak-aken ayahan sesarengan saged kémawon thukul wontenipun sikep bebantahan setunggal lan setunggalipun, mliginipun menawi kabetahan dhasar gesang sosialipun mboten saged kacekapan. Kabetahan dhasar bab toya upaminipun. Cara ngrampungaken prekawis ing tengah-tengahing masyarakat sakwerni, tetéla langkung gumantung ing pangwaosing Allah. Pangwaos punika lajeng dados “daya suci” ingkang saèstu nemtokaken kanggé rampungipun prekawis katimbang sesambatan demokratis ing antawisipun para umat. Karawuhanipun Allah ingkang maha kuwaos ing saktengah-tengahing panandhang para umatipun, maujud ing pakaryan ingkang ngerameramaken (ajaib/mujizat). Punika dados jaminan utami kanggé ngiataken raos pitados dhumateng Allah dalah sikep pracaya dhiri nglampahi sedaya manékawarnining gesang candhakipun. Lelampaahan ing Rafidim, nedahaken sisi kajiwaniipun umat ingkang kalairaken saking pepanggihan wawan rembag ingkang nengenaken pangwaos tunggalipun sang pemimpin. Awit saking punika, nalika prekawisipun dèrèng saèstu saged katuntasaken

lan malah thukul malih, inggih sang pemimpin kalawau ingkang padatanipun badhé dipun lepataken.

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti kita Yésus Kristus,

Ingkang kaping kalih, kita nyinau wawan rembagipun Yésus kaliyan wanita Samaria (Yohanes 4:5-42). Ing mriki kita manggihaken punjeraning pirembagan ing tengah-tengahing masyarakat manékawarni kawontenanipun. Ing mriku caranipun nyekapi kebetahan dhasar masyarakat sami karampongaken sesarengan lumantar lampah krohanen. Ing mriki kita ugi nyeksèni kados pundi caranipun Yésus paring papan dhumateng tiyang ingkang béda-béda pakulinaning adat lan pamanggih, dalah ing bab budaya lan kapitadosan, kanggé tumut cawé-cawé nindakaken timbalan njembaraken Kratonipun Allah. Lelam-pahan punika dados conto modhèl pepanggihan *multiple dialogis*. Ing mriku pinanggih wonten-ipun pepanggihan wawan rembag ing antawisipun wanita Samaria kaliyan Yésus, ugi antawisipun wanita Samaria kaliyan masyarakat Samaria lan Yahudi.

Sumangga kita wiwiti sarana migatosaken sawetawis cathetan ingkang prelu:

a. Cap awonipun masyarakat Yahudi dhumateng tiyang-tiyang Samaria. Ing wekdal semanten, capipun masyarakat Yahudi dhumateng tiyang-tiyang Samaria, mekaten ugi kosok wangslipun, saèstu awon; mboten saé. Kenging punapa? Wonten alesan sejarah. Asal usulipun tiyang-tiyang Samaria punika saking pendhudhuk Israèl sisih lèr. Nalika taun 722 SM pendhudhuk punika dipun telukaken déning bangsa Asyur. Kawicaksananipun Asyur nalika semanten inggih punika mbekta sapérangan pendhudhukipun dhateng tanah pambucalan. Minangka gantosipun, bangsa Asyur nglebetaken tiyang amanca ngisèni lan gesang ing tlatah Israèl sisih lèr kalawau. Punika sedaya katindakaken kanggé mékani wontenipun pembrontakan. Kanthi mekaten

tiyang-tiyang Samaria kalawau kaanggep mboten murni malih. Tundhonipun kelampahan ugi wontenipun campuran ing bab budaya antawisipun tiyang-tiyang Samaria lan bangsa sanès ingkang manggèn wonten ing tlatah Israël sisih lèr punika. Sasisihipun punika, ing babagan pangibadah, tiyang-tiyang Samaria nganggep gunung Gerizim dados Bait Sucinipun Allah, déné tiyang-tiyang Yahudi mitadosi bilih Yerusalem punika ingkang mujudaken Bait Sucinipun Allah.

- b. Sujarah sakiting manah.** Nalika tiyag-tiyang Yahudi saking kraton Yéhuda wangsal saking pambucalan, tiyang-tiyang kalawau wiwit ngrumusaken jati dhiripun malih minangka tiyang Yahudi. Mila lajeng kathah dipun damel lan tetepaken manékawarni pranataning gesang agami. Murnining rah (keturunan) Yahudi saëstu dipun tengen-aken anjalari thukulipun sikap kirang utawi malah mboten urmat dhateng tiyang-tiyang Samaria. Sesambetan kekalih suku bangsa punika dados sangsaya risak mliginipun nalika ing taun 128 M, Yohanes Hirkanus, mimpin ngancuraken Bait Sucinipun tiyang-tiyang Samaria, ingkang wonten ing bukit Gerizim kanthi ancas ngelar jajahan Judea. Awit saking punika sesambetan ing antawisipun tiyang-tiyang Yahudi lan Samaria tansah dipun èbeki déning raos memengsahan. Dados cetha bilih sesambetan ingkang mboten akur kados mekaten punika dipun jalari saking praktek gesang agami ingkang béda ing antawisipun tiyang-tiyang Yahudi lan Samaria, saksisihipun ugi wontenipun raos sakit manah ing sejarah panggesanganipun. Tundhonipun sesambetan sosial-ipun kalih suku bangsa punika, mboten naté salaras.

Dados lelampahanipun Yésus, tiyang Yahudi, ingkang karsa wawan rembag kalaiyan wanita Samaria (tanpa nama) punapa malih nyuwun pitulungan nyukani toya saking sumuripun Yakub, ndadosaken lelampahan punika asipat cecengkahan. Éwa semanten lelampahan ingkang cecengkahan punika saya

nedahaken bilih Yésus nembé ndadosi talining sesambeten ingkang risak antawisipun tiyang-tiyang Yahudi kaliyan tiyang-triyang Samaria. Ingkang kaanggé pancadan nindakaken pakaryan punika inggih punika kabetahanipun saben tiyang dhateng toya. Kawontenan sayah, awit lumampah tebih, ndamel tiyang ngraos salit, lan mbetahaken toya kanggé mgombé. Yésus miwiti wawan rembagipun kanthi ngandika: “*Aku wènèhana ngombé*” (ay 7). Namung kémawon wangssulan-ipun wanita Samaria punika saèstu nggamarbaken kenyataning sosial nalika semanten ing antawisipun tiyang-tiyang Yahudi kaliyan Samaria, ingkang mboten naté sesrawungan setunggal lan setunggalipun (ay 9): “*Kados pundi déné panjenengan tiyang Yahudi, ngersakaken saking kula tiyang Samaria*”.

Yésus migunakaken wawan rembagipun kaliyan tiyang Samaria punika kanggé maknani secara lebet bab toya minangka kabehatan dhasar gesang padintenan. Toya nyawisaken dhirinipun kanggé sedaya tiyang ingkang graos salit, mboten preduli sukunipun, budayanipun, agaminipun, lan sakpanunggalanipun. Yésus lajeng mbekta wawan rembagipun sangsaya lebet, ngantos Panjenenganipun nawèkaken “sumbering toya gesang langgeng”. Menawi pancèn wonten toya ingkang njalari tiyang pikantuk gesang langgeng, mesti saben tiyang badhé ngraos kasengsem lan kepéngin ngupadi wonten pundi dunungipun. Punika sanès toya limrah, nanging “toya ajaib” ingkang ndamel tiyang mboten ngraos ngelak malih. Kanthi toya punika tiyang mboten prelu nimba malih ing sumuripun Yakub, punapadéné ugi badhé kaluwaran saking reraosaning warga masyarakat amung karana béda suku lan agami. Wanita Samaria punika tetéla sangsaya tambah greget, malah ugi lajeng nglirwakaken béda-bédaning suku, budaya lan agami nalika dipun tawèni bab “toya gesang langgeng”. Wonten ing pundi sumbering toya gesang langgeng punika? Ing mriki Yésus nembé nepangaken dhiri pribadinipun minangka “toya gesang” ingkang saged katimba lan dipun alami déning sedaya tiyang.

Yésus wiwit nepangaken kalenggahan pribadinipun minangka sumber “toya gesang langgeng”. Wonten kalih prekawis ingkang cengkah. *Sepisan*, cengkah antawisipun “toya sumur” lan “toya gesang”. *Kaping kalih*, cengkah antawisipun Yakub lan Yésus. Kanggénipun tiyang-tiyang Yahudi lan Samaria, Sumur Yakub saèstu misuwur dados papan makempal sesarengan (*public space*) kanggénipun kalih suku bangsa punika. Toya saking sumur punika pikantuk dipun timba déning sedaya tiyang Israèl. Tiyang-tiyang Samaria padatanipun milih wekdal sepi antawisipun jam 12-14 siang, kanggé mendhet toya kanthi pangangkah mboten badhé pinanggih tiyang-tiyang Yahudi. Pakulinan punika ugi ingkang nembé dipun lampahi déning wanita Samaria. Piyambakipun mendhet toya ing wanci tengah raina. Yésus wawan rembag kaliyan piyambakipun saprelu nedha toya ingkang saking sumur Yakub punika. Namung salajengipun Yésus nawèkaken “Toya gesang”. Toya gesang punika pinangkanipun saking Allah lan kaparingaken namung dhateng tiyang ingkang nampèni lan pitados dhateng utusanipun Allah. Yésus nembé mancing pangertosanipun wanita Samaria punika, ngengingi sinten ta Panjenenganipun punika. Inggih punika cecengkahan ingkang pinanggih, toya sumur cipta déning Yakub bapa leluhuripun Israèl, déné “toya gesang” katampi saking Allah sarana nampèni lan pitados dhateng Yésus minangka Sang Mesih.

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti Yésus,

Yésus ngarahaken wawan rembagipun dhateng satunggiling sarat supados pikantuk toya gesang kalawau. Dumadosipun éwah-éwahaning pamanggih lantaran wontenipun pepanggihan kawiwanan saking dhiri pribadinipun piyambak (wanita Samaria), ingkang sumadya nindakaken koreksi tumrap pamanggih sakdérèngipun ingkang tetéla kelintu ngéngingi tiyang Yahudi ingkang sakyektosipun satunggiling Rabbi, lan malah Sang Mesih. Korèksi ugi katindakaken dhateng sikeping gesang padintenan, nikah langkung saking sepisan, lan

nalikanipun pinanggih kaliyan Yésus piyambakipun nembé lampah zinah. Awit garwa ingkang gesang sesarengan kaliyan piyambakipun punika, tetéla sanès garwanipun sacara pranata ning masyarakat lan agami. Nglengganani sedaya prekawis punika saèstu mitulungi wanita Samaria kalawau sangsaya tinarbuka dhateng prekawis-prekawis ingkang bédha pinanggih sanjawining dhiri lan suku bangsanipun. Piyambak-ipun ngrumaosi sedaya dosa-dosanipun, nampèni koreksining gesang saking Yésus lan tansah sumadya mirengaken dhawuhipun.

Pérangan pungkasan pepanggihan ing antawisipun wanita Samaria kaliyan Yésus, paring sasmita bab kekendelan ingkang ageng kanggé nglampahi wawan rembag kanthi tinarbuka ing tengah-tengahing kawontenan masyarakat ingkang manéka warni sipatipun, tanpa kedah kécalan sikeping pitados sacara pribadi dhateng Yésus Sang Mesih. Punika mujudaken modhel wawan rembag dhedhasar pengalaman gesang padintenan: saged kawiwitam saking kabetahan dhasar umum ingkang dipun darbèni déning manungsa (kados ta toya kanggé ngicali raos salit), ngantos dumugi prekawis pribadi ngenggingi caraning gesang ingkang nalingsir saking pranatan sosial agami. Pengalaman wicanten jujur, lan blak-blakan ngakeni kalenggahan dhiri pribadi minangka tiyang dosa (kados déné pangakenipun wanita Samaria: Pyambaké ngandikakaké samubarang kang dak lakoni), ndamel wanita kalawau sagah nampèni gesang kasunyatanipun ingkang nikah ngantos kaping gangsal lan samangké gesang sesarengan kaliyan priya sanès ingkang sanès semahipun. Sedaya punika dipun akeni minangka tindak dosa. Wanita Samaria ingkang pinanggih kaliyan Yésus milih ngakeni sinten ta piyambakipun punika. Pangaken punika inggih lajeng mbekta wanita kalawau ngrumaosi kaluwaran saking kala jireting sosial. Wekasanipun wanita kalawau sagah netepaken kewajiban lan jejibahan ing dhiri pribadinipun kanthi nglampahi gesang anyar ing salebetung kaleresan nampèni lan pitados dhateng Yésus Sang Mesih. Piyambakipun punika wanita Samaria ingkang dosa, nanging piniji déning

Yésus dados margi martosaken kabar kasukan dhateng warga Samaria sanèsipun. Ayat 29: “*Ayo padha delengen, ing kana ana wong kang ngandhakaké marang aku sakkabèhing lelakonku*”). Piyambakipun saged kadumugèn nggayuh sumbering “Toya gesang langgeng” sarana nampèni lan mitadosi Yésus (tiyang Yahudi) punika, minangka Rabbi ingkang memulang bab maknaning gesang. Punika sedaya mbekta piyambakipun dumugi ing pangaken bilih Yésus punika Sang Mesih.

Wanita Samaria punika wekasanipun dados pribadi ingkang ndarbèni pracaya dhiri kanggé suka paseksi bab Yésus minangka toya gesang langgeng ing satengahing masyarakat manékawarni, Samaria lan Yahudi (kawakilan déning para muridipun Yésus ingkang kaeraman - ay 27). Sasampunipun wawan rembag sacara lebet kaliyan Yésus, wanita Samaria kalawau ndarbèni kekendelan anyar nglampahi gesang tinarbuka ing satengahing masyarakat. Pengalaman punika katampi punapa wontenipun déning tiyang sanès ingkang béra suku lan cara gesang agaminipun. Kanyatan punika malah mitulungi wanita Samaria kalawau madeg dados dhiri pirbadinipun piyambak ing satengahing warga masyarakat Samaria. Punika ingkang winastan margining karohanèn, inggih punika nalika wanita Samaria kalawau manggihaken makna anyar tumrap “toya gesang” saha caranipun nglampahi gesang sacara leres kanthi pracaya dhiri, supados saged nggayuh kalanggenganing swarga srana ngakeni Yésus minangka Rabbi lan Mesias (juru slamet) pribadinipun.

Sasisihipun punika, caranipun Yésus maringi papan tiyang-tiyan ingkang béra padat pakulinan lan pamanggih saé ing bab budaya lan kapitadosan kanggé tumut cawé-cawé nindakaken timbalan njembaraken Kratonipun Allah, saèstu dados conto modhel pepanggihan *multiple dialogis*. Ing mriki kelampahan wontenipun pepanggihan antawisipun wanita Samaria kaliyan Yésus lan wanita Samaria kaliyan warga masyarakat Samaria

lan Yahudi. Pepanggihan punika dados kalodhangsan dumadinipun éwah-éwahaning swasana sesambutan. Ingih ing péongan punika mila Yésus saged winastan: “*nyebar lan ngundhuh/manèni*”. Mekaten ugi nalika Yésus mangsuli pitakènanipun para murid “wus wektuné mangan” (ay 31-34). Yésus nyebar dhumateng wanita Samaria, lan wanita Samaria ugi nyebar dhumateng warga masyarakatipun. Nalika rombonganipun tiyang-tiyang Samaria dhateng nyaketi Yésus saprelu mirengaken piyambak lan wawan rembag langsung kaliyan Panjenenganipun, punika ingkang winastan woh/panènan saking wawan rembag pribadi kaliyan tiyang ingkang kawogan. Yésus sampun nindakaken karsanipun Allah lan ngrampung-aken pakaryanipun (ay 34) ing satengahing warga masyarakat Samaria. Piyambakipun jumeneneng dados pantara ingkang ngraketaken kalih suku bangsa punika, lumantar wawan rembag ingkang tinarbuka lan jujur, satemah wohipun saged ngraketaken tiyang-tiyang Samaria kaliyan tiyang-tiyang Yahudi.

Sacara kajiwan, pepanggihan wawan rembag ingkang asipat *multiple dialogis* punika saged mitulungi kita manggihaken underaning pasarujukan, supados kanthi énggaring manah, mardiika lan tatag tanggon mutusaken karampunganing prekawis saksae-saénipun. Punika sedaya badhé saged dipun alami awit saking kasagahanipun saben tiyang mlampah lan sinaiu sesarengan gesang kaliyan asanès ingkang ndarbèni bédanening kawontenan.

Lumantar wawan rembag ingkang tinata ancas tujuanipun, sinarengan raos pitados dhateng murnining pengalaman gesang pribadi, saben tiyang badhé nggadhahi kekendelan suka paseksi ngenggingi kaleresan, ing pundia papan, wekdal lan masyarakat. Awit ing tengah-tengahing wekdal wawan rembag punika, saben pribadi badhé ngraosaken katampi lan kapitados déning asanès satemah sagah nindakaken wawan rembag lan manggih-aken underaning pasarujukan kanggé nggayuh karaharjaning gesang.

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti Yésus,

Kados pundi menggah kita sedaya? Kados pundi caranipun supados kita setunggal lan setunggalipun ndarbèni kekendelan suka paseksi bab pengalaman gesang pitados kita piyambak-piyambak ngèngingi Gusti kita Yésus ing satengah-tengahing masyarakat ingkang manékawarni? Sumangga kita sami sesareangan sinau bab cara nindakaken paseksi ingkang kinurmatan kados déné ingkang sampun katindakaken déning wanita Samaria kalawau:

1. Kita wiwiti saking dhiri pribadi kita piyambak.

Sumangga kita bucal raos sesinggetan ingkang thukul awit wontenipun sejarah cap awon ingkang kita darbeni tumrap tiyang sanès ingkang bédha kaliyan dhiri kita ing samudayanipun. Punika kita lampahi srana nyariosaken kanthi jujur lan tulusing manah, sejarah panggesangan kita piyambak setunggal lan setunggalipun (*self story*). Sumangga kita nggegulang gesang karohanèn kita kanggé manggihaken makna lan tujuaning gesang wonten ing tengah-tenghaing jagad punika. Punapa ingkang kita sinaoni saking wanita Samaria ing nginggil saged dados modhel manggihaken padhanging manah pribadi: nalika wiwitaniipun namung manggihaken tiyang ingkang ngelak betah toya, lajeng manggihaken suku Yahudi, lajeng rabbi, lajeng nabi, lan wekasaniipun Sang Mesih. Wanita Samaria kalawau mbudidaya saged ngawonaken tiyang ingkang ngelak kalawa, piyambakipun ugi mboten remen dhateng tiyang suku Yahudi kalawau, punapa malih tiyang kalawau sampun ngudhar wewadining gesang nenikahanipun wanita kalawau, wanita kalawau inggih lajeng ngina lan ngréméhaken tiyang kalawau, nanging wekasaniipun wanita punika ngakeni, nampèni lan mitadosi Yésus minangka Sang Mesih. Punika ingkang winastan *self-awareness (nglenggana kawontenaning dhiri)*.

2. Nyariyosaken pengalaman gesang pitados kanthi jujur lan tulus ing tengah-tengahing warga masyarakat paling caket kaliyan gesang padintenan kita.

Wanita Samaria kalawau milih caranipun piyambak kanggé nyariyosaken pengalaman pribadinipun pinanggih kaliyan Yésus, inggih punika tangga tepalihipun piyambak. Kanthi mekaten piyambakipun mesthi nguwaosi adat pakulinan ingkang kadarbé. Ingkang saged nggampilaken anggènipun nindakaken paseksi ngantos dumugi kapitadosanipun bab Yésus minangka Sang Mesih. Nyariyos-aken punapa ingkang saèstu dipun alami ing salebetung gesang, mesthinipun sanès prekawis ingkang angèl. Nanging nyariyos-aken kanthi jujur lan tulusing manah, mbetahaken kasabar-ning manah lan kawicaksanan. Namung kémawon inggih prekawis ingkang mekaten punika ingkang saged kita wiwit tindakaken ing tengah-tengahing masyarakat lan mboten sami kablithuk déning cap awon ingkang kadarbe ing wekdal kapengker.

3. Ngraos darbé jejibahan lan tanggel jawab madeg dados pawarta bab gesangging pitados ing tengah-tengahing warga masyarakat ingkang manékawarni. Punika katindakaken sarana madeg dados talanging pepanggihan wawan rembag. Yésus sampun madeg dados juru panerang kadospundi saged dados talanging pepanggihan wawan rembag ing satengah-tengahing warga masyarakat igkang manékawarni kawontenanipun kanthi cara kinurmatan. Panjenenganipun milih kanca wawan rembag ingkang cocok lan pas. Punika katindakaken kanthi mitadosi sawetahipun dhateng kanca pirembagan kalawau, saha mbereg piyambakipun ndarbèni ugi raos pracaya dhiri (*self-trust*) anggènipun nampèni kanyataning gesang padintenan. Kanthi punika piyambakipun kaajab ndarbèni kekendelan migunakaken adat pakulinan gesang padintenanipun minangka pirantos ngleksanani wawan rembag bab pinanggihipun makna énggal tetepangan kaliyan Yésus (lampahe karohanèn), dados jejereng pirembagan kaliyan asanès (*the other*).

Nalika kita sedaya wantun wiwit ngicali raos sesinggetan ingkang pinanggih, saha wantun nyariosaken pengalaman gesang pitados kita kanthi jujur lan tulusing manah kalis saking cap-cap awon ingkang kita darbeni sadèrèngipun, punapadéné ngraos nggadhai jejibahan lan tanggel jawab madeg dados pawarta gesang pitados ing tengah-tengahing warga masyarakat, pepanggihan wawan rembag kita saèstu badhé mbekta wontenipun éwah-éwahaning gesang. Mboten kesupèn bilih ing sedaya lampah punika kalawau, kita pitadosi bilih Gusti Yésus piyambak ingkang kedah jumeneng madeg Sang Guru Sejati kita. Amin.

[nm/ytd]



**Bahan Khotbah
Prapaska IV****Minggu, 22 Maret 2020**

Waosan 1: 1 Samuel 16:1-13.

Tanggapan: Mazmur 23

Waosan II: Efesus 5:8-14

Waosan Injil: Yohanes 9:1-41

**Martosaken
Pakaryanipun
Gusti****KHOTBAH JANGKEP**

Pakulinan nuturaken cariyos secara lisan (ndongèng), èstu dados warisan ingkang langkung wigatos katimbang pakulinan nyerat. Warisan budaya ingkang mekaten punika saged dados jalaran kita rumaos gampil kanggé nuturaken sedaya prekawis ingkang kita alami ing salebetung gesang. Pancèn pakulinan nyariyosaken secara lisan mekaten punika, ugi nggadhahi kekirangan-kekiranipun, ing antawisipun bilih cariyosipun kirang jangkep keteranganipun, punapadéné wontenipun lumpatan-lumpatan ing pamikir. Prekawis-prekawis ingkang mekaten punika mboten patos dipun alami déning pakulinan nyerat. Nadyan ing salebetung pakulinan tutur pinanggih wontenipun kekirangan-kekiran, nanging paling mboten ing salebetung cariyos kalantaraken, para pamiyarsa saged nangkep wosing cariyos. Nalika Ernst Cassirer nyebataken bilih manungsa punika "mahluk symbol", piyambakipun nandhes-aken bilih punapa kémawon ingkang katindakaken déning manungsa, èstunipun mujudaken simbol ingkang nglantaraken satunggiling wartos tertemtu. Mekaten ugi lumantar punapa ingkang kauca-paken utawi kacariyosaken, mesthi wonten pesen gumathok ingkang kinandhut ing salebetung pocapan utawi cariyos kalawau.

Manungsa, salebetung nglampahi gesang padintenanipun mesthi kémawon ngalami pasang suruting gesang. Éwa semanten ing

salebeting lampah gesang ingkang mekaten punika, èstunipun kathah prekawis ingkang saged dipun maknani minangka wujud karawuhan lan campur astanipun Allah ing sauruting lampah gesang kalawau. Ing sisih sanès, manungsa mboten badhé saged nyélaki punapa ingkang kedah kalampahaken saha kados pundi ngetingalaken tanggel jawabipun kanthi sikep ingkang prawira. Awit saking punika, maknani kerawuhan lan campur astanipun Allah ing salebeting lampah gesang, dalah suka paseksi ing prekawis punika saèstu dados tanggel jawab ingkang mboten saged dipun sélaki déning seben tiyang pitados.

Para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti Yésus, Punapa ingkang dumados lan kita lampahi ing gesang padintenan kita samangké mesthi kémawon mboten sami kaliyan lampah gesangipun Daud nalika semanten. Éwa semanten, menawi kita taksih sami sacara nyata saged nglajengaken gesang padintenan kita piyambak-piyambak, nélakaken ugi bilih lampah gesang kita punika mboten naté uwat saking pangrimat lan campur astanipun Allah piyambak. Gusti nindakaken sedaya pakaryan pangrimatipun dhumateng kita lumantar sedaya berkah peparing ingkang dipun paringaken dhumateng kita, sanadyan kala kita ugi kedah makarya kanthi tegen lan jujur kanggé mapag berkahipun Allah punika. Menawi panyambut damel kita saged ngedalaken woh ingkang murwat kanggé nyekapi kabetahan kita, lan srana mekaten lampah gesang kita saged ngetingalaken greget ingkang saé, nadyan ta kita kedah ngadhepi manékawarni godha rencana, tuwin pepalang, kita mesthi mboten badhé dhumawah ing dosa awit saking pangrimat tuwin campur astanipun Pangéran. Mekaten ugi menawi kita saged ngraos aman, ayem lan tentrem, punika mboten sanès ugi awit saking pakaryan pangrimat tuwin campur astaniun Gusti piyambak.

Ing salebeting kasunyataneing gesang ingkang kita alami, kita sami katuntun kanggé ndarbèni sikep pitados kados déné Daud. Daud maknani Allah ingkang makarya punika, pindhanipun

Sang Pangen ingkang saé. Pengèn nyekapi sedaya kabetahan-ipun ménda ingkang dipun engèn, kalebet njamin kaamanan lan kawilujenganipun para ménda, satemah kalis saking raos ajrih. Awit saking punika, gesang padintenan kita punika prayogi kita lampahi minangka pérangan raos sokur dhumateng Gusti. Pangucap sokur punika mboten winates namung ing pocapanipun lambé kémawon, ananging kacetha ugi ing sedaya tandang tanduk panggesangan padintenan. Lumantar pitedahipun, Rasul Paulus mulang kita sedaya supados saged madeg dados pepadhang, inggih punika nglampahi gesang mboten kados tiyang ingkang wangkot, nanging tiyang ingkang wicaksana. Tegesipun, sakdérèngipun tumindak, prelu langkung rumiyin dipun timbang-timbang migunani lan mbotenipun kanggé karaharjaning gesang. Gesang minangka putra pepadhang, badhé kapratandhan déning wohig pakarti ingkang tansah andhatestaken kasaénan, kaleresan lan kaadilan tumrap sesami.

Para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti Yésus, Gesangipun manungsa punika mboten mandheg. Gesang badhé tansah ngraosaken éwah-éwahan, silih gumanti ing antawisipun bingah, sisah lan sakpiturutipun. Nglampahi gesang ingkang sarwa mbingahaken punika gampil. Kosok wangsulipun, nglampahi gesang ingkang kebak ing kasisahan awit wontenipun panandhang, punika mboten gampil malah kapara kathah tiyang ingkang mboten sagah nglampahi. Manékawarnining panandhang, dados pérangan kasunyataning gesang. Ngadhepi manékawarnining panandhang ingkang mekaten punika, manungsa nggadhahi sikep ingkang béda-béda. Wonten ingkang ngadhepi kanthi raos nalangsa, wonten ugi ingkang ngadhepi kanthi raos kebak pangajeng-ajeng. Leres bilih sikep ingkang mekaten punika mujudaken keputusanipun manungsa ingkang saged kapilih. Nanging adhedhasar piwulangipun Injil Yohanes ingkang sampun kawaos ing nginggil, kita pikantuk piwulang tigang (3) prekawis:

1. Mboten samesthinipun kita njeksani tiyang ingkang nembé nandhang prihatos karana dosa-dosa ingkang sampun

katindakaken, saé déning tiyang sepuhipun punapadéné para leluhuripun. Sikep ingkangmekaten punika mboten badhé migunani tumrap tiyang ingkang nembé nandhang utawi kanggé éwah-éwahaning gesang pitados kita tumuju dhateng kasampurnanipun.

2. Kita kawulang supados tansah nggadhahi sikep sumanak dhateng sinten kémawon ingkang nembé ngraosaken panandhang. Gusti saged kémawon ngagem kita sedaya dados pirantos mratélakaken pakaryanipun. Punika saged kacetha menawi kita ugi tumut ngraosaken panandhangipun (*émpati*) sedhèrèk kita ingkang nembé nandhang sisah. Tumindak ingkangmekaten punika saged dados sarana kita tumut ngènthèng-ènthèngaken momotaning gesang ingkang nembé sinandhang.
3. Saupami kita piyambak nembé ngalami panandhang, kita ugi winulang supados mboten nglepataken asanès. Punika prelu kita raos-raosaken kanthi saèstu, awit nalika manungsa ngalami panandhang, asring tuwu panggodha madosi lepatipun tiyang sanès. Nanging waosan saking Injil Yohanes kalawau nuntun kita sedaya tetep pitados badhé wontenipun sih kamirahanipun Allah ingkang tansah tinenun ing saranduning gesang kita. Ing salebeting panandhang, kita ugi sami dipun ajak saged ngraos-ngraosaken kanthi kebak kawaskitan bab maknaning panandhang lumantar kaca tingaling pitados, satemah gesang kita sangsaya kadhewasakaken. Wusananiipun, kita sedaya ugi dipun bereg saged nuturaken pakaryanipun Allah ingkang sampun binabar ing salebeting gesang kita. Sedaya punika kelampahan mboten sanès ugi karana welas asihipun Allah dhumateng kita para manungsa.

Nglampahi gesang ing antawisipun nampèni nanging ugi mratélakaken pakaryanipun Gusti, sanès prekawis ingkang gampil, awit mesthi wonten pituwasiipun. Nanging, kanthi mitadosi pakaryanipun Sang Kristus ndhewasakaken pitados kita, kita ugi badhé kasagedaken suka paseksi bab pakaryan-

ipun Allah lumantar sawetahing gesang kita, kanthi kebak kawicaksanan, amrih ngederalaken wohing kasaénan, kaadilan lan kaleresan.

[swd/ytd]



**Bahan Khotbah
Minggu V Pra-Paska****Minggu, 29 Maret 2020**

Waosoan 1: Yéhezkièl 37:1-14

Tanggapan: Jabur Masmur 130

Waosoan II: Roma 8:6-11

Waosoan Injil: Yohanes 11:1-45

**Pitados
dhumateng Allah
ingkang
Nggesangaken****KHOTBAH JANGKEP**

Gesangipun manungsa mboten naté uwal saking kasangsaran. Salebetipun nglampahi gesang ing alam donya punika, manungsa asring dipun aben-ajengaken kaliyan marupi-rupi kasangsaran lan kasisahan. Émanipun, mboten sadaya tiyang nggaduhahi kasagedan kanggé nanggulangi marupi-rupi pakeweting gesangipun ngantos karaosaken awrat lan mboten gampil dipun udhari. Angèlipun nanggulangi pakèwet lan awrating kasangsaran ingkang kedah kasanggi saged nuwuuhaken solah tingkah mboten gadhah pangajeng-ajeng, kuciwa, sarta mboten gadhah daya. Marupi-rupi kasangsaran saha kasisahan saged njalari satunggaling tiyang nggaduhahi solah tingkah sumarah, asor, tuwin mboten kagungan gregeting gesang kanggé gumréghah saking karisakan.

Lumebet ing Minggu Prapaska kaping gangsal punika, umat kasuwun sinau pitados dhateng panguwaosipun Gusti Allah ingkang saged nggesangaken ingkang sampun pejah sarta maringi kakiyatan énggal kanggé mboten gampil rumaos kasoran utawi kablenggu déning marupi-rupi kasangsaran tuwin kasisahan.

Lumantar waosan lèksionari dinten punika umat kasuwun sinau nanggulangi sawernining kasangsaran tuwin kasisahan. Kanyataning pambuwangan dhateng ing tanah Babil ndadosaken bangsa Israèl kécalan pangajeng-ajeng saha nglokro. Icaling pangajeng-ajeng kagambaraken kadosdéné balung-balung ingkang sampun dados garing, pating slebar lan pejah.“Balung-balungku wis padha dadi garing, aku kabèh wus ora duwe pangarep-arep, aku wus padha sirna.” (Yéhezkièl 37:11). Pangucap kasebat maringi gambaran tumrap karisakaning bangsa Israèl. Minangka satunggalilng bangsa, Israèl kedah ngadhepi pait-getiring gesang, dados bangsa ingkang kasoran. Israèl kawon ing salebetting peprangan sarta dados bangsa jajahan. Bangsa Israèl gesang sangsara ing papan pambuwangan ing tanah Babil. Kawontenanipun bangsa Israèl saya ngrekaos amargi mireng pawartos jugrugipun Padalemanipun Allah. Kanggé bangsa Israèl, Padalemanipun Allah dados bombonging manah tuwin pusering gesang ngagami ingkang utami, samangké kantun reruntuhan. Iba risaking gesangipun bangsa Israèl. Sacara politik, ékonomi, saha kasukman, bangsa Israèl mboten gadhah daya malih.

Ing satengahing kawontenan ingkang kados makaten wa Gusti Allah kagungan ada-ada langkung rumiyin kanggé mitulungi bangsa Israèl. Lumantar nabi Yéhezkièl, Gusti Allah rawuh sarta nyantosakaken gregeting gesangipun bangsa Israèl ingkang sampun nglumpruk. Yéhezkièl 37:12-14 maringi gambaran iba agenging katresnan tuwin kamirahanipun Allah. Gusti Allah sumadya mitulungi sarta mulihaken malih pangajeng-ajeng ingkang sampun sirna. Balung-balung ingkang sampun garing sarta pating slebar katangèkaken malih ngantos gesang malih. Katresnan saha kamirahanipun Allah punika prelu dipuntanggapi déning bangsa Israèl kanthi solah tingkah pamratobat sarta kasetyan dhumateng Gusti Allah. Nabi Yéhezkièl ngajak umat kanggé tangi saking kaapesanipun. mBoten namung kablenggu déning kasangsaran ingkang dipun lampahi ngantos nyirnakaken pangajeng-ajengipun. Awit kasangsaran mboten

namung mligi ngewrat kasangsaran kémawon, ananging wonten katresnanipun Gusti Allah ingkang dipun-télakaken ing saben kasangsaran ingkang dipun lampahi. Balung-balung garing sarta pating slebar punika dipuntangèkaken ngantos gesang malih. Yéhezkièl ngajak umat supados wantun pitados dhumateng Gusti Allah ingkang saged nangèkaken sarta ngesangaken malih pangajeng-ajeng ingkang sampun sirna. Adhedhasar katresnanipun Allah punika umat kasuwun supados tangi, ménggalih ingkang prayogi saha mranata malih gesangipun. Wantun pitados tuwin nambut gesang anyar ingkang kaprasetyakaken déning Gusti Allah.

Injil Yohanes 11:1-45 nyariosaken lelampahanipun Maria tuwin Marta ingkang mrangguli kasisahan amargi pejahipun Lazarus. Pati mboten namung nuwuhaken kasisahan ananging ugi saged nyirnakaken grengsenging gesangipun satunggaling tiyang. Kathah rancangan ingkang sampun kacawisaken dados wurung. Kathah pangajeng-ajeng dados sirna amargi tiyang ingkang dipun tresnani tilar donya. Punapamalih menawi tiyang ingkang ngajal wau dados sumbering gesangipun brayat, badha kraos ajur sarta mboten gadhah daya. Kados makaten punika gambaraning gesangipun Maria lan Marta ingkang karaosaken risak lan tanpa daya amargi sédanipun Lazarus.

Brayatipun Lazarus kagungan sesambutan ingkang raket kaliyan Gusti Yésus. Gusti Yésus pancèn nresnani Marta, Maria dalah Lazarus. Puniaka sababipun nalika Lazarus nandhang sakit, Maria lan Marta ngaturi kabar dhumateng Gusti Yésus kanthi pangajab Gusti Yésus karsa nyarasaken Lazarus. Ananging Gusti Yésus mboten énggal rawuh ing Bétania kanggé nyarasaken Lazarus. Wusananiipun Lazarus tilar donya. Sasampunipun sekawan dinten Lazarus kasarèkaken, Gusti Yésus rawuh ing Bétania. Dadosa Marta punapadéné Maria rumaos kuciwa, amargi Gusti Yésus mboten énggal-énggal rawuh. Saupami Gusti Yésus énggal rawuh, temtu sadhèrèkipun mboten tilar donya.

Kasangsaran ingkang mblenggu Maria tuwin Marta nuwuhaken pamawas awon, rawuhipun Gusti Yésus kaanggep sampun telat, mboten wonten ginanipun malih. Sajatosipun Gusti Yésus sampun pirsa menawi Lazarus sampun tilar donya. Kados-kados wonten bab ingkang dipun jarag déning Gusti Yésus, kénging punapa Panjenenganipun mboten énggal rawuh nyarasaken Lazarus. Prakawis punika kaagem minangka sarana paseksi kanggé nedahaken bilih Panjenenganipun kuwaos nggesangaken tiyang pejah supados para murid sarta tiyang kathah sinau pitados (Yohanes 11:14-15). Kathah ing antawisipun tiyang-tiyang Yahudi ingkang nyipati, punapa ingkang sampun katindakaken Gusti Yésus, pitados dhumateng Panjenenganipun. Pakaryanipun Gusti Yésus anggènipun nggesangaken Lazarus mboten namung dados pralambang wungunipun tiyang pejah ing wekdal ingkang badhé kelampahan, ananging babar pisan ugi dados pralambang pulihipun gesang.

Maria tuwin Marta klèntu tampi dhateng tumindakipun Gusti Yésus anggènipun njarag nyemadosi nyarasaken Lazarus, ananging Gusti Yésus lestantun wonten ing misi ingkang kedah katindakaken. Sinaosa wewayanganing kasangsaran saya anteb karaosaken, prakawis punika mboten andamel katresnanipun Gusti luntur. Panjenenganipun mboten kablenggu déning kasangsaran, Panjenenganipun ugi mboten mlajar saking kanyatan pait ingkang kelampahan wonten ing sugengipun. Gusti Yésus lestantun rawuh mbabar katresnanipun Allah lumantar pakaryan-Ipun ingkang nggesangaken Lazarus.

"Apa Aku ora wus pitutur marang kowé: Angger kowé pracaya, kowé bakal weruh kamulyaning Allah?" (Yohanes 11:40).

Solah tingkah wantun pitados dhateng panguwaosipun Allah ingkang nggesangaken kedahipun dados greget tangi kanggé umat. Kasangsaran, pakèwed, bebaya, kapara kasisahan kénging kémawon tumanduk tuwin ndhatengi ing gesang kita manungsa. Ananging solah tingkah pitados dhateng pitulunganipun Gusti

Allah kedah tansah dipun uri-uri déning umat awit panguwaosipun Allah sembada nangèkaken tuwin nggesangaken malih pangajeng-ajeng ingkang sampun sirna.

Gusti Yésus Sang Sumbering Gesang, mulihaken manah ingkang rempu. Mulihaken malih pangajeng-ajeng ingkang sampun sirna. Ngiyataken grengsenging gesang ingkang sampun nglumpruk. Kasisahan sarta kasangsaran dipun éwahi dados kabingahan. Kadodéné Gusti Yésus nangèkaken Lazarus saking pakuburanipun, mila kita kasuwun sami milih tangi lan gesang. Umat kasuwun sinau pitados dhateng panguwaosipun Allah ingkang saged nangèkaken ingkang sampun pejah sarta maringi kakiyatanyar anyar kanggé mboten nungkul aris utawi kablenggu déning marupi-rupi kasangsaran sarta kasisahan.

Rasul Paulus ngantebaken bilih Roh ingkang maringi gesang punika panguwaosipun Gusti Allah ingkang nggesangaken tuwin mardikakaken. Panguwaos punika ngungkuli kakiyatani-pun manungsa. Panguwaosipun Rohipun Gusti Allah ingkang sampun mungokaken Gusti Yésus saking antawisipun tiyang pejah ngantos gesang malih. Panguwaos punika ugi ingkang badhé nangèkaken umat saking pejah, ngantos saged gesang malih. Rohipun Gusti Allah saged maringi greget, pambereg ingkang nggesangaken grengsenging gesangipun umat, ngantos gesangipun dipun-ilhami déning Rohipun Sang Kristus ingkang nyembadani umat tansah ngudi ngrawuhaken katresnanipun Sang Kristus ingkang nggesangaken. Amin.

[ds-den]



Bahan Khotbah **Minggu Palmarum**

Minggu, 5 April 2020

Waosan 1: Yésaya 50: 4-9a

Tanggapan: Jabur Masmur
118: 1-2, 19-29

Waosan 2: Filipi 2: 5-11

Waosan Injil: Matius 21: 1-11

Andhap-asor minangka Cirining Putranipun Allah



KHOTBAH JANGKEP

Andhap-asor punika satunggaling watak utawi *karakter* (sipat) ugi satunggaling pratingkah utawi *sikap* (tumindak). Andhap-asor kawastanan **sipat** amargi wonten ing wewengkon gagasan lan manah ingkang nggadhahi kakiyatan ageng ingkang ngasila-ken tumindakipun manungsa. Andhap-asor kawastanan **tumindak** amargi andhap-asor kedah mawujud ing salebetting solah-tingkah – solah-tingkah punika. Andhap-asor mecungul menawi sipat lan tumindak punika manunggil sarta samidéné njangkepi kadosdéné arta ingkang kadadosan saking kalih sisih ingkang nyawiji.

Kita mboten saged ngandika satunggaling tiyang punika andhap-asor menawi kita mboten mirsani wontenipun solah-tingkah andhap-asor ing salebetting gesangipun. Kosok-wangsulipun, kita ugi mboten sanalika saged mbundheli bilih satunggaling tiyang punika andhap-asor lumantar solah-tingkah – solah-tingkahipun amargi saged kelampahan pratingkah utawi tumindakipun punika satunggaling lelamisan sarta sanès wujud dèrènging manahipun ingkang sejati.

Agami tansah cèples kaliyan prakawis ingkang luhur lan utami, kadosta upaminipun kajujuran, katulusan, kaadilan, kaleresan sarta andhap-asor. Nalika agami sampun nilaraken prakawis

luhur lan utami kasebat, mila agami ingkang kedahipun kagungan praupan ingkang asrep tuwin tentrem badhé santun dados praupan kereng ngajrih-ajrihi. Agami ingkang kados makaten nganggep kalal sadaya cara kanggé nggayuh punapa ingkang dipun péngini, kalebet nrajang sadaya prakawis luhur tuwin utami kasebat.

Ing satengahing jaman ingkang kacirénan ngrembakanning tumindak jor-joran utawi tetandhingan kados wekdal samangké, angèl sanget manggihaken tiyang ingkang andhap asor. Kapara, mbokmenawi sampun tuwuh kawontenan mangamangu tumrap sapérangan tiyang bilih tumindak andhap asor sampun mboten jumbuh malih kanggé jaman samangké karana dipunanggep minangka pepalang tumrap kawontenan kasil, ngantos **andhap asor** wiwit dipun tilar déning sawetawis tiyang. Pepénginan sapérangan ageng tiyang kanggé “dados tiyang” (*to become someone*) sarta panampik kanggé dados “dudu sapa-sapa” dipunkinten dados jalaranipun. Wonten pamberek ingkang kiyat sanget wonten ing gesangipun saben tiyang kanggé dados tiyang *penting*, dados tiyang ingkang wigatos, sarta pikantuk pangaken saking wewengkon sakiwatenipun. Temahanipun, kelampahan wontenipun rebut jeneng, rebut unggul, lsp. kanggé dados *penting* sarta wigatos punika.

Pamanggih Kristen tumrap andhap-asor sampun gamblang sanget. Ingkang dados tetales sikap utawi solah-tingkah andhap-asor wonten pamanggilipun tiyang Kristen inggih punika pribadinipun Sang Kristus piyambak, wiwit saking Kaasoranipun ing salebetung Wiyosanipun Sang Kristus ing kandhang ménda, kaasoranipun wonten ing solah-tingkah padintenan ing Sugengipun Sang Kristus, ngantos dumugi kaasoranipun ing salebetung pangorbananipun Sang Kristus ing kajeng salib. Andhap-asor ingkang awatak Kristiani ugi asipat kosokbalèn kadosdéné ingkang sampun dipun ngendikakaken déning Sang Kristus: “Sing sapa gedhé dhéwé ana ing satengahmu iku dadia paladènmu. Lan sing sapa ngluhuraké awaké dhéwé,

bakal kaasoraké, déné kang ngasoraké awaké dhéwé bakal kaluhuraké.“ (Matius 23: 11-12). Yakobus ngantebaken prakawis punika wonten ing Yakobus 4: 10, “Esorna badanmu ana ing ngarsané Pangéran, sarta Panjenengané bakal ngluhuraké kowé.“

Wekdal punika kita wonten ing Minggu sakdèrèngipun Paska. Minggu punika padatanipun nggadhahi kalih sebatan, inggih punika Minggu Palmarum utawi Minggu Sangsaranipun Gusti Yésus. Wekdal punika kita kaémutaken dhateng punapa ingkang kedah kita lampahi wonten ing gesang punika kanggé kababar-ing shalom, tentrem rahayu ing Jagad punika. Sintena kémawon kita, kadospunapa kémawon adeg, kalenggahan, pangkat lan tataraning pasinaon kita, kita tinimbalan kanggé nggadhahi andhap-asoring manah minangka putranipun Allah amargi prakawis punika ingkang dipun kersakaken Panjenenganipun.

Lajeng ingkang dados pitakènan inggih punika, andhap-asoring manah ingkang kadospundi ingkang kedah kita gadhahi? Kénging punapa kedah makaten? Kadospundi caranipun supados kita lestantun nggadhahi andhap-asoring manah minangka putranipun Allah?

Filipi 2:5-11 nyebataken bilih satunggaling abdi punika satunggaling tiyang ingkang purun ngasoraken dhiri, purun ngladosi, langkung remen maringi tinimbang nagih. Tetembungan “ngasoraken dhiri” ing ngriki mboten ateges ndamel dhiri kita dados cilik ati (rumaos kirang) ananging mapanaken dhiri wonten ing papan ingkang langkung andhap ing salebetipun dados sami papanipun kaliyan sesaminipun, sarta mboten rumaos langkung inggil utawi langkung kinurmat-an tinimbang sanèsipun.

Kita minangka putra-putranipun Allah kalamangsanipun nyupèkaken tuladhanipun Gusti Yésus. Kalamangsanipun kita ngèndelaken dhiri kita nyarupèni Jagad punika. Menawi Jagad nglestantunaken wontenipun bédabédanipun kalenggahan, adeg, tataraning pasinaon, pakurmatan malah kapentingan,

asring gréja ugi nindakaken prakawis ingkang sami. mBoten klèntu, kawontenaning gesang masamuwan ugi mboten bènten kaliyan kawontenan ing sanjawining gréja.

Pakèwet-pakèwet ingkang kalamangsanipun prasaja dados ruwed amargi tiyang mirsani tiyang sanès langkung andhap saking dhirinipun. Wusananiipun, punapa ingkang ingkang dipunngendikakaken déning tiyang sanès wau tansah dipun anggep mboten wonten ajinipun, kepara kalamangsanipun mboten dipunpirengaken saèstu amargi sampun kagungan pamanggih awon sadèrèngipun dhateng tiyang ingkang saweg ngendikan. Mangka sintena kémawon tiyangipun, kadospunapa kalenggahanipun, tataraning pasinaonipun, sarta drajatipun ing satunggaling wekdal saged ngandika leres lan saé, ananging ing wekdal sanèsipun, saged kosokwangslipun. Awit saking punika, dipun betahaken samidéné purun ngasoraken dhiri ing salebetipun mirengaken sarta ngajèni tiyang satunggal kaliyan sanèsipun.

Lajeng menawi dipun dangu: Kénging punapa kita kedah nggadhahi pratingkah andhap asor? Wangsulanipun inggih punika amargi prakawis punika ingkang dipun karsakaken déning Gusti Allah. Gusti Yésus piyambak ngepyakaken dhiri minangka Mésias ingkang andhap asor, ingkang nglawan rodapeksa, ingkang martosaken bedhami dhateng bangsa-bangsa. Panjenenganipun pirsa bilih tiyang Israël, ingkang nalika semanten sesarengan kaliyan Panjenenganipun wonten ing arak-arakan nuju dhateng Yérusalèm kanggé ngriyayakaken Paska Perjanjian Lami (inggih punika riyaya pangluwaranipun bangsa Israël saking tanah Mesir), ngrembag bab sinten ta Panjenenganipun, punapa Panjenenganipun punika Juru Wilujeng, Mésias ingkang sampun kaprasetyakaken déning Gusti Allah ingkang kanthi gagah-prakosa saged ngentasaken bangsa Israël saking anggènipun dipunjajah déning Romawi.

Tiyang-tiyang ingkang ing dinten-dinten sadèrèngipun sampaun sami mirsani sarta menangi pandamel-pandamelipun Gusti Yésus ingkang ngédab-édabi, ing pundi Gusti Yésus nyarasaken tiyang sakit sarta nindakaken mukijijat-mukijijat ingkang ngéram-éramaken, ngajeng-ajeng saèstu bilih Gusti Yésus ugi badhé nindakaken mukijijat tuwin pakaryan ingkang ngéram-éramaken kanggé ngawonaken bangsa Romawi. Pangajeng-ajeng badhé rawuhipun Sang Mésias, Rajanipun bangsa Israël ingkang dipunsasabi déning kaunggulan punika saya kempel wonten ing arak-arakan punika, amargi tiyang-tiyang Israël nalika semanten saweg ngènget-ènget lelampahan pangluwaraning bangsanipun saking anggènipun dipunjajah déning Mesir.

Awit saking punika tiyang-tiyang wau nalika semanten nambut Guti Yésus minangka satunggaling Raja ingkang agung kanthi cara njèrèng panganggènipun ing margi ingkang dipun langkungi Gusti Yésus sarta sami ngrenggani margi kanthi nyebar pang-panging wit-witan. Tiyang-tiyang wau nalika semanten mempeng sanget sarta nguwuh-uwuuh pangucapipun, "Hosana konjuk ing Putranipun Daud, binerkahana ingkang rawuh atas asmanipun Pangéran. Hosana wonten ing ngaluhur." (Matius 21:9). Satunggaling panguwuh ingkang nedahaken pangajeng-ajeng sarta kapitadosanipun ingkang ageng dhateng rawuhipun Sang Pangluwar!

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Ing salebetung kawontenan ingkang makaten, Gusti Yésus wantun ngetingalaken béda kaliyan padatan. Panjenenganipun wantun nedahaken bilih Panjenenganipun rawuh mboten minangka Mésias ingkang majeng perang kanthi mbekta gaman kanggé nglawan bangsa Romawi, ananging minangka Mésias ingkang mbekta bedhamèn, Mésias ingkang andhap asor. Prakawis punika dipun téjakken wonten ing anggènipun nitih beloning kuldi, mboten nitih kapal utawi jaran ingkang tansah kaginakaken ing salebetung peprangan. Panjenenganipun kepéngin

nedahaken bilih Panjenenganipun rawuh mboten kanthi kakiyatating gaman ananging kanthi tumindaking katresnan.

Jagad mboten mbetahaken kumingsun amargi sampun kathah kumingsun ing Jagad punika. Jagad mbetahaken andhap-asoring manahipun satunggaling abdi kados ingkang dipun télakaken déning Gusti Yésus, satunggaling abdi ingkang ndhatengaken rerukunan, abdi ingkang wantun sarta saged nedahaken jati-dhirinipun ing satengahing Jagad ingkang béda kaliyan Panjenenganipun.

Lajeng, ingkang dados pitakénan candhakipun inggih punika: Kadospundi caranipun supados saged lestantun nggadhahi andhap-asoring manah? Yésaya 50:4-9a nimbali kita supados ngrumaosi bilih kita punika Abdinipun Gusti ingkang ugi kalebet “murid”. Tembung “murid”, saking basa Ibrani “*limudin*”, saking tembung kriya “*lamad*” tegesipun sinau, ngulinakaken. Tembung punika mboten nengenaken babagan kapinteran (kados ingkang kelampahan ing pamulangan) ananging langkung nengenaken gladhèn ing babagan pratingkah (*sikap*) utawi kapinteran (kaprigelan ing babagan ingkang sampun gumathok).

Ing satengahing jaman ingkang kebak tetandhingan kados ing wekdal samangké, angel sanget kanggé mangnihaken tiyang ingkang andhap asor. Kapara, mbokmenawi sampun tuwuhanawenan mangu-mangu kanggé sapérangan tiyang bilih andhap asor punika sampun mboten jumbuh malih kanggé jaman sapunika. Andhap asor wiwit dipun tilar. Awit saking punika, minangka putranipun Gusti, ing Minggu Palmarum punika, kita kasuwun supados andhap asor. Sumangga nuladha dhateng Gusti kita Yésus Kristus. Amin.

[ys-den]



Bahan Khotbah

Kemis Pethak

Kemis, 9 April 2020

Waosan 1: Pangentasan 12:1-14

Tanggapan: Jabur Masmur 116:1-2,
12-19

Waosan 2: 1 Korintus 11:23-26

Waosan Injil: Yohanes 13:1-17, 31b-35

Abdi ingkang Pitados



KHOTBAH JANGKEP

Ing salebeting mobah mosiking gesangipun manungsa, kita manggihaken kathah tiyang ingkang kepéngin dados ageng manut pamawasipun piyambak. Tiyang-tiyang punika mbudidaya kanthi marupi-rupi cara kanggé dados ageng ing panyawanging sesaminipun, saking kagiyatan pasinaonipun, sinau ing pasinaon resmi, dedagangan, karièr, lan sanès-sanèsipun. Kanggé nggayuh punapa ingkang dipun angen-angen punika, tiyang-tiyang wau saged nganggep kalal sadaya cara. Menawi ing nginggil wau sinau, karièr, lsp. punika dipunsebat, punika mboten ateges kagiyatan kasebat punika dosa. Ingkang dados bab ingkang prelu kita raos-raosaken sarta bab ingkang prelu dados tetimbangan kita inggih punika: Kénging punapa kita mboten mbudidaya supados dados ageng ing pamawasipun Gusti Allah? Dados ageng ing pamawasipun Gusti Allah punika nggaduhahi manah utawi gesang minangka abdi. Punika tiyang ingkang ageng lan kasinungan bandha kathah ing ngarsaning pamawasipun Gusti Allah.

Wonten ing Yohanes 13:1-17, kita manggihaken andharan gegayutan kaliyan manahipun satunggaling abdi. Saking andharan kasebat kita manggihaken cirining gesang satunggaling Paladosipun Gusti Allah. Cirinipun satunggaling

paladosipun Gusti Allah ingkang leres, sepisan: Nyambut damel sawetahing gesang kagem Bendaranipun. Bendara ing ngriki Gusti Allah piyambak. Punika satunggaling kawontenanipun gesang ingkang dipun urmati déning Gusti Allah, sarta èstuu-èstu wonten aosipun. Gesang ingkang kados makaten punika ingkang sampun dipunpanggihaken déning rasul Paulus luman-tar anggènipun ngraos-raosaken bujana suci (1 Korintus 11:23-26). Satunggaling tiyang ingkang gesangipun kagem Gusti Allah, kadosdéné prajurit ingkang saé, ingkang mboten mreduli dhateng panggesanganipun piyambak. Gesang minangka tiyang ingkang ngayahi wajib militèr Kraton Swarga ingkang kados makaten punika sampun awis-awis kita panggihaken wonten ing gesangipun tiyang pitados. Ananging punika cara gesang ingkang kedahipun kita gadhahi. Tiyang-tiyang ingkang kados makaten punika temtu mboten ngabdi dhumateng mamon. Satunggaling tiyang ingkang badhé ngladosi Gusti Allah mboten kepareng ménggalihaken gesang ingkang badhé dhateng mawi pamawasipun donya. Tembung “nandhang sangsara” wonten ing seratan babonipun inggih punika *sunkakopateson*, satunggaling “pasakitan utawi tiyang ukuman”, inggih punika kasangsaran ingkang kedah kita rembat karana ngladosi Gusti. Sampun temtu tiyang-tiyang ingkang kados makaten babar pindhah mboten njagakaken pituwasing kangélanipun. Kanggénipun tiyang ingkang kados makaten punika nandhang sangsara kagem Gusti Allah punika satunggaling pakurmatan ingkang mirungan.

Gusti Yésus ngandika dhumateng satunggaling tiyang ingkang badhé ndhèrèk Gusti Yésus: “Asu-wawar padha duwé rong, lan manuk ing awing-awang padha duwé susuh, nanging Putraning Manungsa ora duwé panggonan kanggo nyèlèhaké sirahé.” (Matius 8:20). Saking pangandikanipun Gusti Yésus kasebat, cetha sanget nélakaken bilih prayoginipun anggèn kita ndhèrèkaken Gusti Yésus mboten karana wontenipun jaminaning gesang tata kadonyan, ananging amargi nresnani Panjenenganipun. Prakawis punika ingkang dipuntawakaken

iblis dhumateng Gusti Yésus. Punika satunggaling pacobèn ingkang saking iblis: anggeripun Gusti Yésus karsa sumungkem sujud dhateng pangagenging pepeteng wau, mila Gusti Yésus badhé nampèni sadaya kamulyaning donya. Ananging Gusti Yésus nampik sarta paring panjawab: Pangéran Allahira, iku kang kudu sira sembah, sarta iya mung Panjenengané iku kang kudu sira bektèni. Sinten ingkang ndamel gesangipun dados sobatipun donya, piyambakipun punika mengsahipun Gusti Allah. Ampun ngantos kados Yudas, utawi Démas ingkang kapéncut dhateng donya ngantos nyidrani Gusti Yésus. Paladosipun Gusti mboten kénging dados abdinipun arta. Pratingkah makaten punika kedah kawiwitan dinten punika, sampun ngantos kita pados papan paladosan namung karana arta. Paladosan sanès papan kanggé mbebedhag pados arta, ananging papanipun jiwa ingkang dipunéwahi dados mèmper kaliyan Gusti Yésus.

Gesang ing salebeting pangrèhipun Gusti Allah. Kita kedah nampi kanyatan bilih ing sakjawining pangrèhipun Gusti Allah punika gesang ingkang mboten tumata, bibrah, lan ngener dhateng karisakan. Dados paladosipun Gusti Allah punika dados satunggaling tiyang ingkang tumungkul dhateng pangrèhipun Gusti Allah. Wonten ing Paladosanipun, rasul Paulus namung gesang laras kaliyan rancangan sarta karsanipun Gusti Allah. mBoten wonten dinten ingkang tanpa nyambut damel. Tansah gesang kagem Gusti. Sadaya prakawis ingkang kita tindakaken punika kagem kaluhuranipun Gusti Allah (1 Korintus 10:31). Gusti Allah ngawuningani talenta kita sarta sadaya peparing mirungan-Ipun. Panjenenganipun pirsa ing pundi kita kedah mapanaken dhiri. mBoten dumunung ing papan ingkang kedahipun dados papaning gesang, punika satunggaling kapitunan sarta sayahing gesang.

Tiyang pitados ingkang mbudidaya damel renamung pénggalih-ipun Allah Sang Rama punika pribadi-pribadi ingkang ngudi keparengipun Allah, sanès punapa ingkang dados keparengipun

manungsa (Galatia 1:10). Tiyang pitados punika tiyang-tiyang ingkang tansah mersudi pinanggih tanpa cacat lan tanpa lepat. Kita kedah nggadhahi gegebengan atetales Pangandikanipun Gusti Allah. mBoten prelu perduli dhateng punapa aturipun donya tumrap kita. Kita tansah maméraken dhiri minangka paladosipun Gusti Allah (2 Korintus 6:4-10). Kanggé ndarbèni gesang ingkang kados makaten punika tiyang kedah nggegilut, tansah sinau, awit mbangun wisma kasukman ingkang santosa punika mbetahaken wekdal. Kanggé punika, dipun perlokaken tataraning lampah. Satunggaling paladosipun Allah ingkang sampun kawangun déning Allah, saged dipun pitados déning Allah kanggé prakawis-prakawis ingkang ageng.

Tembung-tembung ing Yohanes 13:31-35 punika tembung-tembung ingkang rumaket, ingkang sacara mirunggan kaparingaken dhateng murid-muridipun Gusti Yésus, murid-murid-Ipun ingkang sejati. Yudas punika murid ingkang palsu, ingkang sampun késah. Samangké Gusti Yésus ngandika dhateng murid-murid-Ipun ingkang satunggal mbaka satunggal badhé pejah mbélani Asmanipun Gusti Yésus, saben murid punika badhé ndhèrèk Gusti Yésus dhatenga pundi Gusti badhé nuntun tuwin ngeneraken gesangipun.

Wonten ing Yohanes 13:33 Gusti Yésus nimbali para muridipun kanthi ukara “Hé, anak-anakku, ...” punika tembung panyapa mirunggan ingkang mboten pinanggih ing Kitab Suci. Tembung ingkang dipunginakaken ing basa Yunaninipun inggih punika **teknia**, “*my little children*”. Tembung punika bënten kaliyan *paedia* utawi “*children/anak-anak*”. Tembung **teknia** punika sacara mirunggan maringi panganggep dhateng Yohanes ingkang nyerat pérangan punika. **Teknia** punika tembung ingkang kaginakaken tiyang sepuh (satunggaling bapa) kanggé ngaruh-aruhi putranipun ingkang taksih alit. Kadosdéné tiyang sepuh ingkang sampun badhé ngajal ing papan patilemanipun sarta nimbali putra-putranipun ingkang taksih alit-alit kanggé maringi piweling pungkasan.

Wonten ing Yohanes 13:1-30, Gusti Yésus dhahar dalu sesareng-an kaliyan para murid-Ipun kanggé pungkasan. Dhahar dalu punika kasebat “*the Last Supper*”, mujudaken dhahar dalu ingkang wigatos sanget. Wonten ing *the Last Supper* punika, Gusti Yésus ngandika bilih salahsatunggaling murid saking antawisipun murid kalihwelas punika badhé nglorop-aken Panjenenganipun. Ukara ingkang ngagètakan manah punika dipungambar déning Leonardo Da Vinci wonten ing lukisan “*the Last Supper*”. Pétrus ndhawuhi Yohanes mundhut-pirsa dhumateng Gusti Yésus sinten ingkang badhé nyidrani Panjenenganipun. Gusti Yésus tumunten mundhut roti sarta dipuncelupaken ing anggur lajeng kaparingaken dhateng Yudas, minangka pratandha bilih Yudas punika ingkang nyidrani Gusti Yésus. Sanalika ugi iblis nguwaosi sawetahing gesangipun Yudas.

Gusti Yésus salajengipun ngandika dhumateng Yudas, punapa ingkang badhé katindakaken Yudas, supados énggal katindakaken. Murid-murid sanèsipun ménggalih bilih Gusti Yésus ndhawuhi Yudas supados tumbas punapa-punapa ingkang dipun betahaken utawi dipun dhawuhi maringi sedhekah dhateng tiyang miskin. Ananging salajengipun Yudas késah nilaraken Gusti Yésus dalah murid-murid sanèsipun. Kitab Suci nyathet makaten “*it was night*”, tembung “*wengi*” ing Injil Yohanes nggadhahi makna kanggé lambang bilih Yudas lumebet ing pepeteng sarta mboten badhé naté medal malih. Punika pepanggihanipun Gusti Yésus kaliyan Yudas ingkang pungkasan, sadérèngipun Yudas mangkénipun ngaras Yésus ing taman Gètsémani.

Yudas mboten pitados dhumateng gurunipun, bilih ing sawingkinging kasangsaran badhé wonten kamulyan, ngantos ingkang dados tetimbanganipun Yudas, langkung prayogi mboten sangsara sesarengan kaliyan gurunipun, amargi badhé mbekta gesangipun sangsara. Yudas milih kanggé nyidrani amargi langkung milih gesang sekéca kanthi nampi arta saking

para Imam. mBoten pitadosipun Yudas wusananipun mbekta gesangipun Yudas kinemulan kasangsaran langgeng.

Gusti Allah sampun nitahaken manungsa kanthi kasagedan kanggé milih. Punika tegesipun bilih kita mboten dipunpeksa supados nggadhahi sesambedian kaliyan Gusti Allah. Panjenenganipun ngèndelaken kita nampik Panjenenganipun, sarta kita ugi dipun këndelaken kémawon kanggé nindakaken dosa. Panjenenganipun saged njiyad kita nresnani Panjenenganipun. Kita ugi saged kadamel dados saé déning Panjenenganipun. Ananging sesambetan ingkang kadospunapa ingkang badhé kita gadhahi sesarengan kaliyan Gusti Allah? Punika babar pisan sanès sesambetan, ananging punika satunggaling peksan, kaseptyan ingkang èstu-èstu dipunkendhalèni. Kosokwangslipun, Panjenenganipun kapara maringi ajinipun dhiri kita sarta kamardikan dhateng kita.

Gusti Allah pirsa kasangsaran tuwin kasisahan ingkang kita sandhang ing donya punika. Gusti Yésus nilar kamulyan tuwin karahayonipun ing swarga, lumebet dhateng wewengkon ingkang tanpa tepa-tepa kados ingkang kita enggèni sapunika. Gusti Yésus ngraosaken sayah, kerapan, kasatan, nampi pandakwa saking tiyang kathah, dipun singkiri déning brayat lan mitra-mitran-Ipun. Ananging Gusti Yésus ngraosaken kasangsaran padintenan ingkang langkung awrat. Gusti Yésus, Putranipun Allah ingkang awujud manungsa, kanthi rila legawa nanggel sadaya dosa kita tuwin karsa nebus paukuman pati ingkang kedahipun dados tanggelan kita. “Sarana iki anggon kita nyumurupi katresnané Kristus, yaiku: Panjenengané wis masrahaké nyawané kanggo kita;” (1 Yohanes 3:16a). Panjenenganipun nglampahi kasiksa, sekarat, sarta séda kanthi nglelingsemi ing kajeng salib, supados kita saged kaapura dosadosanipun.

Gusti Yésus maringi ngertos dhateng tiyang sanèsipun langkung rumiyin bilih Panjenenganipun badhé dipunsalib. Panjenengan-

ipun ngandika bilih tigang dinten sasampuning Sédanipun, Panjenenganipun badhé gesang malih, sarta mbuktèkaken bilih Panjenenganipun punika Gusti Allah. Panjenenganipun mboten ngandika bilih Panjenenganipun badhé kalairaken malih ing satunggaling dinten. (Sinten ingkang mangertos menawi Panjenenganipun saèstu kalairaken malih?) Panjenenganipun ngandika tigang dinten sasampunipun Panjenenganipun kasarèkaken, Panjenenganipun badhé nglairaken Sariranipun bilih Panjenenganipun gesang dhateng tiyang-tiyang ingkang nyipati anggènipun Gusti Yésus kasalib. Ing dinten ingkang kaping tiga, pasaréanipun Gusti Yésus pinanggih suwung, sarta kathah tiyang ingkang paring paseksi bilih tiyang-tiyang wau nyipati Panjenenganipun gesang.

Panjenenganipun nawakaken dhateng kita gesang langgeng. Kita mboten nggadhahi gesang langgeng. Gesang langgeng punika peparingipun Gusti Allah ingkang dipuntawakaken dhateng kita, ingkang kita darbèni nalika kita nyuwun Panjenenganipun karsaa lumebet ing gesang kita. “balik peparingé Allah iku urip langgeng ana ing Kristus Yésus, Gusti kita.” (Roma 6:23b). Prakawis punika prasaja sanget. Gusti Allah sampun maringaken gesang langgeng dhateng kita, sarta gesang punika wonten ing salebetipun aubing Putranipun Allah. “Sapa kang nduwèni Sang Putra, iku nduwèni urip. Sapa kang ora nduwèni Putraning Allah, iku ora nduwèni urip.” (1 Yohanes 5:12). Panjenenganipun ngersakaken lumebet dhateng ing gesang kita. Sadaya gumantung ing pilihan kita, dados abdi ingkang pitados punapa mboten!

Amin.

[fs-den]



**Bahan Khotbah
Jumuwah Adi****Jumuwah, 10 April 2020**

Waosan 1: Yésaya 52:13-53:12

Tanggapan: Jabur Masmur 22

Waosan II: Ibrani 10 :16-25

Waosan Injil: Yohanes 19:28-38

**Amargi Salib
Paduka,
Gesang Kawula
Kaénggalaken****KHOTBAH JANGKEP**

“Mandeng Yésus yéku Gusti, kang sinalib wah ngemasi; sirna gumunggunging ati ...” Makaten punika salah satunggaling kempalanipun tembung-tebung ing anggitan Kidung Pasamuan Kristen BMGJ 256, ingkang éndah sanget manawi dipun suraos kanthi wening ing dinten Jumuwah Sangsara utawi Jumuwah Adi. Awit kasangsaran ingkang tumanduk ing sugengipun Gusti Yésus Kristus punika dipun lampahi déning Panjenenganipun ing salebetung katresnanipun ingkang ageng lan mulya dhumateng Allah lan Jagad ingkang kebak dosa punika.

Salib ingkang ngluluhaken pénggalihipun Allah Sang Rama punika dados caranipun Allah kanggé ngluluhaken wangkoting manahipun manungsa ingkang keladuk anggènipun menting-aken gesangipun piyambak sarta pambaléla. Ing dinten punika kémawon, tiyang ingkang gesangipun wonten ing salebetipun kawontenan mentingaken gesangipun piyambak saya kathah gunggungipun. Wewatekan mboten perduli dhateng tiyang sanès, sejatosipun amargi tiyang-tiyang wau mlarat ing katresnan. Pengalamanipun tiyang-tiyang ingkang mentingaken gesangipun piyambak punika dhoyong dhateng pengalaman rodapeksa sarta pengalaman nggadhahi panyana awon dhateng tiyang sanès, malah wonten ing gesang pribadinipun – kanthi Jagading pangangen-angen sarta kanthi pirantosipun piyambak-

piyambak – kathah tiyang ingkang pengalamanipun punika pengalaman rodapeksa sarta raos sengit. Kawusananipun mboten saged dipun sélaki, tiyang-tiyang punika mbekta pengalaman rodapeksa lan raos sengit wau dhateng tiyang sanès ingkang dipun srawungi.

Salibipun Sang Kristus ndhatengaken pasrawungan ingkang énggal wonten ing gesang punika, sanès rodapeksa winales rodapeksa, ananging kosokwangslipun rodapeksa punika dipunapunteni sarta dipundongakaken wonten ing tetembungan berkah ing sangginggiling sadaya kasangsaranipun Gusti Yésus ing kajeng salib.

Salibipun Sang Kristus ingkang sampun manggihi gesang kita sarta ngéwahi gesang kita, temtu mbekta gesang kita ugi manggihi tiyang sanès ing salebetung katresnan saha legawaning manah nyarupèni Sang Kristus. Kalung salib utawi *tatto* salib sadawanipun pengkeran utawi jaja panjenengan mboten badhé ngéwahi punapa-punapa. Karsanipun manah panjenengan pinanggih kaliyan Gusti Yésus ingkang sinalib, amargi Panjenenganipun tuwin Salibipun ingkang mitontonaken utawi ngetingalaken katresnanipun Gusti Allah, kedahipun ngluluh-aken manah kita, sarta mbekta kita mirsani pangajeng-ajeng ing Sang Kristus ingkang mboten badhé nguciwani, awit sih-katresnanipun Allah sampun kaesokaken ing manah kita déning Roh Suci (Roma 5:5).

Jagad samangké dipunkebaki déning tiyang-tiyang ingkang nyebar winih-winihing gesang ingkang tanpa pangajeng-ajeng. Iba kathahipun tiyang ingkang nglokro sarta nindakaken babab ingkang mboten maédahi sarta mboten tanggeljawab. Pangajeng-ajeng sayektosipun ical sesarengan kaliyan icalipun utawi susutipun pengalaman tumrap katresnan ing salebetung pasrawunganipun tiyang satunggal kaliyan tiyang sanèsipun. Katresnanipun Sang Kristus ingkang ngédab-édabi ing kajeng salib punika kabar kabingahan ingkang kedah langkung asring

dipunkumandhangaken wonten ing tengah-tengahing gesang punika. Manah ingkang mboten utawi kirang dipun sapa-aruh malih déning katresnan, badhé dados saya wangkot lan mboten landhep pangraosipun dhateng kawontenan ing sakiwatenegenipun. Sang Kristus ngetingalaken katresnanipun dhateng saben manah ingkang mandeng salibipun Gusti Yésus. Manah ingkang ngraosaken katresnaning salibipun Sang Kristus badhé dados manah ingkang dipunluluhaken saking sawetahing gumunggungipun sarta kabangun malih manah punika kanggé dipundarbèni saha dipuntuntun déning Gusti Allah.

Tiyang Jepang kagungan riptaning kaéndahan utawi *karya seni* ingkang dipuntepangi kanthi sebutan *Kintsugi* utawi asring kasebat *Golden Repair*. *Kintsugi* punika tataraning nggarap grabah porselin ingkang kadamel kanthi éndah sanget tumunten grabah porselin éndah ingkang sampun dados punika dipunsengaja karisak, lajeng dipun gathuk-gathukaken malih mawi lim saking jené. Satunggaling riptaning kaéndahan ingkang awis reginipun mboten amargi ketingal sampurna tanpa cacat, ananging kapara saking kawontenan cacat ingkang dipunketingalaken. Ingkang nengsemaken, kawontenan cacat utawi mboten sampurna punika dipunketingalaken lumantar sawetawis tataran mbangun saking karisakan ngantos saged ngrawuhaken riptaning kaéndahan ingkang awis sarta aji sanget.

Punapa ngantos sapriki gesang kita taksih dipunleresaken déning Salibipun Sang Kristus, nalika kita mandeng salibipun Sang Kristus? Kedahipun mboten wonten bab ingkang langkung ngluluhaken manah kita kajawi katresnanipun Sang Kristus ingkang dipun paringaken dhateng kita samangsa kita taksih gesang ing salabeting dosa. Martin Luther naté ngandika bilih “**Bab-bab ingkang gegayutan kaliyan agami Kristen punika satunggaling urut-urutanipun éwah-éwahan dumados (becoming), sanès asil (being). Kita tansah dumunung ing satunggaling pasinaon tumrap sih-rahmatipun Allah kanggé**

dados langkung saé. Urut-urutaning éwah-éwahan (proses) punika mboten badhé naté kèndel sadangunipun gesang ing Jagad punika.”

Kanggé saben kita ingkang sampun nglampahi kaénggalaken déning salibipun Sang Kristus, sumangga sesarengan kita ugi ngrawuhaken tumindak ngénggalaken wonten ing gesang sesarengan kaliyan tiyang kathah kanthi katresnan ingkang nyami rupi kalayan katresnanipun Sang Kristus. Sugeng ngriyayakaken Riyaya Jumuwal Adi kanthi ngalami luluhing manah ingkang gumunggung kanggé wangsal kabangun malih déning Gusti Allah ing katresnan ingkang nyarupèni Gusti Yésus Kristus.

[htw-den]



Bahan Khotbah
Sebtu Sepi

Sebtu, 11 April 2020

Waosan Injil: Matius 27:57-66

**Punapa Kula
Sampun Pantés?**



DHASARING PAMAWAS

Ing satengahing mobah-mosiking karibedanipun nyambut damel, asring kita kesupèn kanggé kèndel sawetawis sarta ndedonga kanthi ening. Katambah wontenipun paladosan-paladosan ingkang ajeg mboten naté gantos, paladosan ingkang katindakaken saya dinten karaosaken saya aber. Kita dados kécalan maknanipun ingkang sayektos tuwin condhong kapilut dhateng satunggaling karaméan-karaméan kémawon.

Ing wekdal punika sumangga kita sesarengan ngalami tuwin mangertosi malih tumrap kasangsaran dalah sédanipun Gusti Yésus. Anggèn kita badhé ngalami punika saged lumantar satunggaling cara ndedonga ingkang *imajinatif* (ingkang asipat pangangen-angen).

nDedonga *imajinatif* mujudaken salah satunggaling cara ndedonga ingkang dipuntepangaken déning Ignatius. Ignatius dipunyakinaken Gusti Allah ingkang ngandika lumantar pangangen-angen utawi *imajinasi* kados lumantar iman dalah pikiran kita. Ing salebeting budayanipun Ignatian, ndedonga kanthi pangangen-angen utawi *imajinasi* kasebat *kontemplasi*. Wonten ing cak-cakanipun, *kontemplasi* punika cara ingkang mempeng sanget anggènipun nyangkutaken pikiran dalah manah ngantos nyampuraken antawisipun pikiran tuwin pangraos. Déné wonten ing tradhisi *kontemplasi* sanèsipun, katrangan winates bab *kontemplasi* punika satunggaling kagiyatan kanggé nyuwungaken manah sarta pikiran.

Kontemplasi Ignatian punika cocog mirunganipun kanggé nyuraos Kitab Suci utawi cariyos-cariyos ingkang asipat andharan ing Kitab Suci. Kita nyuraos sapéranganing waosan utawi *périkop* kanthi ngangen-angen sarta dipunwedharaken pangangen-angen wau mawi pepethan ing sangajeng kita kados mirsani pilem. Awit saking punika, kita prelu nggatosaken pérangan ingkang alit-alit kadosta: suwantenipun ambegan, suwanten, ganda, raos, pangraos ing kawontenan ingkang sampun gumathok. Kita lajeng ambyur dhateng nglebet cariyos; sampun kuwatos menawi pangangen-angen panjenengan dados mboten tatanan. Wonten ing titik ingkang sami, prenahna dhiri panjenengan wonten ing lelampaahan ingkang kaleksanan.

Kontemplasi satunggaling Injil mboten namung ngènget-ènget saben adeganipun utawi namung wangsl dhateng wekdal nalika Injil dumados. Lumantar tumindaking *kontemplasi*, Roh Suci rawuh ing salebetung wewadosipun Gusti Yésus kanthi cara ingkang maédahi kagem panjenengan sapunika. Ginakna pangangen-angen panjenengan kanggé ndhudhah kanthi langkung lebet dhateng cariyos ing pundi Gusti Allah saged ngandika kaliyan panjenengan sacara pribadi, kanthi cara nggigah panjenengan.

Menawi panjenengan ajrih menawi pangangen-angen panjenengan mboten tatanan sarta malah panjenengan namung kèrem wonten ing pikiran lan pangangen-angen kémawon. Caranipun mbédakaken inggih punika kanthi pitakénan dhateng dhiri pribadi, punapa pangangen-angen punika ndamel kula saya tebih saking Gusti utawi saya celak kaliyan Gusti? Ugi saged panjenengan ndangu dhateng dhiri pribadi, punapa pangangen-angen kasebat damel pulihing gesang utawi ngrisak

gesang kita.² Kula aturi nyupèkaken sekedhap sadaya kawruh tafsir panjenengan, sarta kula aturi ngangen-angen kawontenaning lelampaahan saking Kitab Suci kasebat.

Kénging punapa mawi cara ndedonga *imajinatif*?

Wonten cara ndedonga kathah ingkang saged dipunginakaken kanggé “srawung kaliyan Gusti Allah”, supados pakulinan kita ndedonga mboten ajek kados ingkang sampun-sampun. Saged kelampahan cara punika mujudaken cara ingkang jumbuh kagem panjenengan.

Ancasing babak utawi sèsi punika:

1. Kanggé ngraosaken *kontemplasi Ignatian*.
2. Kanggé andum punapa ingkang kita alami saking tiyang satunggal dhateng tiyang sanèsipun.
3. Kanggé nggladhi salah satunggalipun wewujudaning ndedonga.

Lumantar pangibadah Setu Sepi wekdal punika, kita badhé ngraos-raosaken tuwin nglelimbang-limbang malih sampun sapinten pantesing dhiri kita wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang sampun séda kanggé kita. Karebèn katresnanipun Allah ngayomi lan mantesaken kita ing salebeting gesang kita. Sugeng nglelimbang lan ndedonga.

[akwp-den]



²https://www.luther.edu/graceinstitute/assets/Ignatian_Contemplation_Imaginative_Prayer.pdf, diakses pada tanggal 30 Oktober 2019.

**Bahan Khotbah
Minggu Paska Énjang****Minggu, 12 April 2020**

Bacaan I: Kis.10:34-43

Tanggapan: Mazmur 118:1-2, 14-24

Bacaan II: Kolose 3:1-4

Waosan Injil: Matius 28:1-10

**Badhé Kula
Wartosaken
Sakakiyatani
Gesang Amba****KHOTBAH JANGKEP**

Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti Yésus Kristus, Nalika tanggal 23-25 Maret 2019, sampun katindakaken Pepanggihan Pemuda Ékumenis Internasional mapan ing Beirut. Wonten 1600 nèm-nèman saking 43 golonganing gréja, sarta nèm-nèman punika asalipun saking negari-negari ing Timur Tengah, Éropa, tuwin Beirut. Jejer pepanggihan ingkang dipun piji: "Tuwuh ing salebeting iman kados wit èrès ing Libanon"

Wonten satunggal cariyos ingkang nengsemaken saking salah satunggaling bruder saking Indonésia ingkang dipundumugèk-aken wonten ing group WA "*Doa Taize*". Ing satunggaling pepanggihan kelompok alit, satunggaling nèm-nèman wanodya naminipun Sarah saking Aleppo (Suriah) ingkang nglairaken paseksi, "Kula remen wonten ing ngriki, pinanggih kaliyan nèn-nèman saking negari sanès, mirunganipun saking negari-negari ingkang mboten saweg perang. Kula kados pikantuk papan kanggé ngaso, saged tilem langkung dangu, sinaosa saben-saben nglilir, amargi kados mireng wontenipun bom ingkang bledhos. Wolung taun negari Suriah kelampahan perang. Aleppo risak. Saben dinten kapireng ungelung jeblugan, kula lan brayat ajrih sanget. Kawula tansah ndhelik, mlajar. mBoten wonten papan ingkang aman lan tentrem. Ing ngriki,

sesareengan kaliyan panjenengan, kula rumaos tentrem. Kula badhé mbekta brayat kula mriki. Ananging kula mangertos, punika mboten badhé kelampahan. Bénjing dinten pungkasan. Kula ngraosaken ajrih malih, amargi kula kedah wangsul dhateng Aleppo. Dalu punika samangsa kula ngidungaken lagu *El alma que anda en amor* (Jiwa Ingkang Kebak Katresnan, mBoten Badhé Sayah) wungsal-wangsul, kula tentrem malih. Kula ènget bilih griya kula, brayat kula, kanca-kanca kula wonten ing Aleppo. Kula nggagas badhé mlajar, lan ndhelik malih. Ananging sapunika kula mboten badhé sayah, kula tentrem. Kula pitados dhateng katresnanipun Gusti Allah, pandonga-pandonga panjenengan badhé nyanggi kula sadaya. Satunggaling dinten, kula pitados, Aleppo badhé kapenuhan katentreman.”

Prakawis ingkang nengsemaken saking cariyosipun Sarah inggih punika ing pitakènan pungkasan, “Kula badhé tansah mlajar, kula badhé tansah ndhelik, ananging kula mboten badhé sayah malih, kula tentrem.” Punapa sababipun? Amargi Sarah sampun nggadhahi katresnanipun Gusti Allah.

Para Sadhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti Yésus Kristus, Punapa ingkang dipunalami Sarah punika rak inggih kanyatan utawi gegambaraning gesang kita ugi? Gesangipun manungsa kaapit kalih kawontenan ing saben dintenipun, ajrih lan bingah (tentrem). Ningali kawontenan ekonomining brayat ingkang mboten gampil, kathah tiyang sepuh ajrih dhateng kawontenanipun anak-anak ing wekdal ingkang badhé dhateng badhé kadospunapa. Ananging ing sisih sanès, kita saged bingah kapara tentrem nalika ing salebetipun kawontenan ngrekaos tetéla anak-anak pikantuk *béasiswa*. Kathah tiyang ugi ajrih dhateng tiyang-tiyang ingkang dipun tresnani ketaman sakit santer. Ananging ing sisih sanès, kita bingah (semèlèh) nalika kathah tiyang maringi panyengkuyung pandonga tuwin redana ingkang dipun betahaken kanggé kasarasaning tiyang ingkang kita tresnani. Minangka warganing nagari, kita ajrih dhateng kawontenaning bangsa kita ing wekdal ingkang badhé dhateng,

awit karaosaken saya dangu saya kiyat *kelompok radikal* tansah nyebar *terror* utawi tumindak wengis atas nami agami. Ing sisih sanès, kita bingah (semèlèh) mirsani saya mratanipun kagiyatan sesarengan ing antawisipun umat saking agami warni-warni ing sakiwatengen kita. Kita ajrih awit wontenipun éwah-éwahan iklim amargi srakahipun manungsa ingkang neas-nelasaken kaskayaning alam kanggé kapentinganipun sapérangan golonganing tiyang. Ing sisih sanès, kita bingah (semèlèh) mirsani peksi-peksi, sesekaran, tuwin wit-witan ingkang ngrembuyung katanem kanthi jejel riyel ing sacelakipun griya kita temah dhatengaken kawontenan edhum tuiwn seger.

Cariyos wungunipun Gusti Yésus ing Matius 28:1-10 punika mujudaken lelampaahan ingkang nyambet kakiyatan alam ingkang ngédab-édabi nyarengi lan ngiringaken rawuhipun malaékat. Sami ngédab-édabinipun kaliyan kawontenan sédanipun Gusti Yésus ing pundi pepeteng nglimputi kawontenan nalika samaten sarta dipunkanthèni lindhu ageng ingkang ndamel geberipun Padaleman Suci suwèk dados kalih saking nginggil dumugi ngandhap, ugi parang-parang sami bengkah (Matius 27:51). Ing sasisihing ngajrih-ajrihi pawartos wungunipun Gusti Yésus punika kapara dipunpasrahaken Malaikat dhateng para wanita ingkang manahipun campur-adhuk antawisipun ajrih lan bingah sanget kanggé nyukani mangertos dhateng para murid.

Kaping kalih, para wanita punika ugi énggal-énggal késah saking pasaréyan kanthi raos ajrih ananging bingah sanget. Para wanita punika énggal-énggal anggènipun mlajar, kados-kados mboten sabar, kanggé martosaken pawartos punika dhateng para murid-muridipun Gusti Yésus. Ananging sadèrèngipun pinanggih kaliyan para murid, Gusti Yésus nglairaken Sariranipun, me-thukaken para wanita punika lan uluk salam, “Bagéa!” Para wanita tumunten nyelak Panjenenganipun, nyandhak sampéyanipun Gusti Yésus sarta nyembah Panjenenganipun. Dhawuhing pangutusan ingkang sampaun dipunlairaken déning malaékat sapunika dipunngandikakaken piyambak déning Gusti

Yésus, "Aja padha wedi. Padha lungaa, awèh pawarta marang sadulur-sadulurku supaya padha menyang Galiléa, ana ing kana bakal padha ndeleng Aku."

Para Sadhèrèk ingkang dipunkasihi déning Gusti Yésus Kristus, Pawartos Injil nyata sanget nedahaken bilih pawartos wungunipun Gusti Yésus mboten ngicali sadaya raos ajrihipun para wanita ingkang sami tetuwi dhateng pasaréyan. Kosokwangkulipun, raos ajrih punika nyagetaken para wanita wau kanggé tetep pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus ingkang dipunpanggihi ing margi, kanggé nindakaken kuwajibanipun sarta atur pawarta kabar kabingahan sinaosa wonten raos melang-melang. Punika naminipun kekendelan. Kekendelan punika Paska. Pawartos Injil Minggu Paska punika marangi kita kasagedan kanggé njagi lampah kita ing satengahing geteran ingkang nyagetaken kita mboten namung kanggé panggah ananging kapara kanggé ngrembaka, kanggé tansah obah, kanggé tansah mlajar sinaosa gesang punika mboten gampil.

"Aja padha wedi....." Salam punika dipunambali déning Gusti Yésus nalika Panjenenganipun pinanggih kaliyan para wanita. Prakawis punika marangi wawasan dhateng kita tumrap hakékating gesang kita ing Jagad punika. Amargi pancèn pinanggih kathah ingkang kedah kita ajrihi ing gesang kita ingkang mboten langgeng punika. Ananging wungunipun Sang Kristus ndhatengaken kawontenan ingkang saged kelampahan kanggé mawujuding suka-bingah, pangajeng-ajeng, tuwin kekendelan nglampahi gesang. Ing wungunipun, kita nggadhahi prajanjinipun Gusti Allah bilih gesang langkung kiyat tinimbang pejah, bilih katresnan langkung ageng tinimbang raos sengit, bilih welas asih ngungkuli wewaton ingkang kanggé ngukumi, sarta bilih sadaya kasangsaran lan kangélaning gesang punika asipat sawetawis wekdal – nyata lan gamblang lan kala-kala nglarani ati, temtu kémawon. Ananging kasangsaran, kangélan, tuwin bab-bab ingkang ngajrih-ajrihi mboten badhé naté ngrampas dhiri utawi gesang kita.

----- (*saged dipunparingi conto déning Palados sabda bab-bab padintenan utawi paseksining gesangipun piyambak utawi tiyang sanès*) -----

Kewedèn lan kabingahan, kécalan pangajeng-ajeng lan nggadhahi pangajeng-ajeng, pamangu-mangu lan iman, punika kalih sisih gesang kita ing Jagad punika. Ananging wusananiipun, kita sampun mireng prasetyaning wungunipun Gusti, bilih kabingahan, pangajeng-ajeng, lan iman wusananiipun badhé mimpang. Minangka seksinipun Gusti kita kedah ndumugèkaken piweling punika. Terus mlajar kanthi kendel, ngabaraken pawartos kabingahan wungunipun Gusti.

Punapa ingkang panjenengan ajrihi dinten punika? (*kèndel sekedhap*) Tansaha mlajar ngabaraken pawartos Wungunipun Sang Kristus kanthi kekendelan; tansaha mbangun pangajeng-ajeng, tansaha andum kasaénan, tansaha andum kabingahan. Amin.

----- (*ing pungkasaning khotbah, umat kasuwun sami gandhéngan asta sarta samidéné ndongakaken ing salebeting manah, ndongakaken raos ajrihi ingkang saweg kita adhepi. Palados Sabda mungkasi kanthi pandonga ingkang ngiyataken tuwin ngémutaken supados tansah mlajar kanthi kendel martosaken Wungunipun Gusti Yésus. Tansah mbangun pangajeng-ajeng!*) -----

[mp-den]



**Bahan Khotbah
Minggu Paska Sonten****Minggu, 12 April 2020**

Waosoan I: Yésaya 25:6-9

Tanggapan: Jabur Masmur 114

Waosoan II: 1 Korintus 5:6b-8

Waosoan Injil: Lukas 24:13-49

**Martosaken
Pangalaman
nDhèrèk
Katangèkaken****KHOTBAH JANGKEP**

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,
Wilujeng Paska!

Saben tiyang temtu kagungan pengalaman. Pengalaman mujudaken satunggaling prakawis ingkang dipunraosaken tuwin dipunlampahi. Tiyang ingkang kagungan pengalaman punika tiyang ngraosaken utawi nglampahi satunggaling prakawis ing gesangipun, dadosa prakawis punika ngremena-ken utawi kosokwangslipun. Atetales pengalaman, sawijining tiyang saged nglairaken punapa ingkang dipunalami minangka satunggaling cariyo utawi paseksèn ingkang *otèntik* utawi murni. Kasebat *otèntik* amargi paseksi punika kadhasaraken saking tiyang punika piyambak, sanès saking cariyoipun tiyang sanès. Mila saking punika sawijining tiyang ingkang dados seksi punika sawijining tiyang ingkang nglampahi satunggaling lelampahan ngantos saged nyariyosaken malih pengalamanipun dhateng tiyang sanès.

Saben tiyang Kristen tinimbalan dados seksinipun Sang Kristus. Gusti Yésus piyambak ingkang ndhawuhi. Injil Lukas 24:48 ngandika makaten, “Déné kowé kang padha dadi seksiné bab iku mau kabèh.”. Punapa ingkang kedah dipunseksèkaken?

Ingkang dipun seksèkaken punika Gusti Yésus tuwin sih-katresnan-Ipun. Kanggé nélakaken katresnanipun, Gusti Yésus nglilakaken sariranipun nglampahi sangsara kasalib ngantos séda, ananging wungu malih ing dinten ingkang kaping tiga.

Pitakènipun, kadospundi nyeksèkaken wungunipun Gusti Yésus? Kados ing ngajeng sampun kita raosaken sesarengan bilih paseksèn badhé dados gesang menawi kadhasaraken wonten ing pengalaman, makaten ugi wonten ing martosaken wungunipun Gusti Yésus.

Pengalaman bab tiyang-tiyang ingkang ngalami wungunipun Gusti Yésus saged kita pirsani lumantar Injil kadosdéné ingkang kita waos ing Injil Lukas 24:13-49. Waosan punika nyariyosaken bab kalih pengalaman ngéngingi wungunipun Gusti Yésus. Pengalaman ingkang sepisan dipun alami déning Kléopas lan mitranipun nalika mlampah saking Yérusalém nuju dhateng ing Émaus lan saking Émaus dhateng ing Yérusalém. Pengalaman sesambetan kaliyan wungunipun Gusti Yésus ingkang kaping kalih inggih punika pepanggihanipun sekabat sewelas kaliyan Gusti Yésus sampun wungu saking séda.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Cariyos bab anggènipun murid kalih kaliyan Gusti Yésus sesarengan mlampah saking Yérusalém dhateng Émaus (sarta saking Émaus wangslu malih dhateng Yérusalém namung dipuncariyosaken déning Injil Lukas. Sadangunipun mlampah punika kelampahan tiyang kalih muridipun Gusti Yésus sami ngendikan kaliyan Gusti Yésus ngéngingi sadaya prakawis ingkang saweg kelampahan. Pangandikan punika nélakaken sakiting pengalamanipun para murid amargi Gusti Yésus, Gusti tuwin Gurunipun séda kanthi cara ingkang nrenyuhaken manah. Anggènipun melang-melang sarta kegelan dipun lairaken déning Kléopas lan mitranipun dhateng Mitra énggal ingkang kapinujon lumampah sesarengan. Tembung-tebung "... mandheg kanthi sedhiih" (Lukas 14:17) kados ingkang

dipunketingalaken déning Kléopas sarta mitranipun dados pratandha bilih murid kalih punika ngalami kawontenan ingkang mboten ngremenaken. Kasedhihanipun punika ugi dados pratandha bilih murid kalih punika saweg nyeksèkaken kawontenan awon ingkang saweg sinandhang dhateng priyantun ingkang kaanggep minangka tiyang manca (Lukas 24:18). Paseksi wungunipun Gusti Yésus kados ingkang dipunalami déning para wanita muridipun Gusti Yésus mboten saged katampi déning murid-muridipun Gusti Yésus sanèsipun (Lukas 24:22). Awit saking punika, murid-murid ingkang mboten saged nampi paseksinipun para wanita wau sami nyobi mbuktèkaken piyambak pawartos wungunipun Gusti Yésus kanthi cara nuwèni pasaréyanipun Gusti Yésus. Ananging tiyang-tiyang ingkang nuwèni pasaréyan punika mboten pinanggih kaliyan Gusti Yésus (Lukas 24:24).

Gusti Yésus ingkang kaanggep minangka tiyang manca déning Kléopas lan mitranipun mirengaken kanthi saèstu sinaosa paseksinipun murid kalih punika mboten jumbuh kaliyan kanyatan. Nalika dumugi wekdalipun Gusti Yésus ngandika, Panjenenganipun maringi paseksi tumrap wungun-Ipun. Katranganipun Gusti Yésus menggah wungun-Ipun ngewrat ringkesan sadaya lelampaahan wonten ing swasana pamecanipun Prajanjian Lami sarta pengalamanipn tiyang Yahudi (Lukas 24:25-27). Pungkasnipun, murid kalih wanuh kaliyan Gusti Yésus nalika Panjenenganipun nyuwil-nyuwil roti, satunggaling peprincèn ingkang dipunambali malih nalika murid kalih nyariyosaken pengalamanipun dhateng murid sewelas sanèsipun. Sasampunipun nyuwil-nyuwil roti kelampaahan, murid kalih wau ngèngetoènget malih Gusti Yésus ingkang wungu saking séda tindak sesarengan kaliyan murid kalih amargi Panjenenganipun nerangaken isinipun kitab Torèt lan para nabi. Awit saking punika murid kalih wau nggegilut sarta ngucap makaten, "Atiku rak wus padha mangah-mangah, nalika Panjenengané ngandika marang aku kabèh ana ing dalan lan nalika Panjenengané nerangaké Kitab Suci mau?" (Lukas

24:32). Sasampunipun punika, Kléopas kaliyan mitranipun ing wekdal punika ugi lajengsami ngadeg lan wangsul dhateng Yérusalém kanggé nyariyosaken pengalamaning gesangipun murid sewelas sanèsipun. Pengalaman ingkang dipunpadhangi Kitab Suci nyantosakaken murid kalih punika kanggé ngucap makaten, "Gusti nyata yèn wus wungu lan wus ngatingal marang Simon." (Lukas 24:34). Sasampunipun punika murid kalih wau nyariyosaken sadaya ingkang dipunalami kanthi nganyaraken pengalamanipun amargi dipunpadhangi déning kaleresaning Kitab Suci.

Sasampunipun Kléopas nyeksékaken wungunipun Gusti Yésus dhateng murid sewelas, Lukas nyariyosaken bab Gusti Yésus anggènipun nglairaken sariranipun ing satengahing Gusti Yésus kaliyan murid kalih taksih sami ngendikan. Tanggapan ingkang sepisan para murid sami kagèt. Para murid nginten Gusti Yésus punika memedi. Michael F. Patells, OSB, sawijining juru tapsir, napsiraken Injil Lukas ngandika bilih kanthi anggènipun Gusti Yésus nglairaken sariraipun, Lukas nglairaken satunggaling *apologi* (mbélani miturut ngèlmu bab kaleresaning keyakinan Kristen) kanggé tiyang-tiyang ingkang nyélaki kanyataning wungunipun Gusti Yésus saking séda. Lukas nindakaken *apologi* punika kanthi ngetinggalaken Gusti Yésus ndadosaken pitakénan menggah sipating kawontenipun sapunika, "Delengen tanganku lan sikilku: Iki Aku dhéwé," (Lukas 24:39a). Salajengipun Gusti Yésus ngidini murid-murid-Ipun nggrayangi tuwin nyatitèkaken sariranipun – daging tuwin tosanipun – kanggé nedahaken kanyatan tabeting anggènipun Gusti Yésus sinalib (Lukas 24:39b-40). Kanthi ngersakaken dhahar, Gusti Yésus nélakaken patunggilan ingkang sapriki kabangun ing antawisipun Gusti Yésus kaliyan para murid-murid-Ipun lumantar bujana sesarengan. Kados ingkang kelampahan ing Émaus, ing pundi Gusti Yésus mbikak pikiranipun murid kalih punika ngantos mangertos isining Kitab Suci, makaten ugi ingkang kelampahan wonten ing gesangipun para murid. Pengalamanipun para murid kapadhangen déning Kitab Suci.

Sasampunipun nedahaken kanyataning wungun-Ipun saking séda, Gusti Yésus nélakaken anggènipun para murid kautus Panjenenganipun. Pangandikanipun Gusti Yésus makaten, "Déné kowé kang padha dadi seksiné bab iku mau kabèh." (Lukas 24:48). Para murid kasuwun nglairaken paseksi wiwit saking Yérusalèm sadèrèngipun ngener dhateng sadaya bangsa. Ing Yérusalèm punika para murid dipun dipunsamektani kanthi kasektèn saking ngaluhur (Lukas 24:49). Prakawis punika ngewrat makna anggènipun Gusti Yésus tansah nunggil gesangging umat kagungan-Ipun.

Para Sadhèrèk,

Minangka pandhèrèkipun Gusti Yésus, temtunipun kita nggadhahi sawernining pengalaman kaliyan Gusti Yésus sarta wungunipun saking séda. Pengalaman punika ageng sanget maknanipun menawi dipundadosaken tuladha ing salebetting pepadhangking Kitab Suci. Wonten sawijining siswa, saged kasebat asmanipun Susi. Piyambakipun punika sawijining siswa ingkang ngrasuk agami Kristen ing satunggaling sekolah negeri. Ing kelasipun, namung piyambakipun ingkang agaminipun Kristen. Piyambakipun nyariyosaken kadospundi pengalamani-pun dipunancam ing kelasipun amargi adegipun minangka tiyang Kristen. Piyambakipun émut sanget ing dinten wiwitan mlebet ing kelas, satunggaling guru ngolok-olok kapitadosanipun. Ing ngajengipun kanca-kancanipun, guru wau ngandika ugi bilih sayektosipun Gusti Yésus punika mboten séda sinalib. Ingkang sinalib punika sanès Gusti Yésus ananging Yudas Iskariot. Pengalamani-pun Susi mboten namung punika. Taksih kathah pengalaman kaancam sanèsipun. Ananging piyambakipun mboten nglokro tuwin mboten nyerah. Tiyang sepuhipun saha kanca-kancanipun (malah ugi kanca-kanca ingkang mboten Kristen) asring nuwuhen krenteg supados sabar. Prakawis punika ndamel Susi yakin bilih mboten sekedhik tiyang ingkang nyengkuyung lan nresnani piyambakipun.

Prakawis sanès ingkang dipunyakini Susi inggih punika panganthinipun Gusti. Gusti Yésus punika Allah ingkang unggul saking sawernining kasangsaran. Lelampahan salib kanthi anggènipun kejem mboten dipunbales déning Gusti Yésus kanthi kekejeman. Ing kajeng salib Gusti Yésus nglairaken anggènipun paring pangapunten. Kanggénipun Susi, wungunipun Gusti Yésus saking séda mujudaken pratandha bilih kadurakan, sakdurakanipun pisan mboten badhé unggul dhateng katresnan. Atetales wawasan kasebat, Susi tansah ngapurani tiyang-tiyang ingkang ngancam piyambakipun. Punika paseksinipun Susi. Paseksi ingkang kadhasaraken wonten ing pengalamanipun sesarengan kaliyan Gusti Yésus. Kadosdéné Susi gadhah pengalaman ngéngingi wungu saking séda, makaten ugi tumrap saben pandhèrèkipun Gusti Yésus. Sayektosipun saben dinten pengalaman ngéngingi prakawis punika wonten.

Dinten punika, pangandikanipun Gusti dhateng kita sadaya, “Déné kowé kang padha dadi seksiné bab iku mau kabèh.” Kita punika seksi ing bab wungunipun Gusti Yésus. Awit saking punika, sumangga kita nyeksékaken wungunipun Gusti Yésus amargi kita sampun ngalami Panjenenganipun ingkang wungu saben dinten. Amin.

[wsn-den]



BAHAN TATA PANGIBADAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*



Liturgi Rebo Awu

Rebo, 26 Februari 2020

Keterangan:

P: Panyarios

Prd.: Pradata

L: Lektor

U: Umat

Plsd: Peladosing Sabda

**Sanes Sandiwara
Rohani**



Prabot ingkang kabetahaken

1. Replika salib
2. Kertas pembates buku (*stick note*) ukuran radi wiyar
3. Alat panyerat (bolpoin utawi potelot)

Pecawisan:

Pradataning Pasamuwan mapag rawuhipun warga pasamuwan sinarengan ngedumaken kartas pembaptes buku dhateng warga pasamuwan, wiwit saking para lare ngantos ingkang sepuh. Saben warga pasamuwan lajeng kasuwun nyerat prekawis-prekawis awon punapa ingkang kepengin badhe dipun kirangi utawi dipun icali ing salebeting wekdal 1 wulan punika. Pasamuwan kasuwun lumebet ing papan pangibadah kanthi swasana ening.

Keterangan bab petugas:

Plsd → peladosing sabda

P → panyariyos (mboten kedah wakiling pradata, nanging sedhèrèk ingkang kawawas saged maos kanthi éndah sinartan kebak pangraosing manah kados nalika maos geguritan)

Mj → majelis

Jmt → jemaat

PECAWISAN

- DONGA PECAWISAN PANGIBADAH
- WEKDAL ENING WARGA PASAMUWAN
- *Loncèng Kaungelaken*

Timbalan Pangibadah (kairingan ungelin musik instrumen-talia)

P: Kawula sanès manungsa mirunggan
 Kawula para manungsa dosa kados sanèsipun
 Ewa semanten kawula kepengin gesang kanthi beda
 Ing salebeting tan kendhating pamratobat

Sami myarsakna suwantening Allah
 Ingkang arum nimbali kita
 Panjenenganipun nimbali kita nglampahi gesang
 Ingkang nglangkungi punapa ingkang saged kita garba

Nilara margi ingkang sampun panjenengan lampahi
 Lampahana margi anyar nadyan karaos rumpil
 Dhemi Panjenenganipun ingkang ngrungkebi jagad
 Dalah sedaya dosa-dosanipun
 Dhemi Panjenenganipun ingkang kepareng ngrangkul
 dosa lan panandhang
 Dhemi Panjenenganipun ingkang setya tuhu nganti-anti kita

PEPUJÈN NGEMPAL

(*Mujèkaken KPJ 27: 1,2,3. Palados Sabda lan pradataning pasamuwan lumebet ing papan pangibadah*)

(Umat Jumeneng)

SAKÈHING TITAH ING BUMI

Sakèhing titah ing bumi, padha giranga memuji
 Haléuya, Haléuya. Surya prakosa sumunar
 Candra kartika kababar, Puji Gusti, saben wanci
 Haléuya, Haléuya, Haléuya.

Angin tan kendhat lumaku, mega lan mendhung lumintu
 Haléluya, Haléluya, Hawa ketiga ngresepi
 Masa rendheng kang gumanti, Puji Gusti, Saben wanci
 Haléluya, Haléluya, Haléluya

Banyu bening resik murni, tambaning ngelak ngresiki,
 Haléluya, Haléluya, Geni anget gawe girang
 Panggah tur awèh pepadhang, Puji Gusti saben wanci
 Haléluya, Haléluya, Haléluya

VOTUM

Plsd: Pitulungan kita punika èstunipun namung wonten ing
 Asmanipun Allah ingkang nitahaken langit, bumi lan
 sedaya isinipun.

U: (*mujèkaken*) **AMIN, AMIN, AMIN!**

SALAM

Plsd: Sih katresnanipun Sang Kristus ngrangkul panjenengan
 sedaya

U: **Lan ngrangkul panjenengan ugi**
 (*mujèkaken KPJ 74: 1,2, 4 ULUKNA PAMUJI*)

Ulukna pamuji, kanthi trusing ati,
 he titah mring Gusti Allah, kang setya lan maha mirah
 wit sira rinoban berkah.

Saosa panuwun, kanthi masmur kidung
 He sira, wong kang pracaya,
 mring Allah sumbering berkah, wit sira sinung raharja.

Angunjukna sokur, rukun mring sedulur
 He sagunging pasamuwan, wit rinoban ing kabegjan
 Sadhengah wayah lan papan.

(*Umat lenggah*)

Pamaosing Yésaya 58: 1-12

U: (*Mujèkaken KPKL 127: 1 PANGANDEL*)
 Amung kumandel iku, uwiting karosanku

Amung kumandel iku, etuking kraharjanku
 Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
 Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku

- P: Sekedhik mbaka sekedhik Paduka wiyak sedaya dosa kawula
 Alon alon Paduka singkapaken korining manah kawula
 Karaos perih, sedhilih, nggrantes, isin
 Nanging, inggihmekaten punika kanyataning gesang kawula
 Kebak cacat lan cuwa
- U: (*Mujèkaken KPKL 127: 2 PANGANDEL*)
 Amung pracaya iku, kang mbungahken driyaku
 Amung pracaya iku, panglipuring batinku
 Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
 Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku
- P: Kawula dhawah lan ngglasar tanpa daya
 Kawula sami kèrem ing samodraning panalangsa
 Kawula wuta lan kecalan keblat
 Kawula remuk, ambruk lan tèyengen
- U: (*Mujèkaken KPKL 127: 3 PANGANDEL*)
 Srana pangandel iku, ngilangken prihatinku
 Srana pracaya iku, nyirnakken kuwatirku
 Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
 Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku
- P: Samangké ...
 Wekdal kapengker inggih tetep wekdal kapengker
 Bledug ingkang ngregeti kawula sampun paduka sebuli
 Balung-balung sulayah kawula Paduka kiyataken malih
 Sukma kawula memuji kanthi kebak kabingahan.

Jmt: (*Mujèkaken ref. KPKL 127 PANGANDEL*)

Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
 Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku

P: Rebo Awu ...
 Nadyan namung tandha awu ing bathuk kawula
 Dados tandhaning Katresnan ingkang ngrangkul kawula
 Kawula mboten badhé gesang malih ing salebetung
 panalangsa
 Gesang kawula kebak makna
 Gesang tetunggilan kaliyan Gusti ingkang kebak pangak-sama.

Plsd: (*ngajak ndedonga*)

Pamaosing MAZMUR 51: 3-17

Arak-arakan ngolesi awu lan nemplekaken prasetya ing replika salib

(kairingen lamat-lamat lagu saking kidung KPJ 269:1)

KPJ 269: 1 SAIBA SANGSARANE GUSTI
(kapujèkaken sasampunipun sedaya katorehan awu)
 Saiba sangsarane Gusti, nglampahi pinenthang
 Kasamèkaken tyang durjana, nggène kapatrapan
 Pinaku samparan lan asta, cinamah asma-Nya
 Pinanggang ing bentering surya, temah pegat nyawa

Wekdal Ening (ndedongga pribadi)

PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan Sepisan

L 1: (*Maos*) **2 Korintus 5:20b-6:10** (*dipun pungkasi kanthi
ngucapaken*): “Mekaten Sabdanipun Gusti!”

U: **Puji Sokur konjuk ing Allah**

Waosan Injil

Plsd: (*maos*) **Matius 6 : 1 - 6, 16 - 18** (*dipun pungkasi kanthi
ngucapaken*):

“Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, rahayu tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Allah saha sami dipun estokaken kanthi kebak kasetyan. Hosiana!”

U: (*Mujèkaken*) **Hosiana! Hosiana! Hosiana!**

KHOTBAH:

PEPUJÈN ENGGARING MANAH

KPJ 427: 1,2 BEGJA SEJATI

Begja sejati, ngabdi mring Gusti
 Yèku gesang kang pangaji, dadya lantaran
 Mrih karukunan, katentreman kelampahan
 Mung Sang Kristus yèku Gusti, Panebus kula sejati
 Gesang kawula, kagem asmanya
 Nggih martosken sihrahmat-Nya

Begja sanyata, gesang nèng donya
 Lelados mring Sang Pamarta, dipun belani
 Sabar ing kardi, temah kalis ing bilahi
 Mung Sang Kristus yèku Gusti, Panebus kula sejati
 Gesang kawula, kagem asmanya
 Nggih martosken sihrahmat-Nya

(*Umat Jumeneng*)

SAHADAT PITADOS RASULI

Prd.: Kanthi nyèlèhaken asta tengen ing saknginggiling dhadha sisih kiwa, sumangga kita sesarengan ngucapaken pangakening pitados nalikanipun kita kabaptis miturut ungelung Sahadat Kalih Welas, mekaten:

U: Kawula pitados

PANDONGA SYAFAAT

(*Umat Lenggah*)

PALADOSAN PISUNGSUNG

Prd.: Allah punika Maha Asih lan Maha Tresna. Kanthi kebak katresnan kita katimbalan supados tresna asih. Lumantar

pisungsung ingkang sami kita aturaken dhumateng Allah, kita winulang kanggé andum katusnan kanthi tulusing manah kados piwulangipun Kitab Suci: “Mulané beciké saiki kaluwihanmu kanggoa nyukupi kekuranganmu, temahan banjur dadi satimbang. Kaya kang katulisan: “wong kang oleh akéh, ora turah lan kang oleh sathithik, ora kurang.” [2 Korintus 8: 14-15].

PEPUJÈN SOKUR UMAT

KPJ 157: 1- CAOSNA PISUNGSUNGMU

Caosna pisungsungmu, anèng pasamuwan
 Klayan lilaning ati, klawan legawa
 Aturna pisungsungmu, kanthi suka rena
 Caosna pisungsungmu, dadya cihnaning bungah
 Minangka panuwunmu, wit sihing Allah

Kamirahaning Gusti, tanpa tinandhingan
 Sarana samubarang, saisinging bumi
 Jer sih rahating Gusti, tansah binabar
 Caosna pisungsungmu, dadya cihnaning bungah
 Minangka panuwunmu, wit sihing Allah

Pisungsung kagem Gusti, dadia sarana
 Amrih kratoning Allah, énggal kelampah
 Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring
 Caosna pisungsungmu, dadya cihnaning bungah
 Minangka panuwunmu, wit sihing Allah

(Umat Jumeneng)

Pandonga Pisungsung

PEPUJÈN PANGUTUSAN

PKJ 444 MARGI SIH PADUKA

Margi sih paduka, dhuh Gusti Pamarta

Tiyang dosa, kaluwaran, saking paukuman
 Iba adinira, utusan paduka, kang ngundhangken
 Wartos bingah, sihrahmaté Allah

Mugi Roh paduka, dhuh Gusti Pamarta
 Kathaha tyang kang nampèni, pawartos basuki
 Iba adinira, utusan paduka, kang ngundhangken
 Wartos bingah, sihrahmaté Allah

Wit pangrèh paduka, dhuh Gusti Pamarta
 Tyang kang pitados mring Gusti, sageada nyawiji
 Iba adinira, utusan paduka, kang ngundhangken
 Wartos bingah, sihrahmaté Allah

PANGUTUSAN

Plsd: Para Sedhèrèk ingkang kinasih, lumebeta ing wekdal pamratobat lan pasa kanthi sami mandeng ing Allah ingkang Maha Asih.

U: **Kawula sami mandeng Sih Mirmanipun Allah**

Plsd: Nindakna pangibadah panjenengan knthi tulusing manah sinartan pamuji sokur dhumateng Allah

U: **Puji Sokur Konjuk ing Allah**

Plsd: Pinujia Gusti Yésus Kristus

U : **Samangké ngantos dugèng wekasaning jaman.**

LUMANTARING BERKAH

Plsd: "Gusti Allah mugi mberkahi lan ngayomi panjenengan, Gusti Allah mugi karsa nyunarakken cahya wedananipun lan maringi panjenengan Sihrahmat. Gusti Allah mugi kepareng nungkulaken wedananipun dhumateng panjenengan lan maringi panjenengan tentrem rahayu". Amin.

U: **(Mujèkaken) Hosiana! (5x), Amin! (3x)**

[can/ytd]



Liturgi Minggu Prapaska I

Minggu, 1 Maret 2020

Keterangan:

PL:	Pelados Liturgi
Plsd:	Pelados Sabda
Pnsp:	Pinisepuh
Psw:	Pasamuwan
PswP	Pasamuwan Pria
PswW:	Pasamuwan Wanita
Sdy:	Sedaya umat
L:	Léktor
Ctr:	Cantor

Jumangkah Sesarengan Kaliyan Gusti



SAKDÈRÈNGIPUN PANGIBADAH

- Pawartos lisan & Keterangan bab liturgi
- Loncèng kaungelaken
- Palados pangibadah ndedonga ing Konsistori
- Pasamuwan lumebet ing wekdal Ening

PASAMUWAN MAKEMPAL

(*Panyumeding setunggal lilin*)

TIMBALAN PANGIBADAH

PL: Para warganing pasamuwan ingkang sami abebingah, dinten punika kita sami lumebet ing Minggu Prapaska I taun 2020. Lumantar pangibadah Minggu-Minggu Prapaska punika, kita sami katimbalan ngènget-ènget malih saha nggegesang pangajeng-ajeng kita saking pakaryanipun Gusti Yésus Kristus nandhang sangsara, lan séda sinalib, awit anggènipun asih dhumateng jagad.

Sumangga kita bekta sakwetahing gesang pribadi kita wonten ing ngarsanipun, supados ing salebetting padhangipun Sang Kristus, kita tansah nglengganani punapa ingkang sampun punapadéné badhé kita lampahi.

Psw: **Mugi Gusti mitulungi kawula sami**

PL: Sumangga, samia lumebet ing suka-renaniPun, sami memujia kanthi pepujèn anyar kagem Gusti lan pujèkna asmaniPun.

(*Psw. Jumeneng*)

Psw: (*mujèkaken KPJ337:1-2 DAHAT NYAWAKU AREREM*)

Sedaya muji

Dhahat nyawaku arerem, lan atiku ayem tentrem
Wit kang Makwasa karsa dadi, etuking karaharjanku
Pamongku setya tuhu, wah bebèteng lan pangusènku
Aku mesthi datan rebah, wit rineksa déning Allah

Wanita

Dhuh nyawaku sinaosna, reremira ing wardaya
Mring Allah kang dak anti-anti. déné Yéhuwah Pangéran

Priya

Kang dadi parang santosa, pangauban lamun siniya
Aku mesthi tan gumiwang, wit Allah kang mengku gesang

Sedaya muji


Allah Maluhur kang dadi, tuking berkahing pra abdi
Peparangku kang asantosa, Hé bangsaku kumandela
Mring Allah ing salaminya, sarasaning driya saosna
Mring Allah kang Mahasetya, kang dadi pangungsèn kita

(*Saklebetipun sami memuji, para Palados pangibadah lumebet ing papan pangibadah*)

VOTUM

Plsd: Pangibadah Minggu Prapaska I punika lumampah ing atas asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.

Psw: (*mujèkaken*) **NKB 229a**



SALAM

Plsd. Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan saking Gusti kita Yésus Kristus mugi wontena ing panjenengan sedaya.

U: **Lan wontena ing panjenengan ugi.**

(Psw. Lenggah)

PAMBUKA

Plsd. Wiwit manungsa wiwitan katitahaken, Allah sampun maringi kamardikan sakwetahipun dhumateng manungsa minangka sangu mbangun lan nglampahi gesangipun. Mekaten ugi Allah sampun maringaken kamardikan kala wau supados manungsa saged mutusaken pundi ingkang prayogi kanggé maknani gesangipun. Lumantar jejer: **“JUMANGKAH SESARENGAN GUSTI”**, kita katimbalan nuladha sikepipun Gusti Yésus, ingkang kanthi manteb ing manah tetep ngandika “ora”, lan tetep milih setya tuhu dhumateng Sabdanipun Allah. Kasetyan ingkangmekaten punika lahir awit saking gesang tetunggilan kaliyan Allah. “Sabab, sarehne tekane pati iku marga wong siji, mangkono uga tangine wog mati iya marga saka wong siji. Awit padha kaya ana ing Rama Adam wong kabèh padha mati, mangkono uga ana ing Sang Kristus wong kabèh iya bakal padha kauripake manèh.” (1 Korintus 15 : 21 – 22)

PEPUJÈN PASAMUWAN

Psw.: (*mujékaken KPJ 19: 1-3*)

PAMUJI KONJUK GUSTI

Pamuji konjuk Gusti, kang nitahken jagad raya
Wit siyang dalah ratri, tansah lubèr sing rahmatnya
Nadyan ta jagad sirna, sih-Nya langgeng slaminya

Pamuji konjuk Gusti, nggih Allah kang Mahamirah
 Pra umat kang ngabekti, tinuwukken klayan berkah
 Salir ingkang pinanggya, dados margining begja

Pamuji konjuk Gusti, Hyang Maluhur Mahasuci
 Kang nucekken manungsa, srana tinebus sing dosa
 Wah tinuntun mring swargi, mrih kraharjan sejati

DONGA PANGAKENING DOSA

PL: Nalika dosa dipun umbar makarya ing salebeting manah kita, manah kita ngraos awrat ... Ewa semanten Gusti Yésus kebak sih palimirma. Kitab Mazmur 32: 5-6 ngengetaken kita sedaya supados blak-blakan wonten ngarsanipun Gusti: "Dosa kawula, kawula lairaken dhumateng Paduka, kalepatan kawula mboten kawula aling-alangi." Pramila, sumangga sacara pribadi lan kanthi jujur, kita akeni dosa-dosa kita wonten ing ngarsanipun Gusti.

(- - - - Wekdal ening - - - - , pasamuwan ngakeni dosa sakcara pribadi... 15 dhetik)

PL: Saking jurang ingkang lebet, kawula sami sesambat dhumateng paduka dhuh Gusti!

Psw: **Gusti, karsaa midhangetaken pasambat kawula. Mugi talingan paduka karsa mirengaken sedaya pasambat lan panyuwun kawula.**

PL: Menawi paduka, dhuh Gusti, ngeneti sedaya kalepatan kawula, sinten ingkang saged tetep ngdeg jejeg?

Psw: **Dosa kawula sampun sami kawula bikak wonten ngarsa paduka,**

PL: Lan kalepatan kawula mboten sami kawula umpetaken

Psw: **Lan paduka ngapunteni kalepatan kawula awit saking dosa kawula**

(mujèkaken KPKL.41:1, 2,4)

SAKING LUWENGING CINTAKA

Saking luwenging cintaka, kula sambat mring Tuwan
 Dhuh Pangéran kang wilasa, mugi myarsakken mring wang
 Sambat kula memelas, wit klangung trenyuh ing tyas
 Mugi-mugi tinilingna, ing Tuwan kang asih darma

Dhuh Pangéran yen ta Tuwan, karsa aniti-priksa
 Dhateng durakaning tiyang, sinten kang saged w'luya
 Nanging Tuwan kagungan, pangapunten lan piwlas
 Kag sinuprih para jalma, ajrih asih mring kang asma

*(nadha musik kainggilaken ing pada- 4 pasamuwan
 jumeneng)*

Umaté Hyang Mawilasa, sira ngarep-arepa
 Maring Allah kang Makwasa, kang mitulungi sira
 Wit Yéhuwah kagungan, sih piwlas lan kadarmen
 Karsa anebus umaté, saking sagung durakané

PAWARTOS SIHRAHMAT

PL: Ing salebeting kanugrahanipun Allah pinanggih wonten-ipun pangapuntening dosa. Mila dhumateng para sedhè-rek ingkang mbikak manahipun dhumateng Allah, sami mirengna wartos nugraha ingkang kapendhet saking Injil Yohanes 8: 11b-12, “Pangandikané Gusti Yésus: “Aku uga ora ngukum kowé. Lungaa, lan wiwit saiki, aja gawé dosa manèh.” Gusti Yésus paring dhawuh manèh marang wong akèh: “Aku iki pepadhangin jagad; sing sapa ngetut buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduwèni padhangin urip.”

Mekaten pawartos sihrahmat saking Gusti

Psw: **Puji sokur konjuk ing Allah**

*(Pasamuwan sami jawat asta sinarengan pamuji
 KPJ. 460: TENTREM RAHARJA)*

Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita
 Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita

PEPUJÈNING PASAMUWAN

PL: Kanthi suka bingah, sumangga kita tampèni prasetya lan pangajeng-ajeng ingkang kaparingaken déning Gusti kanthi sesanti ngugemi sedaya Sabdanipun Allah srana ngrepèkaken kidung: KPK. 83: 1-2 “PASRAH DHATENG GUSTI”

Psw:

Dhuh Gusti kawula tresna, dhumateng Paduka
 Kula masrahken manah, badan kaliyan nyawa
 Paduka kang agung sih, ingkang sampun menang
 Saèstu kula tresna, dhumateng Paduka

Reff.

Kula pasrah, badan nyawa,
 Gusti ingkang angasta pejah gesang 2X

Gustingrumiyini tresna, mring kula tyang dosa
 Tan nggalih gung sangsara, pinenthang ngruwat dosa
 Pramila kula ugi, tresna dhateng Gusti
 Wah tresna mring sesami, kanthi trusing ati
 Reff.

(Psw. Lenggah)

PALADOSANING SABDA

Pandonga nyuwun tedhakipun Roh Suci

Plsd: (ngaturaken pandonga nyuwun tedhakipun *Roh Suci lan dipun pungksai kanthi ngucap*: ”Kawula ndedonga ing asmanipun Gusti Yésus Kristus”)

Psw: **AMIN**

Waosan Sepisan

L1: Waosan kapisan saking kitab **Purwaning Dumadi 2: 15-17; 3: 1-7 ... (saksampunipun kawaos)**
 Mekaten Sabdanipun Gusti!

Psw: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

Mazmur 32 –

(Cantor memuji KPJ 68: 1: ALLAH MA'ASIH)

Allah Ma'asih, asung putranya,
Allah Ma'asih Mring manungsa

Refrein:

Mila kula ngidung Allah Maasih, Allah Maasih
Mring manungsa

Ctr: Abebingaha tiyang ingkang sami kaapunten panerak-ipun saha ingkang dosa-dosanipun kaapunteni déning Gusti. Abebingaha tiyang ingkang mboten ndarbèni jiwa tukang apus. Ingkang sedaya kalepatanipun mboten kaétang déning Gusti.

Psw: (*mujèkaken refrain*)

Ctr: Saklaminipun kawula kèndel, balung-balung kawula lemes, awit kawula sami nggresula ing sakuruting dinten, awit siang lan ratri asta paduka meteg sungsum kawula, ngantos dados garing, kados bentèring wanci panas!

Psw: (*mujèkaken refrain*)

Ctr: Dosa kwula, kawula lairaken dhumateng paduka, lan mboten sami kawula umpetaken Tembung kawula, “Kawula ngakeni sedaya panerak kawula!” Paduka inggih lajeng ngapunteni sedaya kalepatan kawula. Paduka apunteni kalepatan kawula awit saking dosa-dosa kawula!

Psw: (*mujèkaken refrain*)

Ctr: Prayogi saben tiyang sami ndedonga ing Gusti mumpung Gusti rena dipun panggihi déning umatipun. Dumugining banjir, mboten badhé ngentiraken kawula! Gusti nguwali kawula lan ngupengki kawula!

Psw: (*mujèkaken refrain*)

Waosan kaping kalih

L2: Waosan kaping kalih kapendhet saking Serat **Roma**

5:12-17

.... (*saksampunipun kawaos*)

Mekaten sabdanipun Gusti!

Psw: **Puji sokur konjuk dhumateng Allah**

Waosan Injil

Plsd: Punika Injilipun Gusti kita Yésus Kristus miturut **Matius 4: 1-11**

1-11

... (*saksampunipun kawaos*)

Rahayu tiang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan sami dipun lampahi ing gesang padintenanipun. Hosiana!

Psw: (*mujèkaken KJ 473a*)

do = g 3 dan 2 ketuk

5 5 | 6 5 , 1 1 | 2 1 , 4 4 | 3 2 1 2 | 1 . ||

Ho-si - a - na, ho- si -a- na, ho-si - a na.

KHOTBAH

WEKDAL ENING

(Psw. *Jumeneng*)

SAHADAT PITADOS RASULI

Pnsp:Sesarengan kaliyan sedaya tiyang pitados ing wanci kapengker, samangké lan ingkang badhé dhateng, sumangga kita ngèngeti pangaken nalikanipun kita kabaptis miturut pangakening Sahadat Pitados Rasuli

(Psw. *Lenggah*)

PANDONGA SYAFAAT

Plsd: (*nglantaraken pandonga kanggé pecawisan pasamuwan lumebet ing wekdal riyaya Paska, lan kapungkasan srana panyuwun:*)

... Gusti, ing saklebeting sihrahmat Tuwan, kawula nyenyuwun ...

Psw: **Mugi paduka miyarsakaken pandonga kawula!**

Plsd: (*nglantaraken pandonga kanggé bot repotipun pasamuwan, lan dipun pungkasi srana panyuwun:)*

... Gusti, ing saklebeting sihrahmat Tuwan, kawula nyenyuwun...

Psw: **Mugi paduka miyarsakaken pandonga kawula!**

Plsd: (*nglantaraken pandonga kanggé bot repotipun sedaya pasamuwan ing Indonesia lan dipun pungkasi srana panyuwun:)*

... Gusti, ing saklebeting sihrahmat Tuwan, kawula nyenyuwun ...

Psw: **Mugi paduka miyarsakaken pandonga kawula!**

Plsd: (*nglantaraken pandonga kanggé bot repotipun bangsa lan negari Indonesia lan dipun pungkasi srana panyuwun:)*

... Gusti, ing saklebeting sihrahmat Tuwan, kawula nyenyuwun ...

Psw.: **Mugi paduka miyarsakaken pandonga kawula!**

Sedaya: AMIN.

PALADOSAN PISUNGSUNG

Nas Pisungsung

Pnsp: Kang iku, sarehné kita padha nampani nagara kang ora bisa gonjing, payo padha ngaturaké panuwun lan padha ngabekti marang Gusti Allah, miturut cara kang kakarsakaké, kanthi hurmat lan wedi asih. (*Ibrani 12: 28*)

Pepujèning Pasamuwan

Psw: (*mujèkaken KPJ 157: 1- "CAOSNA PISUNGSUNGMU"*)

Cantor/Pemimpining pepujèn

Caosna pisungsungmu, anèng pasamuwan

Klayan lilaning ati, klawan legawa

Aturna pisungsungmu, kanthi suka rena

Refrein: Psw (déning pasamuwan)

Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
Minangka panuwunmu wit sihing Allah

Wanita

Kamirahaning Gusti, tanpa tinandhingan
Sarana samubarang, saisining bumi
Jer sihrahmating Gusti, tansah binabar

Refrain: Psw (dénинг pasamuwan)

Priya

Pisungsung kagem Gusti, dadia sarana
Amrih kratoning Allah, énggal kelampah
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring

Refrain: Psw (dénинг pasamuwan)

(Psw. Jumeneng)

Pandonga Pisungsung

Pnsp: (*nglantaraken pandonga pisungsung*)

PANGUTUSAN

Pepujèn Pangutusan

Psw: (*mujèkaken KPJ 433: 1-3*)

"GUSTI MUGI NUNTUN KAWULA"

Gusti mugi nuntun kawula, amrih tansah manut Paduka
Nadyan ribet gilir gumanti, tamtu kula kedugi nyanggi

Gusti mugi nglanting kawula, amrih sagah nahan bebaya
Nadyan awrat kados punapa, tatag datan semplah ing driya

Gusti mugi nunggil kawula, murih kedugi nglawan dosa
Temah kula unggul ing yuda, lan nampi makuthaning swarga

PANGUTUSAN

Plsd: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti

Psw: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

Plsd: Dadosa para seksinipun Sang Kristus

Psw: **Puji Sokur Konjuk ing Allah**

Plsd: Pinujia Gusti

Psw: Samangke ngantos ing saklami-laminipun

LUMANTARING BERKAH

Plsd: Allah sumbering pangajeng-ajeng, ngebeki panjenengan (kita) sedaya kanthi sakwarnining kabingahan lan tentrem rahayu ing salebetung pitados, supados karana panguwaosipun Sang Roh Suci, panjenengan (kita) ndarbèni lubering pangajeng- ajeng. Amin

Psw: (*mujèkaken*) NKB 226 (*kanthi modifikasi sekedhik*)

mi = a 4 ketuk

7 | 1 7 5 7 | 1 . . 7 | 1 7 5 7 | 1 . . ,

A-min ho - si - a - na! A-min ho si - a - na!

7 | 1 3 4 5 | 4 . . 3 | 5 4 3 4 | 3 . . ||

Pi-nu-ji As- ma-né A-min, ho si - a - na!

[pk/ytd]



Liturgi Minggu II Prapaska

Minggu, 8 Maret 2020

Keterangan:

- Plsb: Paladosing Sabda
 PL: Palados Liturgi
 Im: Imam
 Prd: Pradata
 L: Léktor
 PPJ: Pemimpin Pujian Jemaat
 U: Umat

Katresnanipun Allah Milujengaken



SAKDÈRÈNGIPUN PANGIBADAH

- Pandonga pribadi umat
- Nerangken prekawis-prekawis ingkang kawawas prelu déning Pradataning Pasamuwan utawi Komisi Pangibadah
- Pandonga ing konsistori déning Imam.
- Pamaosing wartos pasamuwan lan panyumeding lilin déning juru warta/pradataning pasamuwan.

(Umat Jemeneng)

ARAK-ARAKAN LUMEBET ING PAPAN PANGIBADAH

(PL ngaturi warga pasamuwan jemeneng lan mujèkaken pepujèn wiwitan; Pelayan sabda, pradata pandhamping dalah petugas liturgi sanèsipun lumebet ing papan pangibadah)

PL: “Para Sedhèrèk, ing Minggu punika kita lumebet Minggu Prapaska ingkang kaping kalih. Ing saklebeting pangibadah punika kita badhé ngraos-ngraosaken saha ngriyayaaken katresnanipun Allah ingkang tansah binabar kanggé kawilujenganipun umat kagungan-Ipun. Puncaking pakaryan kawilujenganipun sampun kaprate-lakaken ing saklebeting sangsara, séda lan wungunipun Sang Kristus. Ngantos ing wekdal sakmangké, pakaryan kawilujengan punika tansah binabar ing saklebeting pakaryanipun Sang Roh Suci ingkang tansah nyartani gesang pasamuwanipun Gusti. Sumangga kita sami ngriyayaaken pakaryan kawiluje-

nganipun Allah punika kanthi manah ingkang kebak kabingahan lan pangajeng-ajeng dhateng panjenengan-
Ipun. Awit saking punika, sumangga kita jumeneng lan
memuji asman-Ipun Pangéran kanthi ngrepèkaken KPJ
14: 1-3.

KPJ 14:1, 2, 3 KULA SAMYA TETUNGGILAN

Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan

Reff.:

*Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja.*

Kula rinoban ing begja rinten-dalu tan kendhat,
ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat. *Reff.:* ...

Kula rinimat ing Gusti, sarta saguning titah,
mangsa kang silih-gumanti, samukawis mung éndah. *Reff.:*

VOTUM & SALAM

Plsb: Sumangga pangibadah dinten punika kita sengker kanthi
pangaken:

Plsb: **Pitulungan kita pinangkanipun saking Allah Rama**
+U **ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.**

Plsb: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Gusti kita Yésus
Kristus wonten ing panjenengan sedaya (kita)!

U: **Wontena ing panjenengan ugi!**

U: (mujèkaken amin-amin-amin.)

5 . 6 . | 5 . 6 . | 5 . 4 3
A-min a-min a - min

(Umat Lenggah)

PEPUJÈN SEMBAH

PL: Para Sedhèrèk, kadospundi kita mboten sami asung pamuji
sokur minangka umatipun Gusti, ingkang tansah binerkahan
ing sihrahmat. Panjenanganipun punika Allah ingkang

Maha Agung ingkang sampun nitahaken langit lan bumi.
 Panjenenganipun sampun kepareng rawuh ing donya
 punika, mratélakaken katusnanipun sarana nyuwungken
 sariranipun piyambak lan ngagem sipating abdi ingkang
 setya tuhu ngantos séda sinalib. Karena katusnanipun
 kita sedaya pikantuk gesang langgeng. Awit saking punika
 sumangga kita ngluhuraken asmanipun Gusti kanthi
 memuji saking pujian KPK 21: 1-3

KPK 21. PALIMIRMANIPUN ALLAH

Gusti kula ingkang wonten ing swarga
 pinujia Paduka ing slaminya
 sèstu agung sih palimirmanta
 haléuya, Haléuya

Gusti rawuh manjalma anèng donya,
 awit welas nebus gunging tyang dosa,
 rinukunken lan Allah Sang Rama,
 Haléuya, Haléuya. .

Gusti séda krana kula tyang dosa,
 dé wunguné panjer gesang sanyata,
 mila kula mituhu dhawuhnya,
 Haléuya, Haléuya.

PANALANGSANING DOSA

PL : Para Sedhèrèk, sumangga kita sami mandeng salibipun Gusti,
 lan lajeng sami pitakèna dhateng manah panjenengan
 piyambak-piyambak: sepinten agenging pamuji sokur kita
 konjuk ing Gusti awit saking sih katusnan-Ipun kepareng
 milujengaken kita lumantar pakaryanipun séda sinalib?
 Punapa kita èstu temen-temen nampèni salibipun Sang
 Kristus saha masrahaken gesang sakwetahipun dhumateng
 panjenengan-Ipun? Punapa kita ugi kanthi temen-temen
 manggul salib kita lan lumampah ngetut wingking Gusti

Yésus Kristus? Punapa gesang padintenan kita taksih asring nengenaken raos égo kita, nuruti hawa nepsu, ngendhem raos sengit, kanepson, gumunggung, daksiya, mboten preduli dhateng tiyang sanès, keset lan sikep awon sanèspun? Minangka putra-putranipun Allah, Gusti milujengaken kita supados tansah nélakaken kaluhuran-Ipun.

*(umat kaaturan suméné sawetawis ngraos-ngraosaken pangandika ing nginggil lan ndedonga sacara pribadi lajeng kapungkasan sarana memuji saking
KPK 43:1-2)*

KPK 43. NYUWUN ÉNGGALING MANAH

Gusti kula sèstu nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya,
Reff.:

*dhuh Gusti kawula nyuwun apura, sinucèkken sing dosa
mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.*

Sèstu kula angraosaken sisah déning momotan,
nging lamun Paduka ngapunten manah kawula padhang,
Reff.:

PAWARTOS SIHRAHMAT

Plsb: Saben tiyang ingkang kanthi tulusing manah ngakeni dosanipun ing ngarsanipun Gusti, Gusti kepareng ngapunteni sedaya dosa-dosanipun. Samangké sumangga panjenengan tampèni wartos sihrahmat saking Gusti ingkang kapendhet saking serat Efesus 2:8-10, "Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iku saka sihrahmat marga pracaya, lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparingé Gusti Allah. Iku dudu wohing panggawému, aja ana wong kang gumunggung. Marga kita iki titahé Gusti Allah, katitahaken ana ing Sang Kristus Yésus, supaya padha nglakoni panggawé becik kang

kacawisaké Gusti Allah sadurungé, minangka ambah-ambahan kita. Mekaten pawartos sihrahmat saking Gusti.
U: Puji Sokur konjuk ing Allah.

(*Umat Jumeneng*)

PEPUJÈN SOKUR

PL: Sumangga kanthi kebaking panuwun kita tampèni pawartos sihrahmat kalawau kanthi memuji asmanipun Gusti saking KPK 34: 1, 3, 4 kita pujékaken kanthi jumeneng

KPK 34. SUNG SEMBAH PUJA

Allah Kang Ma' kwasa yekti gung tresnanya
 jumeneng Pamarta kang ngruwat dosa
 salir tyang pracaya luwar sing antaka
 lamun tansah setya mlebet mring swarga.

Reff.:

*Sung sembah puja konjuk Sang Rama
 kang paring nugraha tentrem raharja
 sung sembah bekti konjuk mring Gusti
 kang paring basuki nggih gesang yekti.*

Rama kang Maagung kang paring pitulung,
 nglipur manah sisah mrih datan semplah,
 njangkung kagungannya temah tansah begja,
 gesang mursid yekti dumugèng janji,

Reff.:

Pangéran murbèng rat nglubèrken sih rahmat,
 mbélani tyang leres saking panindhes,
 nunggil tyang pracaya temahan santosa,
 ngundhangken Injilnya wrata sadonya,

Reff.:

(*Umat lenggah*)

PALADOSANING PANGANDIKA

(*PPJ Mujékaken PENUHKANLAH BEJANAKU - Nikita, Lèktor mapanaken dhiri*)

PENUHKANLAH BEJANAKU

(by. Nikita Natasha;

<https://www.youtube.com/watch?v=oU9Vu8eNWyg>

Aku datang dan kubersujud di hadapan-Mu
 Kurasakan indah hadirat-Mu
 T'lah kubuka mata hatiku dan s'luruh jiwaku
 Untuk kunikmati firman-Mu
 FirmanMu yang kuasa tuk mengubah sikap hati
 Firman-Mu yang tegakkan di saat ku terjatuh
 Penuhkanlah bejanaku dengan air sungai-Mu
 Ku haus akan firman-Mu
 Penuhkanlah bejanaku dengan air sungai-Mu
 Ku haus akan firman-Mu

Pamaosing Kitab Suci

Waosan ingkang Kapisan

- L1: Waosan kapisan kapendhet saking Purwaning Dumadi 12:
 1-4a, “Mekaten Sabdanipun Gusti!”
 U: Puji sokur konjuk ing Allah!

Mazmur Tanggapan

- L2: Sumangga kita tanggapi waosan kapisan kalawau kanthi
 maos imbal-imbalan Mazmur 121.

Waosan kaping kalih

- L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking serat Roma 4:1-5,
 13-17, “Mekaten sabdanipun Gusti!”
 U: Puji sokur konjuk Gusti!

Waosan Injil

- Plsb: Waosan saking Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet
 saking Yohanes 3: 1-17.
 Plsb: Kados mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang
 rahayu inggih punika tiyang ingkang sami mirengaken
 sabdanipun Gusti lan sami nglampahi ing gesangipun,
 Hosiana, hosiana, hosiana!
 U: (*Mujèkaken Hosiana, amin!*)

Khotbah

Wekdal Ening

(Umat jumeneng)

PANGAKEN SAHADAT RASULI

Im: Sesarengan kaliyan sedaya umat ing pundia pangènèn lan jaman kita sami ngucapaken Pangaken Sahadat Rasuli: Kawula pitados (isl.)

Pandonga Syafaat

(Palados sabda nglantaraken pandonga syafaat lan dipun pungkasi srana Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

Prd: Sumangga kita aturaken panuwun sokur kita dhumateng Gusti ingkang sampun maringaken sagunging berkah-ipun dhumateng kita. Atur pisungsung kita, tinalesan pangandika ing Mazmur 111: 1-5, "Haléluya! Pangéran Yéhuwah arep dakcaosi pamuji sokur kalawan gumolong-ing atiku, ana ing pakumpulané para wong mursid lan ana ing pasamuwan. Pakaryaning Sang Yéhuwah iku agung, patut dititi priksa, déning sakèhing wong kang kaseng-sem. Pakaryané iku agung lan mulya, tuwin kaadilané tetep ing salawas-lawasé. Kaélokané wus didadékaké pangeling-eling; Pangéran Yéhuwah iku asih mirma sarta welasan. Para wong kang ngabekti marang Panjenengané, iku padha diparingi pangan, prajanjiané dièngeti ing salawas-lawasé. Kempaling pisungsung kairingen pepujèn saking KPJ 157: 1-

KPJ 157. CAOSNA PISUNGSUNGMU

Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan
klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi suka rena.

Reff.:

*Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.*

Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan
sarana samubarang saisining bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.

Reff.:

Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampahan.
Tentreng miwah rahayu, Gusti kang paring
Reff.:.:

Pandonga Pisungsung

(*Prd nglantaraken pandonga pisungsung*)

PANGUTUSAN

(Umat mujèkaken pepujèn saking KPK 158: 1-2)

KPK 158. ASMANYA MA'KWASA

Gusti Kristus Maha kwasa nggih tetamèng santosa
sagunging tyang kang pracaya mesthi dèn ayomana,

Reff.:

*Asmany Makwasa nggih tetamèng santosa
AsmaNya Makwasa tumrap tyang kang pracaya.*

Piandel urip sayekti namung asmaning Gusti,
ing panggodha wah sangsara sung santosaning driya,

Reff.:

Plsb: Para Sedhèrèk, enerna manah panjenengan dhumateng
Gusti

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

Plsb: Mengkera saking papan pangibadah punika kanthi
tentrem rahayu

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Plsb: Pinujia Gusti

U: **Samangké lan ing salami-laminipun**

BERKAH

Plsb: Gusti Allah mberkahi panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita); Gusti Allah nyunaraken cahyaning wedananipun dhumateng panjenengan (kita) lan maringi panjenengan sihrahmat (kita); Gusti Allah nungkulaken wedananipun dhumateng panjenengan (kita) lan maringi panjenengan (kita) tentrem rahayu. Amin.

U: 1 . 2 3 4 . 3 . 2 . 1 . 4 . 2 .. 1
A min A-min A – min

PEPUJÈN PANUTUP

KPK 158: 3-4 ASMANYA MA'KWASA

Asmaning Sang Kristus Gusti mberег remen leladi,
 mrih gesang tentrem raharja jagad rinoban sihnya,

Reff.:

Undhangna asmaning Gusti ing salumahing bumi,
 mrih salir tyang nampi warta Ratu Adil wus prapta,

Reff.:

*(Pengkhottbah mandhap saking mimbar masrahaken Kitab
 Suci dhateng Imam, lan sesarengan kaliyan pradata
 sanèsipun tumuju dhateng kori ngajeng geréja saprelu jawat
 asta kaliyan warganing pasamuwan)*

[ds/ytd]



Liturgi Minggu III
Prapaska

Minggu, 15 Maret 2020

Keterangan:

Pdt: Pendhita
Pnsp: Pinisepuh
Psm: Pasamuwan

**Pepanggihan
ingkang njalari
dumadinipun
éwah-éwahan**



PECAWISAN

- Ngumandhanging musik, utawi puji-pujian déning para panuntun pujian ibadah (*sekdérèngipun pangibadah kawiwitan*)
- Warga pasamuwan ingkang sampun sami rawuh kasuwun lerem ing manah sacara pribadi sarana ndedonga/ngeningaken cipta
- Loncèng gréja kaungelaken (*5 x sakdérèngipun pangibadah kawiwitan*)
- Pamaosing pawartos pasamuwan (mboten sedaya, nanging ingkang mirunggan kemawon (*pas wanci jam pangibadah kawiwitan*)
- Panyumeding lilin Minggu PraPaska 3 déning warga majelis ingkang kajibah

MAKEMPALING PASAMUWAN

(Psm. Jumeneng)

ARAK-ARAKAN KAIRING PEPUJÈN

Psm.: (*Mujèkaken KPJ 20: 1-3: "PANGÉRAN MAMULYA" Ing pungkasaning ayat 2, sinareng ungeling loncèng 3x, Pendhita lan petugas pangibadah arak-arakan lumebet ing papan pangibadah*)

Pangéran, Mamulya, yogya kula puji

Déné agung kadarmannya, kang sumrambah mring kula

Datan wonten wicalannya, tan kendhat lumintunya
 Pangéran, Mamulya, yogya pinuja
 Pangéran Mamulya, yogya pinuja

Arak-arakan lumebeting Pendhita lan petugas pangibadah

Pangéran Mamulya, yogya kula puji
 Déné karsa maringaken putranipun pribadya
 Dinadosken Juru slamet miwah Pamarta kula
 Pangéran, Mamulya, yogya pinuja
 Pangéran Mamulya, yogya pinuja

Pangéran Mamulya, yogya kula puja
 Dé tan karsa malesaken sagung klepatan kula
 Malah dipun sudèkaken sarta ingangkat putra
 Pangéran, Mamulya, yogya pinuja
 Pangéran Mamulya, yogya pinuja

VOTUM

Pdt: Pitulungan kita punika pinangkanipun namung saking Allah sang Rama, ingkang nitahaken langit lan bumi, Sang Putra Pamartaning jagad lan Roh Suci Sang Juru Pangrimat kita!

Psm: (*Mujèkaken*) **Amin, amin, amin.**

SALAM

Pdt: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti kita Yésus Kristus saha Sang Roh Suci mugi nyartani panjenengan sedaya!

Psm: **Lan nyartani panjenengan ugi!**

(*Psm. Pinarak lenggah*)

PAMBUKA

Pdt: Gusti Yésus mulang kita sedaya bab maknaning gesang minangka manungsa, dalah nedahaken caranipun lampah gesang ingkang saèstu nélakaken Citraning Allah ing dhiri Pribadinipun. Panjenenganipun madeg dados pribadi ingkang mardika anggènipun ngasihi saha tasah karsa mirengaken sagunging pasambat saben tiyang ingkang seba wonten ing ngarsanipun. Malah nalikanipun wonten sawetawis tiyang ingkang taksih mangu-mangu ing babagan gesang munjuk pitaken: "Kawula kedah sami nglampahi punapa supados nindakaken padamelan ingkang kakersakaken déning Allah?" Yésus paring wangulan dhateng tetiyang kalawau: "Iki pagawéan kang dikarsakaké Allah, yaiku supaya kowé padha pracaya marang kang kautus déning Allah" (Yoh 6: 28-29). Setunggal prekawis ingkang dipun ajab déning sang Kristus tumrap kita sedaya, inggih punika pitados dhumateng panjenenganipun ingkang jumeneng dados: Margi, Kayekten lan Gesang.

KIDUNG PAMUJI

Psm: (*ngidungaken KPJ. 268: 1, 2, 3 PANGLIPURING TYANG PRIHATOS*)

Panglipuring tyang prihatos, klangenaning tyas kula
 Sakathah sumlanging batos, kasirnakken sadaya
 Sing swarga Gusti kang mulya, karsa tumedhak mriki
 Nyaur pundhat utang kula, Gusti gung kula puji

Iba-iba Gusti mlasi bangsa apes lan nistha
 Sing laknat Gusti ngluwari, margi sangsara séda
 Riwé, rah, waspa Paduka nèng Getsemané mili
 Ngluwari kula sing ukuman, mbikak margining swargi

Gusti tinuwék ing galih, déning poyok kang sengak
 Benduné Allah kang adil, sinanggi Gusti pyambak
 Nggirisí Gusti siniya, wonten ardi Golgota

Pasrah sinalib sarira, krana jagad duraka

PANGAKENING DOSA (sacara litani)

Pnsp:Dhuh Sang Kristus. Paduka njampangi kawula nalikani-pun kawula rumaos kasingsal lan tebih saking panyeng-kuyungipun tangga tepalih sakiwa tengen kawula. Ing kawontenan ingkangmekaten, kawula saèstu rumaos kijènan wonten ing satengah-tengahing ombyaking gesang padintenan. Dhuh Gusti, mugi asiha dhateng kawula.

Psm: (*mujèkaken KPJ 46:1, 2, 4. AWIT KATHAH DOSA KULA*)

*Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmengan
Gusti kang madhani manah myang tuking kabingahan*

Pnsp:Dhuh sang Kristus. Kawula sami tetanggan kaliyan tiyang ingkang manèka-warni, ing babagan watak kapribaden, nanging asring kawula sami mboten nglenggana, satemah ngraos mboten preduli dalah mangertosi kanthi satuhu sinten ta esunipun tangga kawula punika. Mugi paduka karsa ngapunteni kawula sami, menawi kawula sami ndarbèni raos cubriya dalah tetembungan sengit ngèbeki manah kawula. Punapa malih mugi Paduka karsa ngapunteni kawula menawi kawula sami kapeksa ngucap kasar sarta tumindak awon, satemah gesang kawula dados sandhungan ing saklebeting pasrawugan ing tengah-tengahing warga masyarakat. Dhuh Gusti, mugi asiha dhateng kawula sami.

Psm: (*mujèkaken PKJ.46: 2.*)

*Mugi karsa angaksama, ing klepatan kawula
Tyas kula mugi dadosa, padaleman Paduka*

Pnsp:Dhuh sang Kristus. Mugi Paduka ngluwari kawula saking pangangen-angen, tandang tanduk dalah dhasar panimbang ingkang klèntu ing sakebeting kawula sami nyikapi

manéka-warnining kawontenan, dadosa ing bab kapita-dosan punapadéné ing bab pangejawantahing panembah ing sakiwa tengen kawula. Mugi Paduka mbereg kawula sami, nggegesang raos madhep manteb minangka pan-dhérèk Tuwan ingkang wicaksana, ugi ingkang tansah nindakaken pasrawungan kanthi kebak ing kawicaksanan. Dhuh Gusti, mugi asihā dhumateng kawula sami.

Psm: (*mujèkakenPKJ.46: 4*)

*Kula mboten purun malih, karya sekel Paduka
Badhé tansah tuhu setya, tresna ing salaminya*

Pnsp: Dhuh Sang Kristus. Tumrap kawula pribadi mbaka pribadi, mugi Paduka karsa miyarsakaken pangakening dosa kawula:

... (ening sawetawis, pandonga pribadi)...

Punika dhuh Gusti pangakening dosa kawula. Namung wonten ing sihrahmat Tuwan kawula sami nyuwun pangaksami dalah sih palimirma Paduka. Dhuh Gusti, mugi Paduka kepareng ngresiki dosa kawula sami . Amin.

(Psm. Jumeneng)

PAWARTOS SIHRAHMAT

Pdt: Dhumateng saben tiyang ingkang sampun nalangsani dosanipun dalah sagah mratobat saking sedaya panerak-ipun, kaparingan wartos sihrahmat lumantar pangandi-kanipun Gusti: “Gusti Allah iku sanyata dadi karaharjanku; aku kumandel ora kalawan gumeter, amarga Sang Yéhuwah Allah iku kakuwatanku lan masmurku, Panjenengané wus dadi karaharjanku”. (Yésaya 12: 2).

Mekaten pawartos sihrahmat saking Gusti!

Psm: **Puji Sokur konjuk ing Allah!**

Pdt: Tansah suka renaa ing Gusti, pandengen Sang Kristus kang gumantung ing kayu salib, lan uripa ing sakjroning

tentrem rahayu marang saben wong sakiwa tengenmu.
 Tentrem rahayuné Sang Kristus nyartani kowé kabèh.
*(Pasamuwan sami jawat asta lan ngucap: "Tentrem
 rahayunipun Sang Kristus nyartani panjenengan ")*

PANGIDUNGIPUN PASAMUWAN

*(Sami nélakaken tékad gesang anyar sarana memuji saking
 PKJ 275: 1-3: SRANA MANDENG ING SALIB)*

Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang
 Tinebus sagung dosanira, dé cempéné Allah
 Kang sinalib ngrembat, ngesahaken duraka kita
Reff.:

*Swawi dèn pandeng, srana mandeng ing salib
 Tyang dosa gesang, tinebus sagung dosanira*

Napa ta damelé Gusti Yésus seda, yen datan
 ngruwat dosa kita. Napa ta damelé nombokaken nyawa
 yen datan nebus dosa kita

Reff.:

Swawi ngungsi mring Gusti tyang dosa gesang
 Dosa kita dènunjukena, mesthi antuk apura
 Temah agesang, mbok dèn tampi lan suka-rena
Reff.:

(Pasamuwan Lenggah)

PALADOSANING PANGANDIKA

Pandonga Paladosan

Pdt: *(Ndedonga nyuwun tuntunanipun Sang Roh Suci)*
 Kawula ndedonga ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus

Psm: Amin.

Pamaosing Kitab Suci

Waosan kapisan

L1: Waosan 1, **Pangentasan 17: 1-7** (kawaos).

Mekaten sabdanipun Gusti.
 Psm: **Puji Syukur konjuk Gusti.**

Mazmur Tanggapan

Pnsp: Kapendhet saking Jabur Mazmur **95** (kawaos sacara imbal-imbalan)

Waosan kaping kalih

L2: Kapendhet saking, **Roma 5: 1-11** (kawaos).
 Mekaten sabdanipun Gusti.

Psm: **Puji Syukur konjuk Gusti.**

Waosan Injil

Pdt: Waosan Injil kapendhet saking Injilipun Gusti Yésus Kristus miturut **Yohanes 4: 5-42** (*kawaos*). Ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken dalah nindakaken sabdanipun Gusti ing salebeting gesang padintenanipun. Hosiana

Psm: (*Mujèkaken*) **Hosiana (3x).**

Wedharing Sabda (Khotbah)

Wekdal Ening

Koor/VG menawi wonten

(*Pasamuwan jumeneng*)

PANGAKENING SAHADAT PITADOS RASULI

Pnsp: Minangka peranganing umatipun Gusti ing jagad dalah sakindhenging jaman, sumangga kita sami ngenegeti lan ngucapaken wangslu Sahadat Pitados Rasuli minangka pangakening pracaya kita:

Psm: **Kawula pitados..... Islj**

(*Pasamuwan lenggah*)

PANDONGA SYAFAAT

Pdt: (*nuntun pandonga syafaat*)

PISUNGSUNG

Pnsp: Saklebetipun kita atur pisungsung, sumangga kita ngèngeti pangandikanipun Gusti ing kitab **1 Babad 29: 17a** ingkang ngandika: “Kawula sumerep dhuh Allah kawula, bilih Paduka punika ndadar manah saha rena dhateng manah ingkang éklas, milanipun kawula inggih ngunjukaken punika sedaya kanthi manasuka saha kalayan legawaning manah”.

Pamujining Pasamuwan

Kempaling pisungsung kairingan kidung KPJ. 169.
LAMUN KAWULA.

Lamun kawula dhuh Rama, darbé atur panyuwun
Mugi kula nggih sageda, nrimah sakarsanipun
Lir pandonganipun Gusti, ywa pikajeng kawula
Mung karsèng Rama pribadya kang tansah binabarna

Sagung peparingé Allah, saèstu mumpangati
Mila kula tansah nrimah, sarta kanthi pamuji
Lir pandonganipun Gusti, Ywa pikajeng kawula
Mung karsèng Rama pribadya kang tansah binabarna

Mung katresnaning Pangéran, dados tuking panglipur
Mila sisah, karibedan, aturna kang Maluhur
Lir pandonganipun Gusti, Ywa pikajeng kawula
Mung karsèng Rama pribadya kang tansah binabarna

(*Pasamuwan Jumeneng*)

Pandonga Pisungsung

Pnsp: Pandonga sokur lan donga Rama Kawula)

..... Kawula ndedonga ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus
ingkang sampun mulang kita sedaya ndedonga Donga
Rama Kawula:

Psm: **Amin.**

PANGUTUSAN

Kidung Pangutusan

Psm: (*Mujèkaken, KPJ 346a: NDEDONGA LAN MAKARYA*)

Ndedonga lan makarya, kanthi trusing driya
 Mbabarken sihing Gusti, mring sagung sesami
 Murih tentrem raharja, sumrambah sadonya
 Asmanyang Mamulya, pinuji slaminya

Ndedonga lan makarya, kanthi sukarena
 Martosken Injil suci wrata ing sabumi
 Mrih sihrahmating Gusti, tinampi sesami
 Temah samya wilujeng, sarta gesang langgeng

Ndedonga lan makarya, ditansah waspada
 Yèn tinempuh panggodha, tan gumiwang tiba
 Manggul salibing Gusti, manut ing prèntahnya
 Tansah setya ngabekti, lan manteb pracaya

Pangutusan

Pdt: Sami ngejawantahna patunggilan panjenengan kalian
 Sang Kristus ing saklebeting manèkawarnining gesang
 panjenengan

Samangké, enerna manah panjenengan dhumateng Gusti!

Psm: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti.**

Pdt: Dadosa seksinipun Sang Kristus kanthi kekahing pitados
 ing tengah-tengahing pasrawungan masyarakat ingkang
 manèkawarni sipatipun.

Psm: **Puji Syukur konjuk dhumateng Allah.**

Pdt: Pinujia Gusti, Sang Sumbering Gesang!

Psm: **Samangké lan ing salamipun.**

LUMANTARING BERKAH

Pdt: Tentrem rahayu dalah Katresnan awit saking pracaya dhumateng Allah Rama, lan Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan (kita) sedaya. Pepariring Sihrahmat nyartani sedaya tiyang, ingkang nresnani Gusti kita Yésus Kristus kanthi katresnan ingkang tanpa kendhat. Mugi Roh Suci nyagedaken panjenengan (kita) dados seksi Injilipun Gusti. Hosiana, Amin.

Psm: (*Mujèkaken*) **Hosiana 5x, Amin 3x**

(Pangibadah sampun purna, Pdt mandhap saking mimbar ngetutaken Pnsp/Imam)

[nm/ytd]



Liturgi Minggu Prapaska IV*Minggu, 22 Maret 2020***Keterangan:**

Keterangan:

Prd: Pradata

Plsb: Pelados Sabda

U: Umat

L: Lektor/pamaos teks Kitab Suci

**Martosaken
Pakaryanipun
Gusti**

**PECAWISAN**

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu kanggé mbiyantu warganing pasamuwan lumebet ing swasana pangibadah ingkang khidmat.
- Warga pasamuwan sami tidhem, ngeningaken manah minangka pecawisan lumebet ing pangibadah
- Pamaosing pawartos pasamuwan

TIMBALAN PANGIBADAH

Prd1: Pasamuwan ingkang dipun kasihí déning Gusti, pamuji sokur kita dhumateng Allah awit sihkamirahanipun, badhé kita télakaken ing saklebeting pangibadah wanci punika. Kita lumebet ing saklebeting pangibadah kanthi antebing manah bilih Gusti kanthi setya tuhu ngrimati gesang kita sami. Pramila sumangga kita sesarengan memuji asmani-pun kanthi ngrepékaken kidung KPK 5: 1-3.

(Umat Jumeneng)

KPK 5 PAMUJI KONJUK GUSTI

Pinuji puji Gusti kang nitahken jagad raya
Nggih siyang dalah ratri tansah lubèr sihrahmatnya,
Donya gingsir wah sirna sihnya langgeng slaminya.

Pinuji puji Gusti nggih Allah kang Mahamirah,
pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
salir ingkang pinanggya dados margining begja.

Pinuji-puji Gusti Hyang Maluhur Mahasuci,
kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa,
wah tinuntun mring swargi mrih kraharjan sejati.

VOTUM

Plsb: Kita lumebet ing pangibadah punika kanthi pangaken: Juru pitulung kita punika Gusti piyambak, Gusti ingkang sampun nitahaken langit lan bumi dalah sedaya isinipun, saha ingkang tansah setya tuhu netepi prasetya kawilujengan ingkan sampun kaprasetyakaken.

U: **(mujèkaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

Plsb: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, tuwin saking Gusti kita Yésus Kristus, mugi nunggila ing panjenengan sedaya.

U: **Nunggila ing panjenengann ugi**

(Umat lenggah)

ATUR PAMBUKA

Prd2: Gesangipun manungsa punika mboten andheg, tansah silih gumanti lan mboten pedhot-pedhot ngalami éwah-éwahan. Éwa semanten sihsusetyanipun Allah tansah binabar ing sakuruting gesang ingkang sami kita lampahi. Awit panjenengan-Ipun punika ingkang sampun rumeksa lan ngrimati kita. Panjenenganipun ugi ingkang tansah nyawisaken sedaya kabetahan kita. Kita ngraosaken ayem lan tentrem ugi karana panjenenganipun nyarengi gesang kita.

U: **(mujèkaken KPK 8: 1-3)**

KPK 8. ALLAH MAASIH

Allah Ma' asih asung putranya
 Allah Ma' asih mring manungsa.
 mila kula ngidung Allah Ma' asih
 Allah Ma' asih mring manungsa.

Gusti ingutus dadya pamarta,
 Gusti ingutus nebus kula.
 mila kula ngidung Allah Ma' asih
 Allah Ma' asih mring manungsa.

Gusti Pamarta nombokken nyawa,
 Gusti Pamarta mbirat dosa.
 mila kula ngidung Allah Ma' asih
 Allah Ma' asih mring manungsa.

PANALANGSANING DOSA

Plsb: (Maosaken Mat. 22: 37-40)

Mboten wonten setunggal tiyang kémawon ingkang saged kanthi sampurna nglampahi pepakèn punika. Awit kita asring langkung nresnani dhiri pribadi kita piyambak katimbang nresnani Gusti lan sesami. Awit saking punika sumangga kita sami nélakaken panalangsa lan pitobat kita wonten ing ngarsanipun Gusti lan sesami)

U: (mujèkaken KPK 50: 1-2)

KPK 50: 1-2 KULA KEDUWUNG
 Saèstu keduwung kula déné kirang setya
 dhinawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami,
 nging tan ana bukti adhuh Gusti nyuwun suci.

Saèstu keduwung kula dé gesang mung nglaha,
 kèleu pangwasaning dosa mung nguja sengseming driya,
 lampah tan prayogi, adhuh Gusti nyuwun suci.

PAWARTOS SIHRAHMAT

Plsb: Karana saking katresnanipun ingkang tanpa winates, Gusti Allah keparang nampèni panalangsa lan pitobat kita ingkang kanthi tulusing manah sampun kita luntakaken wonten ing ngarsanipun. Awit saking punika Ingkang Maha Asih karsa ngapunteni kita lumantar pakaryanipun. Sareng kaliyan punika, Gusti Allah ugi karsa nuntun tiyang ingkang sampun kaapunten dosanipun kalawau lumebet ing gesang anyar minangka pamuji sokuripun. Pangandikanipun Gusti ing 1 Kor. 6: 20 nélakaken ***"Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas: Mulané padha ngluhurna Gusti Allah srana badanmu!"***

(Umat jumeneng)

U: (*Mujèkaken KPK 163: 1-3*)

KPK 163. PITOBAT

Biyèn nglirwakaké sabdaning Gusti
mung karepé dhéwé kang dituruti
samangkya mratobat nampi sih rahmat
migatosken tansah karsaning Allah

Reff.:

*Mring Yésus Pamarta pasrah jiwa raga
sinung gesang yekti unggul sing pati.*

Biyèn nggunggung dhiri mburu kadonyan,
tan nggapé mring Gusti nytingkur kaswargan,
mangkya anoraga ngendelken Gusti,
mempeng nggayuh swarga mbabar sih yekti,

Reff.:

Biyèn urip mblunthah mursal ing lampah,
nguja hawa raga manut ing dosa,
mangkya mesu budi ing lampah suci,
martosken Injilnya maring pepadha,

Reff.:

(Umat lenggah)

PALADOSAN SABDA

Plsb: (Donga nyuwun tedhakipun Roh Suci)

U: (Mujèkaken KPJ 197, Lektor mapanaken dhiri)

KPJ 197 KULA SAMPUN SIYAGA

Kula sampun siyaga Gusti, sumadya nampèni sabda mulya.

Kula sujud manembah Gusti, marak ngabyantara sapunika.

Mugi Gusti maringi berkah dhumateng kawula ing samangkya.

Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.

Sabda Paduka datan éwah gingsir.

Saking mula buka, ugi sapunika wah salaminya.

Sabda Paduka wonten gesang kula.

Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking **1 Samuel 16: 1-13**.

Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti saking I Samuel 16: 1-13 kala wau kanthi maos sacara imbal-imbalan **Mazmur 23**.

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking serat **Efesus 5: 8-14**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Allah**

Waosan Injil

Plsb: Waosan Injil kapendhet saking **Yohanes 9: 1-41**

Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabda-

nipun Gusti lan ugi sami dipun estokaken ing gesang padintenanipun. HOSIANA.

U: (*mujèkaken HOSIANA*)

Khotbah Wekdal Ening

(*Umat Jumeneng*)

Pangakening Sahadat Rasuli

M3: Sesarengan kaliyan tiyang pitados ing sedaya jaman, sumangga kita ikraraken lan antebaken malih punapa ingkang sampun kita pitadosi kanthi ngucap sesarengan Sahadat Pitados Rasuli:

U: (Sesarengan ngucapaken Sahadat Pitados Rasuli: Kawula pitados)

(*Umat Lenggah*)

Pandonga Syafaat

Plsb: (Ngantarakken pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

Prd4: Atur panuwun sokur ingkang kita unjukaken saklebetung pangibadah srana misungsung punika kita landhesi Sabdaniun Gusti kados ingkang sinerat wonten ing serat Roma 11: 36, "Awitdéné anané samubarang kabèh iku saka ing Panjenengané, lan marga déning Panjenengané, sarta lumadi marang Panjenengané; Kamulyan kagem ing Panjenengané salawas-lawasé!"

U: (*mujèkaken KPJ 162: 1-*)

KPJ 162 KATUR NGARSA PADUKA, GUSTI

Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kula.

Jiwa raga kula mugi aso nèng asta Paduka.

Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Mahakwasa.
Amin.

Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus.

Tresna miyah suka-pirena Paduka srahken mring kula.
Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari.

Katresnanta Paduka, Gusti wonten ing Yéusus kawedhar.
Kula pasrah kang trusing ati, sumarah kalayan lejar.
Kula sèstu rumaos begja linubèran rahmat Paduka.

(Umat Jumeneng)

Pandonga Pisungsung

Prd4: (Nglantaraken pandonga pisungsung, panutuping pangibadah saha dipun pungkasi kanthi pandonga Donga Rama Kawula)

Pepujèn Pangutusan

U: (Mujèkaken KPJ 445: 1-3)

KPJ 445 MUGI GUSTI KARSA ANGUTUS

Mugi Gusti karsa angutus utusan kados duk kinanipun,
ingkang ngemban sabdaning Allah lan martosken
sihpiwelasipun,
supados tyang salumahing bumi sami nampia Injiling Gusti.

Mugi Gusti ngutus pra abdi sembada setya miyah taberi,
Nyebar pawartos basuki gumelar ing salumahing bumi
Supados tyang sami pitadosa,
temah ngraosken tentrem raharja.

Mugi Gusti madhangi manah kang peteng
wit pamengkuning dosa.

Temahan pra tiyang kang wangkot lan kang kawengku ing
gugon tuhon mratobata,
pitados mring Gusti klayan bingah, asmané pinuji.

PANGUTUSAN

Plsb: Mengkera saking papan pangibadah punika kanthi kebak raos kabingahan awit ngèngeti Sabdanipun Gusti bilih Panjenenganipun teras makarya ing saklebeting gesang kita sami. Lampahaha gesang panjenengan kanthi raos kebak pamuji sokur lan sami setyaa nindakaken timbalanipun Gusti. Gusti ngamping-ampingi gesang panjenengan srana berkahipun.

BERKAH

Plsb: Gusti Allah mberkahi lan ngayomi panjenengan (kita), Gusti Allah nyunaraken cahyaning wedananipun lan maringaken sihrahmat. Gusti nungkulaken wedananipun dhumateng panjenengan (kita) lan maringi panjenengan (kita) tentrem rahayu. Amin.

U: (mujèkaken KPK 149: 1,2)

KPK 149. GUSTI NUNTUN

Gusti nuntun lampah kula saklangkung nggèn kula begja celak miwah tebih ugi tansah dipun kanthi Gusti

Reff.:

Nggih Gusti kang nganthi kula astanya pyambak kang ngreksa mila kula manut Gusti kang dados Panebus yekti.

Dadosa ing wanci siyang, punapa kesaput ratri,
manah peteng miwah padhang, kula tansah dipun kanthi,

Reff.:

[swd/ytd]



Liturgi Minggu V Prapaska
Minggu, 29 Maret 2020

Katrangan:

IM: Imam
 U: Umat
 PS: Pelados Sabda
 PL: Pelados Liturgi
 L.: Lèktor

Pitados
dhumateng Allah
ingkang
Nggesangaken

***Pacawisan Pangibadah***

1. *Bèl 1 : Pradataning pasamuwan kalayan sadaya ingkang kajibah ngladosi pangibadah ndedonga ing konsistorium, umat nindakaken wekdal ening.*
2. *Bèl 2 : PL mlebet dhateng papan pangibadah, maos Pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.
 Nyumet lilin Minggu Prapaska V, pangibadah kawiwitan.*

--- (*Umat jumeneng*) ---

TIMBALAN NGIBADAH

PL: Lumebet ing Minggu kaping gangsal Prapaska punika, sumangga kita NGIBADAH dhumateng Gusti Allah kanthi ngluhuraken Asmanipun Gusti kanthi ngrepèkaken KPJ 23:1-3.

KPJ 23. PUJI MRING ALLAH

Do=F 3/4

- 1) Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisesa.
 Muji ramnya, binarung lan sawernining gangsa.
 Pangidungnya klayan bingah ing manah,
 nggunggung Gusti ning pratitah.

- (*Para palados pangibadah mlebet ing papan pangibadah*) -

- 2) Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.
 ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.
 wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.
 tinebus temah waluya.
- 3) Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
 tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.
 dadya dilah, andel-andel satuhu.
 Pujinen lan trusing kalbu!

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu Prapaska kaping gangsal punika kelampahanipun awit saking Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.
 U: (*Ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin!**

SALAM

PS: Gusti Allah nunggila ing panjenengan!
 U: **Samangké ngantos dumugi ing salami-laminipun!**

--- *Umat lenggah* ---

PAMBUKA

PL: Gesangipun manungsa mboten naté uwal saking sawernining kasangsaran tuwin kasisahan. Asring kita mboten nggadhahi kakiyatan ingkang cekap kanggé nanggulangi sawernining pakèwed punika, ngantos karaosaken awrat sarta angèl sanget dipun tanggulangi. Kangèlaning nanggulangi pakèwed sarta awrating sangsara ingkang kedah kasanggi saged nuwuhaken pratingkah kuwtos, kuciwa, lan pepes tanpa daya. Marupi-rupi kasangsaran saha kasisahan saged ndamel tiyang kagungan pratingkah katelukaken, kawon, sarta mboten nggadhahi grengseng-ing gesang kanggé njenggèlèk saking anggèn kita keblesek.

Lumebet ing Minggu Prapaska kaping gangsal punika, umat dipun atag supados sinau pitados dhumateng pangluwaosipun Allah ingkang nggesangaken tuwin maringi kakiyatan anyar kanggé sumingkir saking raos kasoranan utawi uwal saking blengguning kasangsaran tuwin kasisahan.

U: (*Ngidungaken KPJ 99:1-3)*
KPJ 99 AKU DUWÉ PAMARTA

Do=D 3/4

- 1) Aku duwé pamarta, Yésus Kristus asmanya,
kang wus ngurbanken sarira, ngruwat aku sing dosa
Rèff. : Satuhu Gustiku, Yésus Kristus Pamartaku,
dak puji trus ing kalbu.
- 2) Aku duwé Pamarta, satuhu ing kasetyan.
Yèn aku nyangga panandhang, pinaringan karosan.
Rèff. : Satuhu Gustiku, Yésus Kristus Pamartaku,
dak puji trus ing kalbu.
- 3) Aku duwé Pamarta, putrèng Allah pribadya.
yèn aku karoban susah, tinunggil mrih tan lesah.
Rèff. : Satuhu Gustiku, Yésus Kristus Pamartaku,
dak puji trus ing kalbu.

PANGAKEN DOSA

PL: Samangké kita kacawisan wekdal kanggé sowan wonten ing ngarsanipun Gusti kanthi pandonga, nelangsani dosa kita sarta nyuwun pangapunten dhumateng Gusti tumrap sedaya dosa sarta kalepatan kita. Kaaturan sami ndedonga sacara pribadi ...

U: (*Umat ndedonga ngakeni dosa sacara pribadi, kairingan lelagon musik KPJ 48 kirang langkung satunggal pada*)

PL: (*Nutup pandonga sasampunipun umat ndedonga pa ngaken dosa sacara pribadi*)

U: (*Ngidungaken KPJ 48:1-2)*
KPJ 48 GUSTI ANGANTYA SIRA

Do=D 3/4

1) Gusti angantya sira wong dosa.

Aruming swara nimbali sira.
 Nyuwuna luwar lan pangapura!

Mareka, saosna ati nira!
 Refrein: Lah mareka! Gusti angantya,

aywa adoh-adoh, umareka!
 Gusti anganti-anti sira!
 Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

2) Hé, wong dosa, lempar dalanira.

Nyata gampang lamun liniwatan.

Nging sira tan nduga tan uninga!
 yéku tan anjog mring nagri baka!

Refrein: Lah mareka! Gusti angantya,
 aywa adoh-adoh, umareka!
 Gusti anganti-anti sira!
 Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

--- (*Umat jumeneng*) ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: "Rahayu wong kang padha kaapura paneraké, lan kang dosa-dosané kaaling-alingan; rahayu wong kang kaluputané ora kaétang déning Allah" (Roma 4:7-8).

Makaten pawartosing sihrahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PS: Karahayonipun Sang Kristus kagema ing panjenengan

U: **Kagema ing panjenengan ugi.**

SALAM KATENTREMAN

U: (*Sami jawat asta sinambi ngucapaken: "tentrem rahayu", nunten ngidungaken KPJ 460 rambah kaping tiga*)

KPJ 460 TENTREM-RAHARJA

Do=E 4/4

Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita;
tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita.

--- (*Umat lenggah*) ---

PALADOSAN PANGANDIKA

Pandonga Paladosan Sabda

PS: (*Nuntun pandonga paladosan sabda kanthi nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)

Pamaosing Kitab Suci

Waosoan Kapisan

- L1: (*Maos Yéhèzkièl 37: 1-14*)
Makaten sabdanipun Gusti Allah!
- U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Masmur Tanggapan

- L2: (*Maos Jabur Masmur 130:1-8*, saged gentosan kaliyan umat).

Waosoan Kaping Kalih

- L3: (*Maos Roma 8:6-11*).
Makaten sabdanipun Gusti Allah!
- U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Waosoan Injil

- PS: (*Pamaosing Injil kapendhet saking Injil Yohanes 11:1-45*. Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggil punika ingkang mirengaken Pangandikanipun Allah lan ingkang ngèstokaken. Hosiana!

- U: (*Ngidungaken*) **Hosiana, Hosiana, Hosiana!**

Khotbah

Wekdal Ening

--- (*Umat jumeneng*) ---

PANGAKEN PITADOS

IM.: Sumangga kita sami ngénggalaken kapitadosan kita kanthi sesarengan ngucapaken Sahadat Kalihwelas ingkang mekaten

--- (*Umat lenggah*) ---

PANDONGA SYAFAAT

PS: (*Ngonjukaken pandonga syafaat*)

PISUNGSUNG

Saos pisungsung

IM: Sumangga kita talesi pisungsung ingkang kita aturaken Gusti Allah kanthi midhangetaken paseksinipun 2 Korintus 8:14-15 makaten,

‘Mulané beciké saiki kaluwihanmu kanggoa nyukupi kakuranganing liyan, supaya kaluwihaning liyan mengko genti kanggo nyukupi kekuranganmu, temahan banjur dadi timbang. Kaya kang katulis, "Wong kang olèh akèh, ora turah lan kang olèh sathithik ora kurang."’

U: (*Ngidungaken KPJ 181:1-3*)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasih, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkih;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;
sokur méga angantariksa, miwah surya ndhadhari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.

Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

--- (*Umat jumeneng*) ---

IM: (*Nuntun pandonga saos pisungsung*)

Kidung Pangutusan

U: (*Ngidungaken KPJ 439:1, 3)*
KPJ 439 ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa,
kathah tyang kang ngresula.
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Reffr : Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngèngetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.
- 3) Ngundhangna Injil Kratoning Swarga,
kinanthia pandonga,
mrih luwar saking kwasaning dosa,
wah gesangnya sembada.
Reffr.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngèngetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.

PANGUTUSAN

- PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
- U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
- PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.
- U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

PS: Pinujia Gusti Allah kita

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun**

BERKAH

PS: Panjenengan nampènana berkahipun Gusti,

“Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);

Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;

Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu.”

U: (*Ngidungaken*) **Hosiana 5X , Amin 3 X**

[ds-den]



Liturgi Minggu Palmarum

Minggu, 5 April 2020

PS: Pelados Sabda
 PL: Pelados Liturgi
 U: Umat
 Pns: Pinisepuh
 Dkn: Dhiaken
 L 1: Lèktor 1
 L 2: Lèktor 2
 L 3: Lèktor 3

Andhap-asor minangka Cirining Putranipun Allah



Catetan:

- *Amargi dinten punika Minggu, mila korining gedhong gréja sarta papan pangibadah saged dipun rengga mawi papah palem.*
- *Prayogininipun saben umat ngansta satunggal pang papah palem kanggé kabetahan pangibadah dinten punika. (kawartosaken ing pangibadah Minggu sadèrèngipun)*
- *Ing sangajenging kori papan pangibadah kacawisan pang-pang papah palem kaparingaken ing satunggaling méja alit (kenap), ngèngeti bilih pangibadah kawiwitan saking kori mlebet papan pangibadah.*

PACAWISAN

- Prayogi kaungelaken lelagon musik tanpa nyanyian (instrumèntalia) saking Nyanyian Pepujèn.
- Pandonga pribadi.
- Bèl kaping sapisan pandonga konsistorium.
- Pamaosing pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.
- Panyumeting lilin.
- Bèl kaping tiga tandhaning pangibadah kawiwitan.

--- *Umat lenggah* ---

TIMBALAN PANGIBADAH

- PL: Para Sadhèrèk ingkang kinasih ing Gusti Yésus Kristus, dinten punika kita mlebet Minggu Palem. Sesarengan kaliyan kita badhé ngènget-ènget lelampaahan nalikanipun Gusti Yésus mlebet kitha Yérusalèm sarta dipun arak déning tiyang kathah. Riyaya punika katujokaken kanggé mèngeti sangsaranipun Gusti Yésus Kristus. Gusti Yésus nitih kuldi tindak dhateng Yérusalèm. Tiyang golongan ingkang kathah cacahipun sami njèrèng pangagemipun wonten ing margi.
- U: **Ugi wonten ingkang nyabar pangpanging wit-witan ingkang taksih ijem kapendhet saking tegal.**
- PL: Tiyang-tiyang sagolongan sami lumampah wonten ing sa-ngajenging Panjenenganipun sarta lumampah ing sawing-kingipun.
- U: Sumangga kita sami ndhèrèk nambut Panjenenganipun! (*umat nglèbèt-nglèbètaken papah palem, sinambi nguuhuw uwuh*) **Hosana! \ binerkahana ingkang rawuh \ atas asmanipun Pangéran!**

--- *Umat jumeneng* ---

- U: **(*Ngidungaken KPJ 30: 1-3; pada 1 karepèkaken kaping kalih*)**

KPJ 30. GUSTI YÉSUS PAMARTA

Do=D

Swawi pra kadang, disamya agirang.
Di sora-sora angalembana,
mring Gusti kita, Kang Mahawilasa.

--- *Kanthi nglèbèt-nglèbètaken papah palem para Palados
Pangibadah mlebet dhateng papan pangibadah nglangkungi
kori ngajeng* ---

Swawi pra kadang, disamya agirang.
 Di sora-sora angalembana,
 mring Gusti kita, Kang Mahawilasa.

Sihé Pangéran mring kita pra umat,
 tanpa wilangan wah tanpa kendhat.
 Yogyo pinuji lan pinundhi-pundhi.

VOTUM DAN SALAM

- PS: Binerkahana ingkang rawuh atas asmanipun Pangéran!
 U: (*nglèbèt-nglèbètaken papah palem*)
Hosana konjuk ing Putranipun Daud!
 PS: (*nglèbèt-nglèbètaken papah palem*)
Hosana wonten ing ngaluhur!
 U: (*nglèbèt-nglèbètaken papah palem*)
Hosana... Hosana.. Hosana...
 PS: Gusti Allah nunggila ing panjenengan!
 U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

--- *Umat lenggah* ---

KIDUNG PAMUJI SOKUR

U: (*Ngidungaken KPJ 59:1-2*)
 KPJ 59. PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH

Do=F 3/4

- 1) Pinujia tansah Allah Mamirah,
 kang gung tresnanira mring salir titah.
 Tyang dosa duraka sinung apura,
 tinebus sing pati temah basuki
 Rèff.: Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !
 Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
 Pasrah mring Allah srana pracaya
 margining waluya tentrem raharja.
- 2) Pinuji slaminya Allah Matresna,
 kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,

nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.

Rèff.: Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah mring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.

LITANI PANGAKEN DOSA

PL: Pamaosing Angger-angger Katresnan kapendhet saking Matius 22:37-40 ingkang makaten,

"Panjenengané ngandika marang wong iku, "Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhé lan luhur dhéwé. Déné angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé. Kabèh isining Torèt lan kitabé para nabi iku gumantung ing angger-angger loro mau."

Sumangga kita ndedonga:

Dhuh Gusti, kawula ngakeni bilih watak kuméngsun lan anggèn kula namung mikir kabetahan kawula piyambak asring ndadosaken kawula mboten kuwawi ngeneraken gesang dhumateng Paduka

Nalika Paduka nimbal, kawula mboten mangsuli

Nalika Paduka maringi dhawuh, kawula mboten netepi.

Nalika Paduka amberkahai, kawula kesupèn ngaturakén panuwun.

U: **Karsaa ngapunteni \ kalepatan kawula \ dhuh Gusti!**

PL: Paduka nampèni kawula punapa wontenipun,
ananging kawula asring nampik sesami kawula.

U: Paduka karsaa \ ngapunteni dosa kawula

PL: Kawula asring nggethingi sinten kémawon,
katresnan kawula dhateng sesami kalamangsanipun namung semu tuwin akanthi syarat

- U: Ananging Paduka tansah nresnani kawula kanthi tulus,
Karsaa \ ngapunteni kalepatan kawula \ dhuh Gusti!
- PL: Paduka mredulèni tiyang-tiyang ingkang kasingkiraken,
 ingkang mlarat sarta kerapan,
 ananging kawula asring ngréméhaken tiyang-tiyang punika.
 Paduka ngudi kasaénan kanggé tiyang-tiyang cintraka,
 ananging kawula ngudi kasaénan namung kanggé dhiri
 pribadi kawula piyambak.
- U: **Karsaa \ ngapunteni kalepatan kawula \ dhuh Gusti!**
(Ngidungaken KPJ 52:1, 3)

KPJ 52 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA

Do=C 4/4

- 1) Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,
 damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.
 Rèff.: Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
 sinucèkken sing dosa.
 Mugi manah kula kaénggalna,
 mituhu Paduka.
- 3) Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
 wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.
 Rèff.: Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
 sinucèkken sing dosa.
 Mugi manah kula kaénggalna,
 mituhu Paduka.

--- *Umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIHRAHMAT

- PS: Gusti Allah kita sayektos Mahaasih. Panjenenganipun
 mboten énggal-énggalan maringi paukuman dhateng
 putra-putranipun ingkang damel dosa sarta nindakaken
 panerak, ananging Panjenenganipun ngersakaken sami
 mratobat. Pangandikanipun makaten,

”Rayung kang pepes tumelung ora bakal kakethok, tuwin uceng-uceng kang melik-melik ora bakal dipatèni, nanging iku bakal ngundhangaké kabeneran kalawan setya. Awaké dhéwé ora bakal lesah lan ora bakal pepes tumungkul, nganti wus rampung anggoné njejegaké kabeneran ana ing bumi; sakèhing pulo-pulo ngarep-arep marang piwulangé” (Yésaya 42:3-4).

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah!

U: Puji sokur konjuk Gusti Allah.

(*Ngidungaken KPJ 77:1-2*)

KPJ 77. IBA ADI TUWIN ÉNDAHNYA

Do=G 3/4

- 1) Iba adi tuwin éndahnya dinten ageng ingkang mulya.
Tiyang dosa wanuh Pamarta, samya nampi gesang nyata.
Gesang ing astaning Panutan ingkang kebak kaayeman.
Sagung dosa sampun ical; mangkyia ngrasuk gesang énggal
- 2) Iba adi tuwin éndahnya pawartos ingkang kapyarsa
Turut margi arum swaranya pangundhanging kabar adya
Kabar rahmat saking Pangéran rentahing berkah kraharjan
Kula samya tiyang dosa rinentahan palimirma.

--- *Umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

Paladosan Sabda

PS: (*Nuntun pandonga paladosan sabda kanthi nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

- L 1: Waosan kapisan kapendhet saking Kitab Nabi **Yésaya 50:**
4-9a (*sasampunipun maos waosan kapisan, kapungkasan kanthi pratéla ing ngandhap punika*)
“Makaten sabdanipun Gusti Allah.”

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L 2: Kita tanggapí Waosan I kanthi pamaosing **Jabur Masmur 118: 1-2, 19-29** kanthi gentosan.

Waosan Kalih

L 3: Waosan kaping kalih kapendhet saking Serat **Filipi 2: 5-11.** (*sasampunipun maos waosan kapisan, kapungkasan kanthi pratéla ing ngandhap punika*)
“Makaten sabdanipun Gusti Allah.”

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil: **Matius 21:1-11**
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.
“Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sarta sami ngecakaken pangandikanipun Gusti. Hosiana!”

U: (*ngidungaken KPJ 468)*
Hosiana, hosiana, hosiana!

Khotbah

Wekdal Ening

PANDONGA SYAFAAT

PS: (*Nuntun pandonga syafaat*)

PISUNGSUNG

Dkn: Sumangga kita téjakken raos sokur kita lumantar atur pisungsung. Pangandika ingkang nalesi pisungsung kita, kapethik saking 2 Babad 31:12a,

“Anadéné wong-wong padha setya anggoné masrahaké mrono sakèhé pisungsung-mligi, pisungsung prasapuluhan lan pisungsung-pisungsung suci.”

U: (*Ngidungaken KPJ 181:1-3)*
KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringgaing pakarya, nadyan badamba ringkikh;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;
sokur méga angantariksa, miwah surya ndhadhari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

--- *Umat jumeneng* ---

Dkn: (*Nuntun pandonga caos pisungsung kapungkasan Donga Rama Kawula*)

PANGAKEN DOSA

Pns: Sumangga sesarengan kaliyan pasamuwan ing salumah-ing bumi sarta ing sauruting wekdal, kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli

PANGUTUSAN LAN BERKAH

Kidung Pangutusan

U: (*Ngidungaken KPJ 447:2-3*)
KPJ 447. PRA ABDINING GUSTI

Do=D 4/4

- 2) Pra putraning Allah, padha dèn panggah setya dadi seksi Injiling Allah.
Nyanggemi dhawuhnya kang trus ing ati,
manteb ing pracaya tumekèng janji.

Rèff.: Yekti Iblis culika lan julig maéka*
 Ditegen ndendonga, Gusti kang ngreksa.

- 3) Pra wong kang pracaya, ditunggal sedya,
 nyirik pasulayan, mbangun katesnan.
 sangkul - sinangkula bot répotira,
 amrih roh piala sirep dayanya.
 Rèff.: Yekti Iblis culika lan julig maéka*
 Ditegen ndendonga, Gusti kang ngreksa.

Pangutusan

- PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
 U: **Kanthy ngeneraken manah, kawula nggadhahi kaken-delan kanggé sinau dados abdi ingkang andhap-asor.**
 PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus,
 U: **Ingkang samekta ngabaraken bilih prasetyanipun Gusti tansah dipun tetepi.**
 PS: Pinujia Gusti Allah kita,
 U: **Lumantar gesang kawula ing ngriki, sapunika, ngantos ing salami-laminipun.**

Berkah

- PS: Tampènana berkahipun Gusti,
 “Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);
 Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;
 Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu.”
 U: **Hosiana (5x), Amin (3x).**

[ys-den]



Liturgi Kemis Pethak

Kemis, 9 April 2020

Katrangan:

P: Panutur

Y: Yésus

L1: Murid Yesus 1 (Petrus),

L2: Murid Yesus 2 (Yudas),

PS: Palados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

Abdi ingkang Pitados



PACAWISAN

- Pacawisan ing konsistori.
- Musik lamat-lamat kaungelaken (menawi saged ngginakaken musik *tradisional*)

P: Sugeng dalu para Sadhèrèk. Dalu punika kita badhé ngraos-raosaken timbalanipun Gusti Allah dhateng saben kita kanggé dados abdinipun Gusti Allah. Dados abdinipun Gusti Allah punika gampil, ing satengahing tuntutanipun jaman supados kita madosi panguwaos, kasugihan, sarta dados kondhang. Sumangga kita raosaken, menawi Gusti Yésus ngersakaken kita dados abdinipun ingkang pitados bilih Panjenenganipun ngrancang punapa ingkang saé kanggé gesang kita. Kula aturi nglelimbang timbalanipun Gusti kanthi ngidungaken KPJ 13:1-3.

U: (*Ngidungaken KPJ 13: 1-3*)

KPJ 13 KULA SAMI SOWAN

Do=D 4/4

kakidungaken umat wanita

- 1) Kula sami sowan, kaparingana kakyatan mundhi timbalan. Mugi katedhakna pangwasaning Roh Paduka, nganthi kawula. Wit pangrèh Paduka sèstu andayani, temah kula kwawi nglampahi.

kakidungaken umat priya

- 2) Kula kasagedna ngundhangken sabda Paduka kalayan setya.
Ngungkurken kadonyan, nyelaki dhampar kaswargan
sumber kraharjan.
Temah tyang sajadad, sagunging pra umat
ngluhuraken Kang Amengku Rat.

kakidungaken sadaya sesareangan

- 3) Ingkang winartosan sageda manggih kraharjan wah katentreman.
Wit kwaos Paduka kawilujengan kawula; kula sung puja.
Mugi kapyarsakna pandonga kawula.
Ing asma Sang Kristus. Amin.

VOTUM LAN SALAM

- PS: Pangibadah Kemis Pethak punika kita riyayakaken ing Asmanipun Allah Sang Rama, Putra, lan Roh Suci.
U: (*Ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin!**
PS: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama lan Gusti Yésus Kristus wontena ing para sadhèrèk sadaya.
U: **Lan wontena ing panjenengan ugi.**

Babakan/Adegan:

DALU PUNIKA ...

Para muridipun Gusti Yésus lenggah sesareangan kaliyan umat, sarta lenggah ing bangku palenggahanipun piyambak-piyambak, lajeng para murid punika jumeneng, nunten mlampah dhateng altar sami rerembagan tiyang satunggal dhateng tiyang sanès. Wondéné Gusti Yésus lenggah ing ngajeng mimbar.

- P: Dalu punika Gusti Yésus dalah murid-murid-Ipun dhahar sesareangan. mBoten wonten ingkang nganèh-anèhi, awit murid-murid punika sampun kulina nedha sesareangan kaliyan Gusti Yésus. Namung swasananipun bènten sekedhik. Wonten raos mboten jenjem ing pénggalihipun

- Gusti Yésus. Inggih dalu punika wekdalipun. Wekdal sungsara sampun cumawis ing sangajenging pandulu
- Y: Murid-muridku, tampanana bujana-Ku kang pungkasan iki. Élinga, iki titi-mangsané kanggo jengkar saka ing donya iki sowan marang ngarsané Sang Rama (Yohanes 13:1). Satemené Aku pitutur marang kowé: Manawa wiji gandum ora tumiba ing lemah, lan mati, tetep saélas baé; nanging menawa wiji iku mati, bakal ngetokaké woh akèh (Yohanes 12:24). Padha mangana lan élinga marang pangorbanan kang ngasilaké kaunggulan.

(Gusti Yésus ngedum-edum roti – saged kagantos tetedhan sanèsipun – dhateng para murid-Ipun. Satunggaling murid nyuwil roti, nunten ngaturakén roti ingkang sampun kacuwil wau dhateng murid sanès ingkang lenggah sacelakipun.

Toya dipun-iling sarta dipunedum dhateng murid ingkang lenggah ing sisihipun. Sadangunipun roti tuwin toya kaubengaken, musik kapireng lirih.)

- Y: Panganen ombénen
- M: **Payo kita tedha lan kita ombé**
(Para murid sesarengan umat nedha roti lan ngunjuk toya)
- P: Kembul bujana punika pratandhaning pasedhèrèkan. Ing ngriku wonten pirembagan, wonten gumujeng, lan wonten kabingahan. Sadaya rumaos sami memitran. Ananging punapa leres sadaya tiyang sami memitran? Tiyang-tiyang punika saweg kembul bujana, lan iblis sampun mbisiki rancangan awon wonten ing manahipun Yudas Iskariot, anakipun Simon, kanggé nyidrani Gusti Yésus ingkang sampun nresnani kita.

(sami ngraos-raosaken tumindak ngiyanati ingkang sampun naté katindakaken lumantar pandonga pangaken dosa ingkang dipun onjukaken déning sadhèrèk ingkang kajibah nuntun pandonga pangaken dosa)

(Solis lan umat gantosan ngidungaken KPJ 45)
KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

kakidungaken solis

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
 Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.

kakidungaken umat

- 2) Anêng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
 Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

kakidungaken solis

- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkikh lan semplah.
 Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

kakidungaken umat

- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
 Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

P: Nanging kowé, siji lan sijiné dipadha sumanak, kebak ing sih-katresnan lan apura-ingapuraa kayadéné Allah ana ing Kristus iya wus ngapura marang kowé kabèh. (Efesus 4: 32)

*(Sadhèrèk ingkang kaparingan jejibahan dados Gusti
 Yésus mundhut lawon kagem sabukan sarta mijiki
 sukunipun para sekabat. Wonten babakan/adegan Pétrus
 nulak sukunipun dipun wijiki Yésus, sasampunipun
 sadaya rampung)*

Y: Dadi menawa Aku iki kang dadi Gusti lan Gurumu wus mijiki sikilmu, dadi kowé iya padha wajib wisuh-winisuhan sikil. Awit Aku wis maringi tuladha marang kowé, supaya kowé kabèh uga nindakaké kaya kang wis daktindakaké marang kowé. (Yoh. 13: 14-15).
(Para murid jumeneng lan mijiki sukunipun umat ingkang rawuh ing pangibadah punika.)

- P: Tumindak mijiki suku punika tetengering bebudèn andhap-asor. Timbalan minangka abdi ndadosaken kita minangka pribadi ingkang andhap-asor. Punapa kita purun gesang ing salebeting bebudèn andhap-asor?
- U: (*Ngidungaken Kidung Jemaat 375 tigang rambahan*)
KULA PURUN NDHÈRÈK GUSTI

Kula purun ndhèrèk Gusti, kula purun ndhèrèk Gusti,
ngantos slami-laminya.
Nadyan kula nandhang sisah, sangsara ing alam donya,
kula purun ndhèrèk Gusti, ngantos slami-laminya.

PALADOSAN SABDA

Pandonga paladosan sabda

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

- L: (*Maos waosan kapisan saking **Pangentasan 12:1-24***)
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!
- U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Masmur Tanggapan

- L: (*Maos Masmur Tanggapan saking **Jabur Masmur 116: 1-2, 12-19***. Saged kawaos gentosan kaliyan umat utawi dipunkidungaken)

Waosan Kaping Kalih

- L: (*Maos wosan kaping kalih saking **1 Korintus 11:23-26***)
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!
- U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Injil

- PS: (*Maos waosan Injil saking **Yohanes 13:1-17, 31b-35***)

Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken saha ngèstokaken Pangandikanipun Gusti Allah wonten ing gesangipun. Hosiana!

U: (*Ngidungaken KPJ 197*)

KPJ 197. KULA SAMPUN SIYAGA

Do=G 4/4

Kula sampun siyaga, Gusti; sumadya nampèni sabdamulya.
 Kula sujud manembah Gusti, marak ngabyantara sapunika.
 Mugi Gusti maringi berkah dhumateng kawula ing samangkya.
 Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.
 Sabda Paduka datan éwah gingsir saking mula buka;
 ugi sapunika wah salaminya.
 Sabda Paduka wonten gesang kula.
 Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

Khotbah:

Wekdal Ening

--- *Umat jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS

P/D: Sesarengan umatipun Gusti Allah ing sadhéngah wekdal saha papan, sumangga kita nélakaken Pangaken Pitados Rasuli makaten

--- *Umat lenggah* ---

PANDONGA SYAFAAAT

U: (*Umat samidéné ndongakaken pandonga syafaat saking tiyang satunggal dhateng tiyang sanèsipun*)

PS: (*Ngajak umat mungkasi pandonga syafaat kanthi ngidungaken KPJ 152*)

KPJ 152 RAMA KAWULA KANG WONTEN ING SWARGA

Do=D 2/4 lan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga, ingkang Asma kasucèkna.

Kraton Paduka rawuh, karsa Paduka klampah
 ing bumi kadya anèng swarga.
 Ing dinten sapunika sinunga cekap rejeki;
 kula kaapuntenna, kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
 sampun nandukken kula dhateng panggodha,
 kalepasna kula saking piawon,
 jer Gusti kang kagungan lan wisésa
 sarta kamulyannya ngantos slami-laminya.
 Amin, amin.

PISUNGSUNG

P/D: Gusti Allah sampun maringi ingkang paling saé dhateng kita, sumangga kita ugi ngaturakén ingkang paling saé kagem Panjenenganipun. Pangandikanipun Gusti Allah makaten,

“Sarupané sesaosan kang sira tampani iku, sira pilihana kang becik dhéwé sira saosna minangka pisungsung-mligi marang Pangéran Yéhuwah, iku dadi bagéan sengkeran.” (Wilangan 18:29)

U: (*Ngaturakén pisungsung kalayan ngidungaken KPJ 157*)
 KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNGMU

Do=F 2/4

- 1) Caosana pisungsungmu anèng pasamuwan
 klayan lilaning ati, klawan legawa.
 Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.
 Rèff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
 minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tandhingan
 sarana samubarang saisining bumi,
 jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.
 Rèff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnuning bungah
 minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
 amrih kratoning Allah énggal kelampah.

Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.

Rèff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

--- *Umat jumeneng* ---

P/D: (*Nuntun pandonga ngaturakén pisungsung*)

PANGUTUSAN

PS: Gusti Allah sampun nélakaken katresnanipun.

U: **Kawula sampun kawilujengaken déning Panjenenganipun.**

PS: Gusti sampun nimbali kita dados abdin-Ipun

U: **Kawula purun dados abdinipun Gusti ingkang pitados**

PS: Kadadosna abdinipun Gusti ingkang pitados

U: **Kawula purun pitados tuwin martosaken katresnani-pun Gusti,**

Kawula purun gesang mituhu dhateng karsa Paduka.

(*Ngidungaken KPJ 427:1-2*)

KPJ 427. BEGJA SEJATI

Do=d 6/8

1) Begja sejati, ngabdi mring Gusti,
yéku gesang kang pangaji.

Dadya lantaran mrih karukunan,
katentreman kelampahan

Rèff.: Mung Sang Kristus yéku Gusti,
Panebus kula sejati
Gesang kawula, kagem asmanya
nggih martosken sihrahmatnya

2) Begja sanyata, gesang nèng donya,
lelados mring Sang Pamarta.

Dipun be'lani, sabar ing kardi,
temah kalis ing bilahi.

Rèff.: Mung Sang Kristus yéku Gusti,
Panebus kula sejati
Gesang kawula, kagem asmanya
nggih martosken sihrahmatnya

BERKAH

PS: Mengkera kanthi pangayomaning sihipun Gusti Allah, ingkang tansah nunggil tuwin mberkahi.

Kalajengna anggèn panjenengan mbabar jejibahaning timbalan kita minangka abdinipun Gusti sarta tampènana berkahipun Gusti:

Gusti Allah, sumbering tentrem rahayu, nunggila
ing panjenengan sadaya! Amin.

U: (*Ngidungaken KPJ 438: 1-2*)

438. GUSTI, PADUKA NGIRID LAMPAH KULA

Do=D 4/4

1) Gusti, Paduka ngirid lampah kula

Kula ndhèrèk Paduka salaminya.

Kawula datan saged milih margi

Mugi sapurug kula, Gusti nganthy.

2) Paduka dedalema ing tyas kula

supados arerema lampah kula

Kula tansah suméndhé ing karsanta,

wit Paduka kang nebus gesang kula.

[fs-den]



Liturgi Jumuwah Adi

Jumuwah, 10 April 2020

Katrangan:

P/D.1: Pinisepuh/Dhiaken 1.

P/D.2: Penatua 2

U: Umat

PS: Palados Sabda

Lkt: Lèktor

Anak.1: Anak

K: Kanèman

Amargi Salib Paduka, Gesang Kawula Kaénggalaken



Cathetan:

*Kanggé liturgi Bujana Suci saged katambahaken piyambak
kanthi njumbuhaken sawetawis bab ingkang dados
pakulinaning saben pasamuwan.*

UMAT NGEMPAL

P/D.1.: (*Maos Pawartos Pasamuwan*)

PACAWISAN

P/D.1.: Bapak-bapak, Ibu-ibu, Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Gusti Yésus Kristus sampun netepi sadaya ingkang dados tuntutanipun Angger-angger Torèt, kanthi ngrampungaken sadaya punika wonten ing sédan-Ipun ing kajeng salib.

Putra Sekolah Minggu:

Anak 1: Yohanes 3:16 – “Awitdéné Allah anggoné ngasihi marang Jagad iku nganti masrahaké Kang Putra Ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènana urip langgeng.”

Anak 2: Yohanes 12:23-24 – Nanging Yésus paring wangsulan, pangandikané, "Wus tekan wektuné Putrané Manungsa kaluhuraké. Satemené Aku pitutur marang kowé: Menawa wiji gandum ora tumiba ing lemah, lan mati, tetep saélas baé; nanging menawa wiji iku mati, bakal ngetokaké woh akèh."

Anak 3: Roma 5:8 – "Nanging Allah wus ngatingalaké sihé marang kita ing bab iki, nalika kita isih kawengku déning dosa, Kristus wis nglampahi séda kanggo kita." Akan tetapi Allah menunjukkan kasih-Nya kepada kita, oleh karena Kristus telah mati untuk kita, ketika kita masih berdosa."

Anak 4: Roma 6:10-11 – Awit sédané iku, séda tumraping dosa, mung sapisan kanggo salawasé; lan gesangé iku gesang lumados marang Allah. Samono uga anggonmu mawas iya mangkénéa: Kowé wis padha mati tumraping dosa, nanging kowé padha urip lumados marang Allah ana ing Kristus Yésus.

P/D.1.: Pramila Bapak, Ibu, Sadhèrèk, gesang ingkang samangké kita lampahi ing Sang Kristus kedahipun dados gesang ingkang nyarupéni kaliyan Gusti Yésus Kristus, ingkang wonten ing karawuhanipun ugi rila ngurbanaken dhiri kanggé tiyang sanès, sarta martosaken Sang Kristus ingkang ugi sampun ngurbanaken dhiri kanggé sadaya titah.

Sumangga kita nyawisaken manah kita kanggé lumebet ing pangibadah kita. Wekdal ening kagem kita sadaya.

--- *Wekdal ening (tanpa iringan musik)* ---

KIDUNG PAMUJI LAN KIRABIPUN PARA PALADOS PANGIBADAH

P/D.1.: Sumangga kita jumeneng sarta ngidungaken pepujian kanggé ngriyayakaken katresnanipun Gusti Yésus ingkang

netepi prajanjin-Ipun dhateng umat kagungan-Ipun, lumantar KPJ 19:1-2 “Pamuji Konjuk Gusti”.

U: *(Ngidungaken KPJ 19:1-2)*
KPJ 19 PAMUJI KONJUK GUSTI

Do=F 3/4

- 1) Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya,
 wit siyang dalah ratri tansah lubèr sih-rahmatnya.
 Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgeng slaminya.

--- *Pradataning pasamuwan sesarengan kaliyan dalah para palados pangibadah mlebet ing Papan Pangibadah* ---

- 2) Pamuji konjuk Gusti nggih Allah Kang Mahamirah,
 pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
 salir ingkang pinanggya dados margining bergja.
- 3) Pamuji konjuk Gusti Hyang Maluhur, Mahasuci,
 kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa,
 wah tinuntun mring swargi, mrih kraharjan sejati.

VOTUM

- PS: Pangibadah punika lumampah ing Asmanipun Allah
 Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.
 U: *(NgidungakenKPJ 464a)* **Amin** (3x)

SALAM

- PS: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama, sarta
 saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan
 sadaya.
 U: **Ugi nunggil ing gesang panjengan!**

---*Umat lenggah* ---

ATUR PAMBUKA

K: Karana salibipun Gusti Yésus, dinten punika kita sesarengan makempal ing Padalemanipun Gusti. mBoten wonten malih tiyang sugih utawi tiyang mlarat, mboten wonten tiyang ingkang kulitipun pethak utawi kulitipun cemeng, tiyang Kristen lami utawi tiyang Kristen énggalan. Kita wonten karana sih-katresnanipun Gusti Yésus Kristus dhateng kita. Mandeng salibipun Gusti, tyang dosa gesang.

Kula aturi mandeng salibipun Gusti Yésus kanthi tumemen, supados kita saged kanthi leres nyawang sadaya prakawis ingkang pinanggih ing gesang punika. Anggèn kita mandeng kadosdéné Gusti Yésus anggènipun mandeng kita saking sanggingiling salib-Ipun.

KIDUNG PAMUJI

U: (*Ngidungaken KPJ 275:1-3)*
KPJ 275. SRANA MANDENG ING SALIB

Do=F 4/4

- 1) Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang,
tinebus sagung dosanira.

Dé cempéning Allah kang sinalib ngrembat,
ngésahaken duraka kita.

Rèff.: Swawi dèn pandeng !

Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosa nira

- 2) Napa ta damelé Gusti Yésus séda,
yèn datan ngruwat dosa kita?

Napa ta damelé nombokaken nyawa,
yèn datan nebus dosa kita?

Rèff.: Swawi dèn pandeng !

Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosa nira

3) Swawi ngungsi mring Gusti, tyang dosa sagung,
dosa kita dèn unjukna.
Mesthi antuk apura, temah agesang;
mbok dèn tampi lan suka-reنا.
Rèff.: Swawi dèn pandeng !
Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosa nira

PANGAKENING DOSA

P/D.2: Ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang kebak ing sih-katresnan, sumangga kita sesarengan ngakeni sadaya karingkihan, kalepatan, sarta dosa-dosa kita.
(*Umat kacawisan wekdal kanggé ndedonga ngakeni dosa sacara pribadi.*)

--- *Umat ndedonga* ---

Sumangga kita ndedonga sesarengan (*Pandonga panutup pangakening dosa*)
U: (*Ngidungaken KPJ 259 :1-3*)
KPJ 259. ING ARDI GOLGOTA

Do=A 6/8

- 1) Ing ardi Golgota ana salib ira lambanging pamoyok panyiya.
Ing kono Gustiku pinenthang sangsara nebus dosaning para jalma.
Rèff. : Salib iku tansah dak pundhi,
nadyan nganti tumekèng janji.
Dak rangkul kanthi trusing kalbu makutha kang dadya duwèkku.
- 2) Salib kang minangka lambanging panguya,
tumrap aku gedhé ajiné,
cempé kurban suci tumedhak ing donya,
ngluwari jagad krana sihé.
Rèff. : Salib iku tansah dak pundhi,
nadyan nganti tumekèng janji.

Dak rangkul kanthi trusing kalbu
makutha kang dadya duwèkku.

- 3) Salib kang minangka tandhaning kanisthan,
kecipratan ing getih suci.
dadi margaaku antuk kaslametan,
dosa lebur wit rahé Gusti.

Rèff.: Salib iku tansah dak pundhi,
nadyan nganti tumekèng janji.
Dak rangkul kanthi trusing kalbu
makutha kang dadya duwèkku.

--- *Umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT & SALAM KATENTREMAN

PS: Kanggé saben tiyang ingkang kanthi andhap asor sarta tulus ngakeni dosanipun, Gusti Allah maringi pawartos sih-rahmat ingkang kapendhet saking Kitab Nabi Yésaya 64:6, 8 makaten,

“Margi saking makaten kawula sadaya punika kadosdéné tiyang ingkang najis saha sakathahing kamursidan kawula punika kadosdéné lawon ingkang reged; kawula sadaya sami dados alum kados ron tuwin sami sirna margi saking piawon kawula kados ron ingkang kasirnakaken ing angin.“

“Nanging sapunika, dhuh Yéhuwah, Paduka punika Rama kawula sadaya! Kawula sadaya punika lempung déné Paduka ingkang mangun kawula, sarta kawula sadaya punika yasaning asta Paduka.“

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PS: Salam katentreman kanggé kita sadaya.

U: *(Umat sami jawat asta)*

Kidung Sih-Rahmat

U: (Ngidungaken KPJ 95:1-2)
KPJ 95. TANSAH DAKRANGKUL SALIBÉ

Do=D 6/8

- 1) Tansah dak rangul salibé, Gusti kang agung tresnané sarta dhangan dak ungsèni, dak rangkul salibé.
Rèff.: Dak rangkul salibé, dak rangkul salibé,
yéku margining sihrahmat, dak rangkung salibé.
- 2) Yèn aku kabidhung susah, ing ati rasané lesah.
mesthi malih dadi bungah, yèn ngrangkul salibé.
Rèff. : Dak rangkul salibé, dak rangkul salibé,
yéku margining sihrahmat, dak rangkung salibé.

--- *Umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

Pandonga Paladosan Sabda

PS: (Ngonjukaken pandonga, nyuwun panuntunipun Sang Roh Suci)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan I

Lkt 1: Waosan kapisan kapendhet saking **Kitab Nabi Yésaya 52:13-53:12**

Makaten sabdanipun Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

(Mazmur tanggapan kapendhet saking **Jabur Masmur 22**)

Waosan II

Lkt 2: Waosan kaping kalih kapendhet saking **Serat Ibrani 10:16-25.**

Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapethik saking **Yohanes 19:28-38**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken tuwin ngèstokaken pangandikanipun Gusti Allah.

Hosiana!

U: (*Ngidungaken KPJ 468*) **Hosiana** (3x)

Khotbah

Wekdal Ening

--- *Umat jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS

P/D.3: Sumangga kita ngucapaken Pangakening Kapitadosan kita laras kaliyan **Pangaken Pitados Rasuli** ingkang makaten,

--- *Umat lenggah* ---

PANDONGA SYAFAAT

PS: (*Nuntun pandonga syafaat, kapungkasan kathi sesarangan umat ngidungaken KPJ 152 "Rama Kawula Kang Wonten Swarga"*)

U: (*Ngidungaken KPJ 152*)

KPJ 152 RAMA KAWULA KANG WONTEN ING SWARGA
Do=D 2/4 lan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga, ingkang Asma kasucèkna.
Kraton Paduka rawuh, karsa Paduka klampah
ing bumi kadya anèng swarga.
Ing dinten sapunika sinunga cekap rejeki;

kula kaapuntenna, kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
 sampun nandukken kula dhateng panggodha,
 kalepasna kula saking piawon,
 jer Gusti kang kagungan lan wiséa
 sarta kamulyannya ngantos slami-laminya. Amin, amin.

PALADOSAN PISUNGSUNG

P/D.4: Sumangga kita saos sokur dhumateng Gusti Allah,
 ingkang kita wujudaken wonten ing pisungsung.
 Pisungsung punika kita talesi paseksi 1 Pétrus 2:5
 makaten,

“Sarta karebèn kowé iya padha kapigunakaké
 kayadéné watu urip kanggo mbangun padaleman
 kasukman tumrap kaimaman kang suci, kanggo
 nyaosaké pisungsung rohani, kang marga Yésus
 Kristus njalari keparengé Allah.”

Anggèn kita ngaturakén pisungsung kita kanthèni
 kanthi ngidungaken KPJ 161 :1-4 ”Jiwa Raga Kawula”

Pamuji Sokur

U: *(Ngidungaken KPJ 161:1-4)*
 KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA

Do=D 4/4

- 1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,
 mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran,
 kamulyaning Pangéran.
- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,
 mrih sesami basuki nampèni sihing Gusti,
 nampèni sihing Gusti.
- 3) Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sihrahmat,
 temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
 datan kendhat pinuji

- 4) Bandha lan kasugihan, wekdal wah kasagedan
nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata,
dadya pisungsung nyata.

--- *Umat jumeneng* ---

Pandonga Pisungsung

P/D.4: (*Nuntun pandonga ngaturakén pisungsung*)

Kidung Pangutusan

U: (*Ngidungaken KPJ 450:1-3*)
KPJ 450. SUMANGGA MAKARYA

Do=Bes 4/4

- 1) Sumangga makarya, para utusan setya
Ngundhangaken kabar adya, sihrahmat saking swarga,
mrih tyang kang peteng manahnya, dadya padhang lejara.
Sumangga samekta, tansah makarya.
- 2) Sumangga makarya, dipun kepara cukat * ,
mbabarken tresna sanyata, mrih tyang dosa mratobat,
panggah ngadhepi bebaya, Gusti nganthi slaminya.
Sumangga samekta, tansah makarya.
- 3) Sumangga makarya, klayan mantep ing driya,
manggul salibing Sang Kristus mbelani kang siniya.
Kang tinindhes sinangsara, bingar, tentrem gesangnya.
sumangga samekta, tansah makarya.

* cukat = trengginas, cekatan (indonesia)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

- PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus ingkang ngesangi
salib-Ipun kanthi karesnan tuwin pangurbanan-Ipun.

U : **Kasagedna kawula, dhuh Allah.**
PS: Pinujia Gusti Allah kita,
U: Samangké dumugi ing salami-laminipun.
PS: Samangké tampènana berkahipun Gusti Allah,
“Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang
kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);
Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning
wadanané marang kowé (kita), lan maringana
sihrahmat;
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké
wadanané marang kowé (kita), lan maringana
tentrem rahayu.” (Wilangan 6:24-26)
Amin.
U: (*Ngidungaken KPJ 472*) **Hosiana (5x) Amin (3x)**

--- *Umat lenggah* ---

WEKDAL ENING

Pangibadah sampun purna.
Wilujeng Jumuwal Adi.
Gusti Yésus amberkahi.

[ht-den]



Liturgi Sebtu Sepi

Sebtu, 11 April 2020

Punapa Kula Sampun Pantés?



Sawetawis bab ingkang prelu dipun gatosaken:

- Diyan (*lampu*) dipun pejahi, lilin dipun sumet.
- Ingkang rawuh saged dipunbagé dados golongan-golongan alit. Ananging menawi kawontenanipun pasamuwan kirang nyengkuyung (karana winatesing kamar utawi gunggungipun ingkang rawuh kathah sanget), saged tetep dados satunggal golongan ageng. Déné ingkang andum pengalaman namung sawetawis sadhèrèk minangka wakilipun ingkang rawuh.
- Sadèrèngipun kawiwitinan, katerangna menggah urut-rutaning lampah anggènipun ndedonga kanthi cara Ignatian. Cara ndedonga ing pundi saged kasambung kaliyan Gusti Allah lumantar sawetahing panca-driya lan pangangen-angen kita dipun kanthèni wekdal ingkang cekap kanggé andum pengalaman.
- *Kontemplasi Ignatian* punika ndedonga kanthi lantaran Kitab Suci. Satunggaling wekdal ing pundi kita pinanggih kaliyan Gusti Allah ing salebeting cariyos Kitab Suci. Pandonga ingkang ngrembaka dados satunggaling cariyos Kitab Suci ingkang dipungesangaken lumantar sadaya panca-driya sarta pangangen-angen kita.

- Panjenengan saged tumut mlebet ing salebeting cariyos punika, sarta saged nglajengaken cariyos punika ing salebeting manah, budi, pangangen-angen, roh, sarta badan kita. Kersanipun Roh Suci nuntun panjenengan, sampun ngantos njiyat kanggé punapa ingkang kelampahan, karsanipun saben lampahing sadhéngah éwah-éwahan mili wonten ing sakiwa-tengen kita, ing salebeting gesang panjenengan. Panjenengan saged ngambali saben dinten saking cariyos Kitab Suci ingkang sami, ngantos panjenengan èstu-èstu rumaos cekap anggén panjenengan ngudi mangertosi cariyosipun, Gusti Allah badhé ngandika dhateng panjenengan.
Menawi panjenengan saged pikantuk pengalaman sesambutan kaliyan Gusti Allah lumantar pandonga ingkang asipat pangangen-angen punika mila panjenengan badhé pikantuk pengalaman ingkang wiyar sanget.
- Keterangan lampahing *kontemplasi*:
 1. Sadérèngipun maos Kitab Suci, pemimpin saged maosaken punapa kémawon ingkang prelu dipungatosaken ing waosan kasebat.
 2. Cariyos Kitab Suci dipunwaosaken kaping kalih ngantos kaping sekawan déning tiyang satunggal utawi tiyang sekawan ingkang bènten antawisipun tiyang satunggal kaliyan sanèsipun.
 3. Sadérèngipun maos, kaémutna supados munjeraken budi kanggé mirengaken.
 4. Sasampunipun pamaosipun Kitab Suci ingkang pungkasan, wonten wekdal 20 menit kanggé kèndel sarta nglelimbang cariyos, sarta nglajengaken cariyos wonten ing manah, budi, pangangen-angen – ngantos pemimpin mungkasi kanthi tembung Amin.
 5. Sasampunipun punika, saben tiyang utawi sawetawis tiyang saged nglairaken pengalaman pandonganipun sesareangan kaliyan Gusti Allah dhateng sesamining umat ingkang rawuh.

- *Wekdal ening.*
- *Umat ngidungaken KPJ 42*

KPJ 42. SAKÈHING SUKU BANGSA

Do=F 3/4

Sakèhing suku bangsa, ngegungna Gusti;
sakèhing suku bangsa ngegungna asmanya!

- *Ening*
- *Wiwit maos Injil Matius 27: 57-66*
Ingkang prelu dipungatosaken ing salebetipun mirengaken pamaosing waosan ingkang kapisan:
 - 1) Kalapunapa lan wonten pundi kelampahanipun cariyos punika?
 - 2) Sinten kémawon ingkang wonten ing cariyos punika?
 - 3) Punapa ingkang saweg kelampahan?

- *Umat ngidungaken KPJ 36*

KPJ 36. GUSTI KANG MAWELAS

Do=E 3/4

Gusti Kang Mawelas, mugi angèngeti kula;
Gusti Kang Maasih, mugi amelasi kula.

- *Pamaosing Kitab Suci ingkang kaping kalih:*
 - 1) Sinten ingkang dados paraga utami?
 - 2) Sinten kémawon ingkang pinanggih ing cariyos wau?
 - 3) Punapa ingkang dipun tindakaken?
 - 4) Kadospundi tiyang-tiyang ing cariyos punika sami sesambatan?
 - 5) Kadospundi tatananipun?
 - 6) Kalapunapa wekdal lan dintenipun cariyos punika kelampahan?
 - 7) Kadospundi raosing manah sarta kawontenanipun?

- *Umat ngidungaken KPJ 36*
KPJ 36. GUSTI KANG MAWELAS

Do=E 3/4

Gusti Kang Mawelas, mugi angèngeti kula;
Gusti Kang Ma'asih, mugi amelasi kula.

- *Pamaosing Kitab Suci ingkang kaping tiga:*
 - 1) Sinten panjenengan sarta kados sinten panjenengan?
 - 2) Punapa ingkang panjenengan tindakaken, pénggalih, saha raosaken?
 - 3) Kados punapa swantenipun, ambetipun, sarta peprincèn papanipun?
 - 4) Kadospundi pangraos lan suwantenipun?

- *Umat ngidungaken KPJ 36*
KPJ 36. GUSTI KANG MA'WELAS

Do=E 3/4

Gusti Kang Ma'welas, mugi angèngeti kula;
Gusti Kang Ma'asih, mugi amelasi kula.

- *Pamaosing Kitab Suci ingkang kaping sekawan:*
Raosna lelampahan minangka sinten utawi punapa wonten ing cariyos punika?

- *Umat ngidungaken KPJ 36*
KPJ 36. GUSTI KANG MAWELAS

Do=E 3/4

Gusti Kang Mawelas, mugi angèngeti kula;
Gusti Kang Maasih, mugi amelasi kula.

- *Kula aturi ngangen-angen kawontenan cariyos punika sacara pribadi lan sacara ening, ingkang kapungkasan kanthi pandonga (atur panuwun sokur lan pangaken dosa).*

Paringana palilah ingkang rawuh ndedonga 8-10 menit. Kapungkasan kanthi tembung Amin. Kèndelna tiyang-tiyang wau mungkasi ndedonga sarta alon-alon kanggé wangsal dhateng wekdal tuwin papan ing pundi tiyang-tiyang wau wonten. Tiyang-tiyang wau saged mbikak mripat ing salebetipun kèndel kanthi kèndel ngantos sadaya samekta.

- *Umat ngidungaken KPJ 37*
KPJ 37. KAMULYAKNA, HÉ JIWAKU
(Kanon)

Do=G 4/4

Kamulyakna, hé jiwaku. Mulyakna Gusti Allah Juruslametku.
Kamulyakna, kamulyakna; mulyakna Gusti, hé jiwaku

- *Saben tiyang kasuwun karsa andum pengalaman.*
Tanggapan saben tiyang ingkang badhé andum pengalaman kanthi ngaturakén panuwun.
- *Pandonga Panutup*

[akwp-den]



Liturgi
Minggu Paska Énjang
Minggu, 12 April 2020

Katrangan:

P/D: Pinisepuh/Dhiaken
L: Lèktor
U: Umat
PS: Pelados Sabda
Ctr: *Cantoria/Juru Ngidung.*

**Badhé Kula
Wartosaken
Sakakiyatanning
Gesang Amba**

**PACAWISAN IBADAH**

- Umat nyawisaken dhiri ing salebeting wekdal ening.
- **Bèl kapisan:** Pandonga konsistorium.
- Pamaosing Pawartos Pasamuwan déning salah-satung-galing Pinisepuh utawi Dhiaken.

TIMBALAN NGIBADAH

P/D: Dinten punika dinten mirungan, amargi wekdal punika kita ngriyayakaken kaunggulanipun Gusti Yésus Kristus saking panguwaosing pejah. Mila, enerna manah panjenganan dhumateng Gusti Allah.

U: **Ing pangibadah punika / kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti Allah,**

P/D: Kita lumebet dhateng gapuraning Gusti Allah kita / kanthi sukarena, lumebet dhateng plataranipun ingkang suci / kanthi surak-surak karana Paska, wungunipun Gusti Yésus Kristus saking séda.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

P/D: Kita luhuraken Gusti kita Yésus Kristus, Sang Raja ingkang gesang.

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

--- *Umat jumeneng* ---

*--- **Bèl kaping kalih:** Umat ngidungaken KPJ 21:1-2 “Para Titah Sadaya Samya Ngrepèkna”. Pradataning pasamuwan dalam para palados pangibadah mlebet dhateng papan pangibadah, ing salebetipun umat ngrepèkaken KPJ 21. ---*

KPJ 21 PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

Do = A 3/4

- 1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya
Haléluya! Haléluya!
- 2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!

VOTUM – SALAM

- PS: Pangibadah riyaya Paska, wungunipun Gusti Yésus Kristus punika, kita sengker ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.
- U: (*aklamasi – ngidungaken KPJ 464a)*
Amin, Amin, Amin.
- PS: “Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita tuwin Gusti kita Yésus Kristus, nunggila ing panjenengan sadaya.”
- U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

KIDUNG PAMUJI

- U: (*Ngidungaken KPJ 258)*
KPJ 258. GUSTI YÉSUS WUS WUNGU

Do=Bes 4/4

kakidungaken sesarengan

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya
Samya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpong! Haléluya!

kakidungaken déning anak-anak lan kanéman

2) Katresnané sampurna! Haléluya!
 Kamenangané nyata! Haléluya!
 Sunaring surya padhang! Haléluya!
 Tinampi kanthi girang! Haléluya!

kakidungaken umat diwasa tuwing adiyuswa

3) Gesang malih Sang Raja! Haléluya!
 Kita tentrem - raharja! Haléluya!
 Pati, endi antupmu? Haléluya!
 Kubur, endi kwasamu? Haléluya!

kakidungaken sesarengan

4) Kubur kwasané sirna! Haléluya!
 Naraka tanpa daya! Haléluya!
 Teluk déning Sang Kristus! Haléluya!
 Binuka taman Pirdus! Haléluya!

--- *Umat lenggah* ---

PANGAKEN DOSA

PS: Sumangga kita ndedonga: “Sang Kristus ingkang Mahaasih, kawula sowan mbekta gesang kawula ingkang kebak dosa. Asring kawula sumendhé dhateng dhiri kawula piyambak, dados kumingsun lan gumedhé, rumaos bilih kawula saged nindakaken punapa kémawon karana kakiyatán sarta kapinteran kawula. Kawula nyuwun,“

U: (*aklamasi – ngidungaken KPJ 50 Gusti Mugi Melasi*)
 KPJ 50. GUSTI MUGI MELASI !

Do = C Pelog Pt Nem

Gusti mugi melasi ! Gusti mugi melasi ! Mugi mlasi kula!

PS: Wonten ing karaméaning gesang, kawula asring ngendelaken kawicaksananing kamanungsan kawula piyambak. Punika ingkang ndadosaken kawula asring kuwatos sarta mangumangu awit saking sawernaning pakèwet ingkang tumanduk ing gesang kawula. Kawula rumaos Paduka tebih saking kawula, kawula rumaos piyambakan ing

salebetipun ngadhepi semrawutung gesang. Kawula nyuwun,

U: (*aklamasi – ngidungaken KPJ 50 Gusti Mugi Melasi*)
KPJ 50. GUSTI MUGI MELASI !

Do = C Pelog Pt Nem

Gusti mugi melasi ! Gusti mugi melasi ! Mugi mlasi kula !

PS: Amargi saking kasombongan kawula, asring kawula damel lingsemipun Gusti Allah kanthi pikiran, pocapan, sarta pandamel kawula ingkang duraka. Tinimbang ngaosi kasangsaran, séda, tuwin wungu Paduka; kawula asring langkung remen ngregeti kawilujengan peparing Paduka punika kanthi ngumbar hawa nepsu kawula. Kawula nyuwun,

U: (*aklamasi – ngidungaken KPJ 50 Gusti Mugi Melasi*)
KPJ 50. GUSTI MUGI MELASI !

Do = C Pelog Pt Nem

Gusti mugi melasi ! Gusti mugi melasi ! Mugi mlasi kula !

PS: Paduka karsaa apunteni dosa-dosa kawula dhuh Gusti. Paduka karsaa ngantri lampah kawula ing margining kaleresan. Paduka karsaan ngluwari kawula saking cengkeremaning pepénginanipun hawa nepsu kadonyan. Paduka karsaa mulang kawula nuladha dhateng Guru kawula Gusti Yésus Kristus, ngantos manah kawula tansah kasinungan tentrem-rahayu. Kawula nyuwun,

.....
U: (*aklamasi – ngidungaken KPJ 50 Gusti Mugi Melasi*)
KPJ 50. GUSTI MUGI MELASI !

Do = C Pelog Pt Nem

Gusti mugi melasi ! Gusti mugi melasi ! Mugi mlasi kula !

--- *Umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIHRAHMAT

PS: Punika sih-rahmatipun Gusti Allah, ingkang dipunlairaken lumantar Serat **1 Korintus 6:14**,

“Allah wus mungokaké Gusti; kita iya bakal katangèkaké marga saka panguwaosé.”

Makaten sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: Puji sokur konjuk Gusti Allah!

Kyrie – Gloria

U: (*Ngidungaken KPJ 78:1, 3*)

KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reffein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

- 3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sihrahmaté.

Reffein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

--- *Umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

Pandonga *Collecta/Sesareangan*

PS: Sumangga kita ndedonga:

PS+U: **Dhuh Allah ingkang Mahaagung / Paduka karsaa nampèni sawernaning pamuji tuwin pangakening dosa kawula. / Samangké, / Paduka nuntuna dhumateng kawula / nampèni pangandika Paduka / kanthi pitulunganipun Sang Roh Suci. / Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus / kawula ndedonga. / Amin.**

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

- L: (*Maos Yérémia 31:1-6*)
Makaten sabdanipun Gusti Allah!
U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Masmur Tanggapan

- L: (*Maos Jabur Masmur 118:1-2, 14-24, saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosoan Kaping Kalih

- L: (*Maos Lelakoné Para Rasul 10:34-43*)
Makaten sabdanipun Gusti Allah.
U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**
U: (*Ngidungaken KPJ 473*) Haléluya (8x)

--- *Umat jumeneng* ---

Pamaosing Injil

- PS: Punika Injilipun Gusti Yésus Kristus manut paseksinipun **Matius 28: 1-10.**
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.
U: (*aklamasi – ngidungaken KJ 478c*) **Amin** (3x).

--- *Umat lenggah* ---

Khotbah

Wekdal Ening

Kidung Doksoologi

- U: (*Ngidungaken KPJ 34:1, 4*)
KPJ 34. ULUKNA PAMUJI

Do=F 2/4

- 1) Ulukna pamuji kanthi trusing ati, hé titah, mring Gusti Allah kang setya lan maha mirah; wit sira rinoban berkah.
- 4) Angunjukna sokur, rukun mring sedulur, hé sagunging pasamuwan wit rinoban ing kabegjan sadhéngah wayah lan papan.

--- *Umat jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS RASULI

P/D: Kanthi mapanaken asta tengen ing jaja, sesarengan kita ngikraraken pangakening pitados kita manut Pangaken Pitados Rasuli

--- *Umat lenggah* ---

PANDONGA SYAFAAT

PS: Sumangga kita ndedonga: Gusti Allah ingkang Maha Kawasa, ing pandonga punika, kawula ngèngeti sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang taksih gulet kaliyan momotaning gesangipun. Paduka paring pitulungan dhuh Gusti, supados sadhèrèk-sadhèrèk kawula punika ngrumaosi bilih panguwaosing wungunipun Sang Kristus ndhatengaken kakiyatan lan pangajeng-ajeng anyar ing gesangipun. Kawula nyuwun,

U: **Paduka sembadani / pandonga kawula.**

PS: Gusti Allah ingkang Maha Asih, Paduka karsaa amberkahi sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang saweg gulet kaliyan reribeding gesanging brayatipun. Sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang saweg ménggalihaken reribeding pasrawunganipun kaliyan pasanganing gesangipun, pasrawunganipun tiyang sepuh kaliyan anak-anakipun, sarta reribeding kaliyan brayat-agengipun. Katresnanipun Sang Kristus mugi madhangi akal-budinipun, ngantos sadhèrèk-sadhèrèk wau saged ngram-pungaken reribeding gesang bebrayatipun. Kawula nyuwun,

U: **Paduka sembadani / pandonga kawula.**

PS: Gusti Allah ingkang Mahamirah, Paduka karsaa nglubèri berkah kanggé sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang taksih ménggalihaken reribeding ékomomining pribadi punapadéné brayatipun. Panguwaosing wungunipun Sang Kristus mugi ndhatengaken padhanging imanipun, ngantos sadhèrèk-sadhèrèk kawula saged nanggulangi reribeding gesangipun. Kawula nyuwun,

U: **Paduka sembadani / pandonga kawula.**

PS: Gusti Allah ingkang Mahatresna, Paduka karsaa paring pitulungan dhumateng sadhèrèk-sadhèrèk kawula para kanéman ingkang wekdal punika saweg ménggalihaken kadospundi manggihaken pasanganing gesangipun, ngudi padamelan, nindakaken tanggeljawabing panyambutdamel punapadéné paladosanipun; Katresnanipun Sang Kristus mugi ngiyataken lan nyantosakaken imanipun para kanéman wau, ngantos ndhatengaken kasagedan tumrap para kanéman kanggé ngupadi iguh-pratikel saking reribeding gesangipun. Kawula nyuwun,

U: **Paduka sembadani / pandonga kawula.**

PS: Gusti Allah ingkang Mahawelas, Paduka karsaa maringi pitulungan dhumateng sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang wekdal punika saweg nandhang sakit, saweg ngudi pulih-ing kasarasanipun, punapadéné ingkang sampun sepuh yuswanipun. Paduka karsaa mbiyantu anggènipun mbudidaya manggihaken kasarasan tuwin pulihing kasarasanipun, ngantos sadhèrèk-sadhèrèk kawula punika tansah ngajeng-ajeng dhateng pitulungan Paduka. Santosakna manahipun sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang sampun yuswa sepuh, ngantos sadhèrèk-sadhèrèk kawula adiyuswa punika tansah suméndhé dhumateng pakaryanipun Sang Roh Suci ingkang paring panglipur sarta ngiyataken sadhèrèk-sadhèrèk kawula ing kawontenanipun ingkang ringkih. Kawula nyuwun,

U: **Paduka sembadani / pandonga kawula.**

PS: Punika pandonga syafaat kawula dhuh Gusti Allah. Paduka tilingaken tuwin sembadani pandonga-pandonga kawula, ingkang sadayanipun kawula suwun, ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus. Kamulyakna tuwin pinujia Asmanipun Allah.

U: **Samangké, / dumugi ing salami-laminipun. / Amin.**

PALADOSAN BUJANA SUCI

Kidung Pacawisan

U: *(Ngidungaken KPJ 305)*

KPJ 305. IBA KASAÉNANING GUSTI

Do=C 4/4, 6/4

Iba kasaénaning Gusti, andhawahaken bujana
mring para abdiné; kasuprih mantepipun pracaya,
punapa malih rukunira, dé pitungkasing Pangéran
dhateng para sakabatipun kinèn sami sih-sinihan.

Pandonga Pacawisan

PS: Pinujia Gusti Allah ingkang sampun maringi kita roti punika lumantar pamedaling bumi tuwin saking pakaryanipun manungsa. Kersanipun punika dados rotining gesang. Pinujia Gusti Allah ingkang sampun maringi anggur punika lumantar pamedaling bumi tuwin saking pakaryanipun manungsa. Kersanipun punika dados anggur ingkang langgeng wonten karaton Paduka.
Bentèlan-bentèlan gandum ingkang pating slebar sarta wijining anggur ingkang sumebar sampun makempal ing sangginggiling méja punika kanthi wujud roti tuwin anggur. Karsanipun sadaya gréja Paduka ugi manunggil minangka sawijining patunggilan ing Jagad punika kanggé nambut karaton Paduka.

Préfasi lan Sanctus Benedictus

PS: Samangké kawula sowan ing ngarsa paduka dhuh Gusti Allah, kawula ngluhuraken Asma Paduka saha mbekta wedharaning sokur kawula.
Kanthy pangandika, Paduka sampun nitahaken samukawis sadaya ingkang saé. Paduka nitahaken manungsa minangka gambar lan pasemon Paduka kanggé nélakaken kamulyan Paduka. Paduka maringaken Sang Kristus minangka Margi, Kaleresan, lan Gesang kanggé saben tiyang ingkang purun nampi baptisan lan kasucèn minangka abdi Paduka kanggé martosaken kabar kabingahan dhateng ingkang ringkih.
Ing bujana ingkang sampun kawarisaken déning Sang Kristus punika, kawula sami ngènget-ènget dhumateng

séda tuwin wungun-Ipun, sarta nambut karawuhanipun Sang Kristus minangka roti lan anggur. Sesarengan kaliyan tiyang-tiyang pitados, Asma Paduka kawula luhuraken.

Panyuwunan/*Epiklesis* 1

PS: Kasucèkna Paduka dhuh Allah saha sadaya kaluhuran namung kagema ing Asma Paduka. Lumantar bujana punika, Paduka karsaa amberkahai kawula saha manah kawula Paduka esoki Roh Suci. Mugi roti tuwin anggur punika dados lambanging sarira tuwin rah Paduka.

Tetepan Sakramèn Bujana

PS: Kita saos sokur sarta yakin bilih Roh Suci sampun kaesok-aken dhateng kita, ngantos kanthi iman, kita ngraosaken karawuhanipun Sang Kristus sesarengan kita ing ngriki. Ing wanci dalu sadèrèngipun Sang Kristus kaulungaken, Panjenenganipun mundhut roti, lan sasampunipun saos sokur, tumuli nyuwil-nyuwil roti wau sarta ngandika, "Iki badanku, kang kaulungaké marga saka kowé; iki padha tindakna kanggo pangéling-éling marang Aku!"

Makaten ugi tuwungipun, sasampunipun saos sokur, maringaken anggur wau dhateng para murid-Ipun, sarta ngandika, "Padha ngombéa kabéh saka ing tuwung iki. Sabab iki getihku, getihing prajanjian kang kawutahaké kanggo wong akéh, murih apuraning dosa. Awit saben-saben kowé padha mangan roti iki sarta ngombé ing tuwung iki, iku ateges kowé padha martakaké sédané Gusti nganti tumeka ing rawuhé.

Ngènget-ènget Sang Kristus/*Anamnèse*

PS: Dinten punika, kita ngriyayakaken anggèn kita ngènget-ènget dhateng pakaryanipun Allah nebus gesang kita. Kita tinimbalan ngènget-ènget malih dhateng wiyosan sarta sugengipun Sang Kristus, baptisanipun Sang Kristus, bujananipun ingkang pungkasan, séda saha tumedhak-

Ipun dhateng teleng palimenganing pati, wungu-nipun Sang Kristus, sarta sumengkanipun Sang Kristus ingkang kinemulan kamulyan. Samangké kita sami ngrantu rawuhipun malih.

Minangka patunggilan wonten ing Sang Kristus, kita ngènget-ènget dhateng pangurbanan-Ipun ingkang milujengaken sarta dipun paringaken dhateng sadaya umating manungsa.

Panyuwunan/*Epiklèsis* 2

PS: Dhuh Gusti, bujana punika sampun Paduka paringaken dhumateng pasamuwan kagungan Paduka kadoseéné Paduka maringaken Putra Paduka minangka margining kawilujengan.

Nalika kawula ndhèrèk ing sarira saha rahipun Sang Kristus, Paduka ngebaki kawula kanthi Roh Suci supados kawula katunggilaken ing Sang Kristus dados satunggal badan lan satunggal roh, dados pisungsung ingkang gesang kagem Gusti Allah.

Timbalan Ngènget-ènget

PS: Dhuh Gusti Allah, Paduka ngèngeti gréja Paduka ingkang satunggal, ingkang suci lan waradin, ingkang sampun Paduka tebus lumantar rahipun Sang Kristus.

Paduka karsaa mbiyantu nyawijining gréja Paduka, Paduka karsaa njagi imanipun sarta mugi katentreman tansah ngayomi gréja Paduka. Paduka karsaa ngèngeti ugi sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang sampun tilar donya ing salebet-ing katentremanipun Sang Kristus, saha para rasul, para martir dalah para suci. Sesareangan kaliyan sadaya punika wau, kawula memuji saha ngantos-antos kabingahaning Karaton Paduka sesareangan kaliyan sadaya titah, ingkang sampun kauwalaken saking dosa lan pejah, kawula badhé ngluhuraken Paduka lumantar Sang Kristus Gusti kawula.

Konklusi

PS: Lumantar Sang Kristus, kanthi Sang Kristus, lan wonten ing Sang Kristus, saliring pakurmatan tuwin kamulyan kagema Allah Rama, ing patunggilanipun kalayan Roh Suci, samangké ngantos salami-laminipun.

Donga Rama Kawula

PS: Minangka para putranipun Allah ingkang katunggilaken ing salebetung tunggal baptisan, tunggal Roh Suci, tuwin tunggal sariranipun Sang Kristus, kawula ndedonga
(Donga Rama Kawula)

--- *Umat jumeneng* ---

Salam Katentreman

PS: Sumangga kita télakaken katesnan kita kanthi samidéné nampèni tuwin samidéné ngapunteni. Salam katentreman!

*(Umat sami jawat asta tuwin ngucapaken: "Salam katentreman!"
Juru musik saged ngungelaken instrumentalia
saking KPJ 460 "Tentrem Raharja")*

--- *Umat lenggah* ---

Nyuwil-nyuwil Roti

PS: (*sinambi nyuwil-nyuwil roti*) Gusti Yésus ngandika “Iki badanku kang kaparingaké marga saka kowé. Iki tindakna minangka pangéling-éling marang Aku.“

*(Roti dipunedum dhateng umat.
Patrapipun nedha roti dipunjumbuhaken kaliyan padatan ingkang lumampah ing pasamuwan ngriki)*

Ngesokaken Anggur

PS: (*sinambi ngiling anggur*) Gusti Yésus ngandika, “Tuwung iki prajanjian anyar kang kaecap kalawan getih-Ku. Saben-saben kowé pdha ngombé, iki padha tindakna kango pangéling-éling marang Aku!”

*(Anggur dipunedum dhateng umat.
Patrapipun ngunjuk anggur dipunjumbuhaken kaliyan padatan
ingkang lumampah ing pasamuwan ngriki)*

Pandonga Sokur

PS: Wonten ing salebetipun katentremaning gesang, sumangga kita ndedonga dhumateng Gusti Allah:
 Dhuh Allah, kawula ngaturakén panuwun sokur amargi kawula kepareng katunggilaken wonten ing baptisan ing salebeting sariranipun Sang Kristus sarta kapenuhan kabingahan lumantar Bujana Suci.
 Mugi Paduka karsa maringi kawula katetepan tuwin ener kanggé nyipati nyawijining geréja Paduka sarta Paduka maringi pitulungan kawula kanggé ngurmati pangapuntening dosa peparing Paduka. Samangké kawula sampun ngraos-aken bujana ingkang sampun Paduka cawisaken kanggé kawula ing satengahing jagad punika, temah ing satung-galing wekdal kawula saged sesareangan wonten ing daleming Sang Rama ingkang langgeng, lumantar Gusti Yésus Kristus, Putra Paduka, Gusti Allah kawula, ing patunggilanipun Sang Roh Suci. Amin.

PISUNGSUNG

Pangatag Pisungsung

P/D: Sumangga kita ngaturakén pisungsung dhumateng Gusti Allah, minangka wujuding sokur kita awit saking berkah-Ipun, sarta wujuding pasrah sumarahing gesang kita dhumateng Pangrèhipun Gusti Allah, kanthi ngèngeti sabdanipun Gusti ing Serat Roma 11:36, “Awitdéné samubarang kabèh iku saka Panjenengané, krana Panjenengané sarta kagem Panjenengané; kamulyan kagema Panjenengané salawas-lawasé!

Kidung Pisungsung

U: (*Ngidungaken KPJ 181:1-3*)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringgaing pakarya, nadyan badamba ringkikh;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;
sokur méga angantariksa, miwah surya ndhadhari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

Pandonga Pisungsung

P/D: Sang Rama ingkang Rahmani, kawula mbekta pisungsung kawula, minangka pratandhaning sokur kawula awit saking berkah ingkang sampun Paduka lubèraken ing gesang kawula padintenan. Paduka nyekapi kabetahaning rohani, makaten ugi kabetahaning jasmani kawula. Awit saking punika Gusti, Paduka tampèni pisungsung kawula. Paduka sucèkaken pisungsung kawula. Paduka agem pisungsung kawula punika minangka sarana kagem nindakaken pakaryan-pakaryan Paduka lumantar paladosaning pasamuwan ngriki. Kawula nyuwun,

U: **Paduka tilingaken, / tuwin Paduka sembadani / pandonga kawula.**

PS: Sang Rama ingkang Rahimi, Paduka karsaa amberkahi kawula ingkang kanthi iklasing manah sampun ngatura-kén pisungsung punika. Paduka mugi mberkahi saben pambudidaya punapadéné padamelan kawula. Paduka cekapaken sadaya prakawis ingkang kawula betahaken wonten ing gesang kawula sadinten-dinten, ngantos kawula sadaya saged nindakaken kewajiban minangka

péranganing brayat, pasamuwan, lan masyarakat. Kawula Paduka wulang supados tansah misungsungaken sawetah-ing gesang kawula; dadosa pikiran, wohing gesang, punapadéné bandha kawula. Kawula nyuwun,

- U: **Paduka tilingaken, / tuwin Paduka sembadani / pandonga kawula.**
- PS: Pandonga punika, kawula suwun, ing Asmanipun Gusti kawula Yésus Kristus.
- U: **Pinujia asmanipun Gusti Allah; / saking wiwitan, / samangké, / ngantos ing salami-laminipun. / Amin.**

--- *Umat jumeneng* ---

KIDUNG PANGUTUSAN

U: (*Ngidungaken KPJ 448:1-3*)
KPJ 448. PRA PRAJURITÉ GUSTI

Do=G 4/4

Kakidungaken sesarengan

- 1) Pra prajurité Gusti kang samnya dinuta,
 aywa padha suwala nyabar kabar adya,
 yéku kabaring sihrahmat tedhak saka swarga
 Kang sinungken pra umat pinurih pracaya.
 Rèff.: Payo, maju, ja giris atimu,
 marga Gusti ngantri salakumu !
 Payo, maju, undhangna samangkya,
 murih kang mblasar, nggetuni, mratobat agya.

Kakidungaken umat priya

- 2) Sajroning prang, sabukan kayektèn, ja lali,
 kaadilan dadia keré mitayani.
 Trumpahmu cumadhanga Injiling raharja,
 dèn undhangna warata saindenging donya.

Kakidungaken umat wanita

- Rèff.: Payo, maju, ja giris atimu,
 marga Gusti ngantri salakumu !
 Payo, maju, undhangna samangkya,
 murih kang mblasar, nggetuni, mratobat agya.

Kakidungaken sesarengan

- 3) Nganggo tamèng pracaya, dadia panangkis,
 marang solah gelaré culikaning iblis.
 Pedhang roh yéku sabda, sayoga tinampi,
 tetopang karahayon, yéku kang ngayomi.
 Rèff.: Payo, maju, ja giris atimu,
 marga Gusti ngantri salakumu !
 Payo, maju, undhangna samangkya,
 murih kang mblasar, nggetuni, mratobat agya.

PANGUTUSAN LAN BERKAH

- PS: Mengkera saking papan pangibadah punika. Mlampaña minangka seksinipun Gusti Allah. Gusti Allah karsa nyembadani panjenengan kanthi berkah-Ipun:
 “Gusti Allah Sang Rama sumbering tentrem rahayu, nucèkaken panjenengan (kita) sadaya. Déning panguwaosing wungunipun Sang Kristus, roh, jiwa, lan badan panjenengan (kita), karimat sampurna tanpa cacat, ngantos rawuhipun Gusti Yésus Kristus, Gusti kita.”
- U: **Amin. / Puji sokur / konjuk Gusti Allah.**

KIDUNG PANUTUP

- U: (*Ngidungaken KPJ 438:1*)
 438. GUSTI, PADUKA NGIRID LAMPAH KULA
 Do=D 4/4

- 1) Gusti, Paduka ngirid lampah kula
 Kula ndhèrèk Paduka salaminya.
 Kawula datan saged milih margi
 Mugi sapurug kula, Gusti ngantri.

[mp-den]



Liturgi

Minggu Paska Sonten

Minggu, 12 April 2020

Keterangan:

P: Panutur/*Narator*

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

L: Lèktor

U: Umat

PS: Pelados Sabda

**Martosaken
Pangalaman nDhèrèk
Katangèkaken**



PACAWISAN

- Pandonga pacawisan pangibadah
- Wekdal ening pribadi umat
- Loncèng kaungelaken

GUSTI YÉSUS SAMPUN WUNGU SAKING SÉDA

- P1: *Ambyar*, manahipun ajur, punika ingkang dipunraosaken sarta dipunalami déning para murid, nyawang Gusti Yésus, Gusti miyah gurunipun ingkang séda kanthi cara ingkang mrihatosaken sanget. Sadaya pengalaman ngremenaken sesarengan kaliyan Panjenenganipun kados-kados mboten wonten ginanipun. Pindha paribasan “panas setaun ilang déning udan sadina”, makaten ingkang karaosaken para murid. Sanadyan wonten kabar bab wungunipun Gusti Yésus saking séda, ananging amargi para murid dèrèng ngalami piyambak, kabar punika kados namung kabar ingkang mboten prelu dipun pirengaken.
- P2: Sapisan malih, kapireng suwanten, “Apa kang sira golèki? Menawa sira nggolèki Yésus, sanyata Panjenengané wus wungu. Panjenengané ora ana ing kéné. Delengen! Papan panggonané sumaré wus kothong. Panjenengané wus wungu! Lungaa, wartakna kabar kabungahan iki, Gusti Yésus wus wungu!”

--- *Umat jumeneng* ---

U: (*Ngidungaken KPJ 267:1-2*)

KPJ 267. PAMARTA KULA AGESANG

Do=Bes 4/4

- 1) Pamarta kula agesang, tyas kula mila agirang,
kang sinalib gesang. Dènnya séda krana kula
wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang.
Rèff.: Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

--- *Pradataning pasamuwan dalah para Palados pangibadah
mlebet dhateng papan pangibadah* ---

- 2) Gesang , Gusti kang wus séda, dènnya gesang krana kula,
mila kula puji. Saiba dènnya ngasihi
kula ngantos dèn paring gesang langgeng ugi
Rèff.:

VOTUM LAN SALAM

PS: Gusti Yésus sampun wungu saking séda!

U: **Inggih, / leres, / kawula sampun ngalami / wungunipun
Gusti Yésus / saking séda**

PS: Pangibadah punika kelampahan kanggé ngriyayakaken
Sang Kristus ingkang sampun wungu saking séda. Amin.

U: (*Ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin!**

PS: Katentreman saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing
panjenengan!

U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

--- *Umat lenggah* ---

PANJENENGANIPUN NUNGGIL KLAYAN KITA

P1: Kala-kala pengalamaning gesang kita andamel sakiting
manah. Ing kawontenan ingkang kados makaten, kados
kados kita rumaos kijénan, malah kapara kraos sepi ing
satengahing papan ingkang ramé. Kléopas lan mitranipun
ngalami kawontenan ingkang makaten punika. Kléopas
dalah mitranipun rumaos gesangipun mboten wonten

ginanipun malih, kebak déning tangis.

- U: (*Ngidungaken KPJ 446:1*)
KPJ 446 NALIKA NGAMBAH MARGI KANG SEPI

Do=E 3/4

- 1) Nalika ngambah margi kang sepi,
 giris uwas manah kula.
 Sampun nilar kawula dhuh Gusti,
 mugi tansah angamping ampingi.
 Rèff.: Mlampaah pyambak datan kedugi, Gusti mugi anganthi.
 Mrih gesang maédahi sesami,
 wah mulyakaken asmané Gusti

- P2: Punapa leres kita piyambakan? mBoten! Wonten Gusti
 Yésus ingkang nyarengi lampah kita. Panjenenganipun
 mirengaken, mangertos, sarta nyumurupi sadaya ingkang
 kita aturaken ing pasambat kita dhateng Panjenenganipun.
 Wekdal punika, ndedongaa dhumateng Panjenenganipun.
 Nyuwuna kakiyatan dhateng Panjenenganipun.

- U: (*Umat kacawisan wekdal ndedonga secara pribadi,
 kairingan ungelung instrumèn musik KPJ 446*)

- U: (*Ngidungaken KPJ 446:2*)
KPJ 446 NALIKA NGAMBAH MARGI KANG SEPI

Do=E 3/4

- 2) Kawula kesandhung ngantos dhawah, karana karaos sayah,
 Gya kula rangkul salibé Gusti, wit sihnya kula manggih basuki.
 Rèff.: Mlampaah pyambak datan kedugi, Gusti mugi anganthi.
 Mrih gesang maédahi sesami
 wah mulyakaken asmané Gusti.

- P1: Wonten ing kekidunganipun, Juru Masmur ngraosaken
 kakiyatanipun Gusti Allah ingkang nyantosakaken
 gesangipun. Pengalaman punika dipun serat dados
 satunggaling *madhah* utawi pangalembana ingkang éndah
 sanget. Juru Masmur neksèkaken Gusti Allah lumantar
 pengalamaning gesangipun. Pengalaman dipunsantosakaken
 déning Gusti Allah.

Kadospundi pengalaman panjenengan? Punapa pengalaman dipunsantosakaken déning Gusti Allah punika dados péranganing gesang panjenengan?

U: (*Ngidungaken KPJ 446:3*)
KPJ 446 NALIKA NGAMBAH MARGI KANG SEPI

Do=E 3/4

3) Lamun thathit-kilat sesamberan,
peteng-ndhedhet lelimengan.
Manah kula kekes tan kantenan,
nanging Gusti paring pitulungan.
Rèff.: Mlampaḥ pyambak datan kedugi, Gusti mugi anganthi.
Mrih gesang maédahi sesami
wah mulyakaken asmané Gusti

PS: Sumangga kita ndedonga
(*PS ndedonga nyuwun supados saben pandhèrèkipun Gusti Yésus mengani manah ngraosaken pengalaman wungunipun Gusti Yésus ingkang ngéwahi gesang sarta tékad nyeksèkaken wungunipun Gusti Yésus lumantar gesangipun*)

U: (*Ngidungaken KPJ 298: 1, 5*)
KPJ 298. GUSTI KULA MAHATRESNA

Do=C 2/2 5/2

- 1) Gusti kula Mahatresna, Juru Pangèn utami;
kanthi setya pangreksanya, mrih gesang kula suci.
- 5) Mugi kula kauwalna saking lampah dursila;
katuntuna manah kula dhateng kamulyan swarga.

--- *Umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Punika paseksining pawartos sihrahmat,

“Anadéné paseksiné yaiku: Allah wus maringaké urip kang langgeng, lan urip iku dumunung ana ing Sang Putra. Sapa kang nduwèni Sang Putra, iku nduwèni urip. Sapa kang ora nduwèni Putraning Allah, iku ora nduwèni urip.” (1 Yohanes 5:11-12).

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**
(Ngidungaken KPJ 77:1-2)
KPJ 77. IBA ADI TUWIN ÉNDAHNYA

Do=G 3/4

- 1) Iba adi tuwin éndahnya dinten ageng ingkang mulya.
 Tiyang dosa wanuh Pamarta, samya nampi gesang nyata.
 Gesang ing astaning Panutan ingkang kebak kaayeman.
 Sagung dosa sampun ical; mangkya ngrasuk gesang énggal
- 2) Iba adi tuwin éndahnya pawartos ingkang kapyarsa
 Turut margi arum swaranya pangundhanging kabar adya
 Kabar rahmat saking Pangéran rentahing berkah kraharjan
 Kula samya tiyang dosa rinentahan palimirma.

--- *Umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

Pandonga Paladosan Sabda

PS: *(Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Sang Roh Suci)*

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

- L: *(Maos Kitab Nabi Yésaya 25: 6-9)*
 Makaten sabdanipun Gusti Allah!
 U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

- L: *(Maos Masmur Tanggapan saking Jabur Masmur 114, saged kawaos gentosan kaliyan umat)*

Waosan Kaping Kalih

- L: *(Maos 1 Korintus 5: 6b-8)*
 Makaten sabdanipun Gusti Allah!
 U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus kapendhet saking **Lukas 24:13-49**.
Makaten Injilipun Gusti Yésus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken tuwin ngèstokaken pangan-dikanipun Gusti Allah. Haleluya!
U: (*Ngidungaken*) **Haléluia, Haléluia, Haléluia!**

Khotbah

Wekdal Ening

--- *Umat jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS

P/D.1: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

--- *Umat lenggah* ---

PANDONGA SYAFAAT

PS: (*Nuntun pandonga syafaat*)

PISUNGSUNG

P/D.2: Sumangga kita saos sokur kanthi ngaturakén pisungsung ingkang kita talesi pangandika ing Jabur Masmur 54:8 makaten,

“Kawula badhé nyaosi kurban kanthi éklasing manah, dhuh Yéhuwah, kawula badhé memuji asma Paduka, amargi asma Paduka punika saé.“

U: (*Nyarengi anggènipun ngaturakén pisungsung, umat ngidungaken KPJ 154:1-2*)

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Rèff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,
 mugi katampia atur kawula,
 mrih gesang kawula kagema Paduka
 pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
 kula kagunganta, Paduka rimati.

Rèff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,
 mugi katampia atur kawula,
 mrih gesang kawula kagema Paduka
 pirantos sapala.

--- *Umat jumeneng* ---

P/D.2: (*Nuntun pandonga ngaturakén pisungsung*)

PALADOSAN BUJANA SUCI

(*Menawi wonten Paladosan Bujana Suci, saged katindakaken kanthi
 ngginakaken Pratélan ingkang padatan kaagem ing pasamuwan
 ngriki*)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Wungunipun Gusti Yésus saking séda, ngewahi gesang
 kita. Saben dinten, raosna dayaning wungunipun Gusti
 Yésus saking séda.

U: **Kawula mengani manah kanggé ngalami wunguni-pun Gusti Yésus saking séda.**
 (*Ngidungaken KPJ 258:1-2*)

KPJ 258. GUSTI YÉSUS WUS WUNGU

Do=Bes 4/4

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya
Samnya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!
- 2) Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!

- PS: Enerna manah panjengan dhumateng Gusti Allah,
U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah,
supados gesang kawula dipun éwahi Panjenenganpun**
PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus ingkang tuhu setya,
U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**
PS: Pinujia Gusti Allah kita
U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**
PS: Mengkera ing salebeting tentrem-rahayunipun Gusti Allah, sarta tampènana berkahipun Gusti Allah:
Muga-muga Allah, etuking pangarep-arep, menuhi kowé (kita) kabèh kanthi sakèhing kabungahan sarta tentrem-rahayu ing sajroning pracayamu (kita), supaya marga saka sawabé Roh Suci, kowé (kita) nduwèni lubèring pangarep-arep. (Roma 15:13)
- Amin
- U: (Ngidungaken) **Haléluya (5x), Amin (3x)**

[wsn-den]



BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI DIWASA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*



Bahan PKS Diwasa 1

Waosan Kitab Suci:
Yokanan 2:13-22

**Apa Jagad
Mung Pasar?****PANUNTUN**

Irah-irahan “Apa Jagad Mung Pasar?” kaserat déning Jean Vanier ing salah satunggaling bab ing bukunipun Kèrem Ing Mistérinipun Gusti Yésus. Srana nyebut pasar, jagad dados papan kanggé rebatan. Inggih punika ingkang kita seksèni wekdal punika. Jagad dados papan kanggé rebatan kuwaos. Srana kuwaos, tiyang gadhah pamanggih bilih samukawis saged karauk saking jagad punika. Menawia wonten sesambutan, sedayanipun kaukur namung srana transaksi kauntungan. Inggih jagad ingkang kados mekaten ingkang kita gegesang wekdal sapunika. Ing jagad ingkang kados mekaten punika, kalenggahan, pangkat, kasugihan, lan kelompok mayoritas nggadhahi posisi *tawar* ingkang inggil. Inggih pramila punika dados barang rebatan ingkang katindakaken kanthi sawernining cara. Awit jagad punika pasar, ingkang dipun oyak kauntungan. Spiritualitas ugi kaukur srana punapa ingkang saged kagayuh utawi kalenggahan.

Gusti Yésus memulang jagad minangka altar. Gesang punika misungsungaken ingkang paling saé kagem Gusti lan kanggé kamanungsaan. Inggih punika sebabipun Gusti Yésus lila ngurbanaken sarira, ngambah margining Gusti ingkang damel sesek. Inggih punika ugi ingkang ndadosaken Panenenganipun dipun kuwaosi déning duka ingkang makantar-kantar, nalika pangibadah namung awujud kauntungan matéri.

Jangkah 1:

Naté mireng tembung *Holy Land*, tanah suci? Punapa panjenengan naté tindak mrika? Punapa sakonduripun saking *Holy Land* panjenengan rumaos langkung *holy*, langkung suci?

Jangkah 2:

- Punapa panjenengan naté maos iklan bab *Holy Land* ingkang janji badhé nuwuhakan imaning tiyang ingkang jiyarah? Punapa komentar panjenengan bab iklan ingkang kados mekaten punika??
- Menawi *Holy Land* damel manungsa dados langkung *holy* (suci), mila nuwuhaken iman punika bab ingkang gampil. Cekap srana sawetawis arta lan késah dhateng *Holy Land* panjenengan badhé dados pribadi ingkang langkung suci. Kados pundi pamanggih panjenengan punika?

Jangkah 3:

Kaaturan maos Yokanan 2: 13-22 kanthi tliti lan mboten kanthi kesesa, karaosna kanthi temen-temen saben tembung ingkang kawedharaken déning penginjil.

Waosan Injil kita nyariyosaken kawontenan ing Yérusalèm, kitha suci punika, nalikanipun dinten riyaya Paska! Punapa ingkang panjenengan gambaraken – saged ugi inggih punika ingkang ugi kagambaraken déning Gusti Yésus – kawontenan kitha suci punika nalikanipun pahargyan ingkang wigatos lumampah? Sacara imajinatif kita saged ugi nggambaraken swasana kadosdéné “swarga.” Tiyang sami ribut nalikanipun wonten ingkang sami ndedonga kanthi temen-temen ing padalemaning Allah. Nanging punapa ingkang kapanggihaken déning Gusti Yésus? Ayat 14 nélakaken: “Ana ing Padaleman Suci Gusti Yésus mirsa wong-wong kang adol sapi, wedhus, manuk dara, apadéné wong-wong préyalan padha dhasar ana ing kono.” Gusti Yésus manggihaken peken, sanès altar!

Umyeking tiyang sami dedagangan, sanès swantening pandonga ing pangibadah.

Pramila punika, réflèksi Jean Vanier leres srana apitakèn kasunyataning Padalemaning Allah punika kanthi tembung ingkang nyocok manah: “Apa Jagad Mung Pasar?” ing salebeting réflèksi punika dukanipun Gusti Yésus dados gampil kita pahami. Srana ningali kasunyataning kawontenanipun Padalemaning Allah, punjering gesangng kapitadosan wekdal punika, jagad sampun dados peken. Temtu kémawon! Menawi punjering kapitadosan kémawon mati-matian pados kauntungan materi lan kuwaos, kados pundi kaliyan jagad punika? Gesang sampun dipun aosi lan kaukur srana transaksi adhedhasar kauntungan.

Ing jagading peken, ingkang dipun oyak déning manungsa inggih punika: kuwaos, kasugihan lan bab-bab ingkang ndadosaken misuwur. Persaingan katindakaken kanthi keras malah kejem, *homo homini lupus*. Ingkang narik persaingan punika ugi nyrambahai jagading spiritual, kalebet gréja! Kalenggahan minangka pangarsa ing bebadan (*lembaga*) keagamaan ingkang kaanggep wah sampun dados rebatan ingkang tebih saking nilai kristiani. Tiyang-tiyang ingkang mumpuni ing bab lobi, purun andum kursi, janji andum jatah panyengkuyung finansial, malah sampun nyukani sawetawis arta (kanthi èmbèl-èmbèl: arta transport, arta rapat, lan sanès-sanèsipun) asring langkung gampil pikantuk kursi pangarsa. Bab integritas, kompetènsi, punapa-malih spiritualitas mboten dados masalah malih. Jagad sampun malih rupi dados peken! Bab punika sangsaya ngekahaken punapa ingkang kasebut *homo economicus*, ékonomi ingkang nata gesang.

Cara ngrasuk agami inggih kebak déning cara pikir ingkang kados mekaten punika. Kathah tiyang medal saking gréjanipun kanthi ngucap, “Ning kéné aku *ora olèh* apa-apa. Liturginé mboseni, khotbahé ora narik.” Temtu raos kados mekaten mboten klèntu lan kedah pikantuk kawigatosan saking

pemimpin pasamuwan. Nanging kagatosna kanthi saé tembung kuncinipun “*ora olèh apa-apa*”. Tembung punika nélakaken kadospundi tata pikir transaksional sampaun nguwaosi gesangkapitadosan kita. Ugi pasambat mboten kagatosaken, mboten dipun tuwèni nalika nandhang sakit kamangka sampaun misungsung, lan sapiturutipun nélakaken paradigma transaksional sampaun nguwaosi gesang sesareng.

Sepisan malih punika mboten ateges kita mboten kénging kritis tumrap kasunyatan. Kosok-wangsulipun kita kedah kritis kanthi cara misungsungaken gesang kanggé komunitas supados kasaénan kanggé sedaya tiyang mawujud. Dukanipun Gusti Yésus nélakaken bilih Panjenenganipun kritis. Dukanipun Gusti Yésus mesthi ngundang antipati malah patrap sengit saking tiyang-tiyang ingkang kécalan kauntungan finansial. Ing Injil kaserat, “Panjenengané mundhut tampar kagem pecut, banjur nundhung wong-wong mau kabèh dalah wedhusè lan sapiné, saka ing Padaleman Suci. Dhuwité préyalan-préyalan padha disuntaki, méjané digolingaké. (Yok 2:15). Dukanipun Gusti Yésus ingkang kados mekaten punika namung kita prangguli ing cariyo punika. Inggih mekaten caranipun Gusti Yésus misungsungaken sariranipun ngantos lila dipun sengiti, salajengipun nanggung panandhang lan séda, kanggé piwucal ingkang dipun upadi. Piwucal punika kawiwitan saking anggènipun mbangun turut dhumateng Kang Rama lan anggènipun nresnani sesami.

Punapa Gusti Yésus sengit dhateng kasugihan? Mboten! Gusti Yésus mboten anti kasugihan. Panjenenganipun mboten nyengiti Zakéus, tiyang sugih awit anggènipun nariki pajek rakyat. Panjenenganipun ngasih tiyang aném ingkang sugih. Nanging tumrap Gusti Yésus kasugihan mboten dados tujuwan. Kasugihan punika pirantos ingkang kaagem kagem nindakaken kersanipun Allah. Inggih punika ingkang dipun maksud pratéla: “gesang punika altar“. Awit gesang punika altar, mila gesang ateges misungsungaken ingkang paling saé ing dhiri kita kagem

Gusti lan kanggé sesami. Gesang minangka altar mboten mapanaken kauntungan minangka landhesan, nanging sumadya kanggé andum.

Ing ngriki kita manggihaken, bilih sanès matérinipun (utawi kasugihanipun) ingkang lepat. Matéri punika nétral, barang biasa. Nanging motivasining manungsa ingkang damel éwah. Inggih punika sebabipun Gusti Yésus ngendika: “Dalemé Rama-Ku dadi omah padagangan.” Kagem Gusti Yésus sanès bab sesadéyan, nanging – ing basa Injil sanèsipun – dalem pamujan wis kokdadèkaké kedhung bégal.

Inggih punika sebabipun, Gusti Yésus ngajak para tiyang ingkang sami mirengaken nindakaken réflèksi bab punapa ingkang asring kaanggep Padaleman Suci. Gusti Yésus ngendika, “Padaleman Suci iki bubrahen, sajroning telung dina bakal Dakdegagé manèh” (ay. 19). Ayat 21 maringi katrangan pangandikanipun Gusti Yésus punika: “Nanging kang dipangandikaké Padaleman Suci iku sarirané piyambak.” Punika ateges Gusti Yésus ngajak kita ngéwahi makna Padaleman Suci, saking namung satunggal ing papan ingkang pejah dados papan ingkang gesang. Saking ingkang struktural dados fungsional. Bab punika katandhe-saken malih déning Gusti Yésus ing Yok 4:24 “Gusti Allah iku Roh, mulané kang padha sujud marang Gusti Allah, anggoné sujud iku kudu ing sajroning roh lan kayektèn.” Srana ngendika mekaten punika, tumrap Gusti Yésus mboten wonten papan ingkang kasebut Padaleman Suci, Padalemanipun Allah, utawi *Holy Land*. Awit sedaya papan, saben kilan punika Dalemipun Allah. Mboten wonten *papan* ingkang suci, ingkang wonten punika *gesang ingkang* suci. Kasucèn mboten wonten ing papan, nanging ing tata gesang. Tata gesang ingkang dipun kajengaken inggih punika misungsungaken dhiri kanthi mbangun turut dhumateng Allah lan tresna dhateng sesami.

Jangkah 4:

Punapa penjenengan mirsani gesang transaksional wonten ing gesangipun tiyang ingkang ngrasuk agami wekdal sapunika? Punapa gréja ugi dipun kuwaosi déning pasar? Kados pundi nggesangaken semangat altar ing gesang masamuwan?

Jangkah 5:

Wonten cariyos tiyang èstri nama Oseola McCarty. Piyambakipun gesang nyambut damel kanthi wekel srana dados asistèn rumah tangga. Prinsiping gesangipun nyèlèngi sepinten ingkang dipun gadhahi. Wusaninanipun ing dinten sepuhipun piyambakipun ngempalaken arta US \$ 150.000. Arta semanten kathahipun punika lajeng kasumbangaken kanggé mbiyantu pendhidhikan para anèm ing University of Southern Mississippi.

Conto gesang ing nginggil nélakaken bilih cara pikir altar taksih wonten ing sakiwa tengan kita. Kados pundi panjenengan?

[asp/wds]



Bahan PKS Diwasa 2

Waosan Kitab Suci:
Yokanan 12: 20-33

**Pangurbanan
 Ingkang
 Nuwuhaken Gesang**

**PANUNTUN**

Panandhang punika bab ingkang mboten ngremenaken. Manungsa umumipun nampik panandhang. Nanging kita ugi asring mrangguli tiyang ingkang sumadya ngraosaken panandhang kanggé tiyang sanès. Panandhang dados pilihan amrih maujuding gesang ingkang langkung saé. Inggih bab punika ingkang kita prangguli ing ibu ingkang nandhang sakit amrih lairing sang jabang bayi. Ugi bapa ingkang kedah adus kringet pados arta kanggé nyekapi kabetahaning brayatipun. Panandhang dados pilihanipun Gusti Yésus kanggé paring gesang dhateng manungsa. Lantaran séda lan panandhangipun, Gusti Yésus ngesangaken malih sesambetan ing antawisipun manungsa kaliyan Allah.

Jangkah 1:

Punapa panjenengan naté milih margi panandhang kanggé mitulungi gesangipun tiyang sanès? Kaaturan sami nyariyosaken pengalaman lan motivasi panjenengan, déné milih sumadya nempuh panandhang kanggé mitulungi tiyang sanès punika!

Jangkah 2

Punapa ingkang panjenengan raosaken nalika margi panandhang ingkang panjenengan pilih punika mikolèhaken kasaénan tumrap tiyang ingkang panjenengan tulungi? Kosokwangslipun, raos punapa ingkang tuwuh ing manah panjenengan menawi pilihan panandhang punika mboten mikolèhaken kasaénan tumrap tiyang sanès?

Jangkah 3:

Kawaosa Yokanan 12:20-33.

Cariyos ing waosan kita punika kawiwitan déning Gusti Yésus ingkang tindak lumebet ing Yérusalèm (ay. 12). Tiyang kathah anggènipur sami mangayubagya rawuhipun Gusti Yésus kanthi adreng sanget. Tiyang-tiyang wau mbekta ron-ron palem lan nguwuh: “Hosana! Binerkahana Panjenenganipur ingkang rawuh atas asmanipur Pangéran, Ratunipun Israel” (ay. 13).

Sajakipun ing antawisipun rombongan tiyang kathah punika wonten sawetawis tiyang Yunani (ay. 20). Tiyang-tiyang wau sami kepéngin pinanggih Gusti Yésus. Pramila lajeng sami manggihi Filipus supados kabiyantru pinanggih kaliyan Gusti Yésus. Kénging punapa tiyang-tyang punika kepéngin manggihi Gusti Yésus? Kita mboten mangertos persisipun. Saged ugi tiyang-tiyang wau ngajeng-ajeng mukjjijat awit sadèrèngipur katrangaken bilih kathah tiyang sami mireng bilih Gusti Yésus punika yasa mukjjijat (ay. 18).

Menawi punika ingkang dados pangajeng-ajengipun, tiyang-tiyang Yunani badhé kuciwa, awit Gusti Yésus kados-kados mboten preduli dhateng tiyang-tiyang punika lan pepénginanipur. Gusti Yésus malah ngendika: “Wus tekan wektuné Putrané Manungsa kaluhuraké” (ay. 23). Punapa ingkang dipun kersakaken kaluhuraké? Rak Gusti Yésus sampun kaluhuraken nalika Panjenenganipur tindak lumebet Yérusalèm lan kathah tiyang sami dhateng lan mangayubagya Panjenenganipur. Kaluhuran kagem Gusti Yésus inggih punika nalika Panjenenganipur nindakaken rancanganipur Kang Rama, inggih punika lumebet ing panandhang lan séda! Inggih lantaran anggènipur séda punika Gusti Yésus maringi gesang dhateng manungsa. Kados wiji gandum ingkang kedah pejah nuwuhanek gandum sanès, mekaten sédanipur Gusti Yésus maringi gesang dhateng manungsa.

Gesang ing ngriki mboten ateges ambegan utawi gesang sacara ragawi. Kita saged sinau saking cariyos anggènipun Gusti nitahaken jagad, nalika Gusti Allah ngendika dhateng manungsa kapisan, sinten ingkang nedha wohing wit pangawruhing becik lan ala (PD. 2: 17). Nanging punapa Adam lan Kawa pejah? Mboten! Adam lan Kawa katundhung saking taman Éden. Adam lan Kawa tebih saking Allah lan mboten saged sesambetan kanthi raket kaliyan Allah. Dados, pejah ing ngriki ateges pedhoting sesambetan kaliyan Allah. Temah manungsa kécalan ener, saya dangu saya tebih saking Allah. Amargi saking punika pamratobat (Yun: *metanoia*, berbalik arah) tansah dipun kumandhangaken. Ananging manungsa mboten saged sawetahipun wangslu dhateng Allah. Siklus gesang pamratobat-paukuman-pangapunten-damel dosa, kados-kados tansah gilir gumantos ing gesangipun manungsa. Tegesipun, manungsa mokal saged sesambetan kanthi wetah kaliyan Allah awit kekiyatana lan kasagedanipun piyambak. Manungsa ingkang condhong damel dosa ndadosaken tansah dhumawah ing dosa lan kalepatan. Inggih awit saking punika Gusti Yésus rawuh kanggé mangsulaken sesambetan ingkang pedhot ing antawisipun Allah lan manungsa. Pangudi punika katindakaken srana rah ingkang kawutahaken, awit utang dosa kedah kabayar srana rah (mirsanana upaminipun Imamat 4). Inggih punika ingkang katindakaken déning Gusti Yésus minangka cempéning Allah ingkang tanpa cacat ingkang ngraosaken panandhang lan séda kasalib (bdk. Yok. 1:29).

Srana pangurbananipun Gusti Yésus, sesambetan ing antawisipun manungsa lan Allah kasabet malih. Sacara simbolis bab punika kapratélakaken lantaran gubah Padaleman Suci ingkang suwèk daos kalih wiwit saking nginggil dumugi ngandhap ingkang misahaken ruwang mahasuci (dhamparipun Gusti) lan panggènanipun manungsa dosa (mirsanana Mat. 27: 51). Ruwang kalih punika dipun jembatani déning imam ingkang nampi kapitadosan winates kanggé manggihi Gusti. Samangké, lantaran sédanipun Gusti Yésus, manungsa mboten mbetahaken malih pantara kanggé sesambetan kaliyan Gusti nanging, “...

déning rahipun Gusti Yésus kita sapunika kanthi kebak ing kakendelan saged lumebet papan pasucèn” (Ibr. 10:19).

Satunggaling lompatan ingkang ngédab-édabi menawi kita mbandingaken kaliyan tradhisi pangibadah Yahudi ingkang mbetahaken imam minangka pantara. Amargi saking punika, lompatan punika prelu katambi kanthi kebak sokur. Ingghih bab punika ingkang kedahipun mbereg umat ngimani kawilujengan wonten ing Gusti Yésus saha gesang ing salebeting kabingahan lan memitraran.

Jangkah 4:

- Sasampunipun panjenengan paham bab margining sédanipun Gusti Yésus ingkang mbekta gesang kados ingkang katindakaken déning Gusti Yésus, patrap gesangging iman ingkang kados punapa ingkang kedahipun dipun gegesang déning tiyang-tiyang Kristen?
- Punapa margining panandhang taksih kapilih déning tiyang Kristen kanggé andum gesang dhateng sesami? Punapa tiyang Kristen langkung milih margi ingkang nuwuhaken raos aman lan nyaman?

Jangkah 5:

- Pangurbanan punapa ingkang prelu katindakaken déning gréja supados saged mitulungi sesami ingkang wonten ing panandhang?
- Pangurbanan punapa ingkang saged panjenengan tindakaken kanggé sesami ingkang wonten ing panandhang?

Bahan PKS Diwasa 3

Waosan Kitab Suci:
Yokanan 20:1-18

**Dados Seksi
Wungunipun****PANUNTUN**

Seksi punika wigatos dados bukti bilih satunggaling prekawis leres kedadosan. Awit saking punika, satunggaling seksi mboten namung kedah saged pinitados, nanging ugi nggadhahi kasagedan kanggé ngandharaken paseksinipun kanthi leres. Pramila narik sanget menawi kita migatosaken cathetan Kitab Suci bab sinten ingkang dados seksi wungunipun Gusti Yésus. Pranyata seksi wungunipun Gusti Yésus ing cariyosipun Kitab Suci punika para wanita. Minangka bab ingkang wigatos kedah dipun cathet inggih punika bilih wekdal semanten wanita dados kelompok ingkang mboten pikantuk kalenggahan satimbang kaliyan priya. Wanita kaanggep tiyang ingkang mbekta dosa temah mboten pantes pinitados. Pramila ing tatanan/hukum Yahudi ingkang lumampah wekdal semanten, para wanita mboten kénging dados seksi.

Menawi Kitab Suci nélakaken bilih seksinipun Gusti Yésus ingkang wungu punika wanita, punapa tegesipun? Punapa srana mekaten kita lajeng dados mangu-mangu mitadosi wungunipun Gusti Yésus?

Jangkah 1:

Punapa panjenengan naté dados seksi? Kersaa ngandharaken pengalaman panjenengan!

Jangkah 2:

Kénging punapa panjenengan kasuwun dados seksi?

Jangkah 3:

Kaaturan maos Yokanan 20: 1-18

Sinten ingkang dados seksi pisanan wungunipun Gusti Yésus? Wangsulanipun: wanita. Injil Yokanan nyathet wanita punika nama Maryam Magdaléna (ay. 1). Pranyata mboten namung Injil Yokanan ingkang nyebut wanita, Injil sanèsipun ugi nyathet nami wanita minangka seksi wungunipun Gusti Yésus. Matéus nyathet nama Maryam Magdaléna lan Maryam sanèsipun (Mat. 28:1). Markus nyathet nama Maryam Magdaléna, Maryam Ibunipun Yakobus, lan Salomé (Mrk. 16:1). Lukas nyathet nama Maryam saking Magdala, Yohana, Maryam ibunipun Yakobus, para wanita sanèsipun (Luk. 24:10). Cathetan-cathetan punika nélakaken bilih para wanita pancèn dados seksi wungunipun Gusti Yésus.

Ingkang narik kawigatosan, wanita wekdal semanten kaanggep minangka kelompok tiyang ingkang mboten saged pinitados. Malah wanita mboten kénging suka paseksi ing pangadilan agami. Menawi mekaten kanyatanipun, kénging punapa Kitab Suci malah nyathet nama wanita minangka seksi wungunipun Gusti Yésus? Rak langkung saé kapilih kémawon nama murid priya, kados ta Pétrus, murid ingkang wiwitan nyeksèni wungunipun Gusti Yésus, supados pawartos punika langkung saged pinitados lan cundhuk kaliyan kontéksipun?

Kanyatan punika nélakaken bilih mukijiating Paska ingkang munjer ing wungunipun Gusti Yésus nyrambahи sawernining babaganing ngagesang, kalebet runtuhipun tembok-tembok pemisah ingkang mblenggu manungsa. Salah satunggalipun blenggu ingkang misahaken manungsa inggih punika kelompok gender (jinising kelamin) tartamtu. Blenggu pemisahan punika sampun nyipta pamawas/paradigma négalipun tumrap kaum wanita. Sujarah gesangging manungsa nyathet kadospundi angèlipun ngéwahi pamawas/paradigma. Tumindak diskriminatif dhateng wanita nuwuhaken paradigma ingkang mapanaken

priya dados punjer. Inggih punika ingkang asring sinebut patriakat. Kasunyatan punika ndadosaken wontenipun wanita mboten dipun gubris, karèmèhaken, lan kapinggiraken. Wonten ing pandonganipun, priya Yahudi nélakaken pamatur nuwunipun dhumateng Gusti bilih mboten katitahaken minangka priya, kéwan, lan wanita. Patrap dhiskriminatip nuwuhaken kathahipun wanita ingkang ngalami panandhang awit wohing gesang ing donyaning patriakat. Wanita kadya barang ingkang saged katumbas, purun dipun punapa-punapakaken miturut "ingkang gadhah."

Mapanaken wanita dados seksi wiwitan wungunipun Gusti Yésus dados cathetan ingkang ndudut manah ing satengahing kalenggahan wanita ingkang kaanggep mboten saged pinitados punika. Cariyosipun penginjil Yokanan nélakaken wontenipun pamangu-mangu sekedhik (saged ugi damel tiyang ingkang maos Injil dados mangu-mangu) temah nglajengaken cariyosioun Maryam dhateng saréanipun Gusti Yésus kanthi ndhatengaken Simon Pétrus lan murid sanèsipun kanggé nandhesaken kedadosan wungunipun Gusti Yésus. Simon Pétrus punika pemimpin kelompok para muridipun Gusti Yésus. Déné sinten "murid sanèsipun" mboten kasebut kanthi cetha, tradhisi nyebut minangka rasul Yokanan. Ingkang cetha para murid sami manggihaken pasaréan punika kothong. Ing tèks Kitab Suci kasebut: "Sakabat liyané kang dhisik tekané ing pasaréan mau iya tumuli mlebu, banjur ndeleng sarta pracaya" (ay. 8). Punapa ingkang sami dipun pitadosi? Pasaréan kothong punapa Gusti Yésus ingkang wungu?

Ayat salajengipun nerangaken. Ing Alkitab BIMK (Bahasa Indonesia Masa Kini) kaserat: "*Sampai pada waktu itu mereka belum mengerti apa yang tertulis dalam Alkitab bahwa Ia harus bangkit dari mati*" (ay. 9). Dados, saged ugi para sakabat pitados sanget bilih pasaréan sampun kothong, ananging kaptadosan bab Gusti Yésus ingkang wungu mboten kapratélakan kanthi cetha. Malah mboten wonten pawartos candhakipun.

Namung wonten cathetan cekak: “Sakabat loro mau tumuli padha mulih” (ay. 10). Yèn pancèn para sakabat padha pracaya Gusti Yésus wis wungu – sanès pasaréan kang kothong – kita saged nggambaraken tanggapanipun para sakabat mesthi béda.

Kosokwangsul kaliyan Maryam. Kasunyatan pasaréan ingkang kothong ndadosaken Maryam kagèt lan ngraosaken sisah (ay. 12). Maryam nganggep layonipun Gusti Yésus sampun dipun pendhet tiyang. Pramila Maryam matur dhateng tiyang ingkang kakinten juru taman (pasarèan): “Bapak, menawi sampéyan ingkang mendhet Panjenenganipun, kula sampéyan criyosi wonten ing pundi anggèn panjenegan nyèlèhaken, kula pendhetipun” (ay. 15). Patrapipun ingkang tulus ing salebetting ngantos-atos wangslan bab layonipun Gusti Yésus ndadosaken piyambakipun ngantos-atos kanthi trenyuh lan pangajeng-ajeng. Maryan ngantos-atos tanpa mangertos sinten ingkang badhé maringi jawaban. Maryam ngantos-atos tanpa kathah mikir. Maryam kèndel ing salebetting tangis. Ing pangantos-atos ingkang kados mekaten, Gusti Yésus manggihi sacara pribadi.r ingkang logis. Maryam dados seksi wungunipun Gusti Yésus. Maryam pinitados kanggé martosaken wungunipun Gusti Yésus dhateng para rasul ingkang dumados saking para priya. Ing salebetting kayakinan Maryam ngucap: “Aku wus ndeleng Gusti!” (ay. 18). Maryam sampun kepanggih kaliyan Gusti sacara pribadi lan otèntik. Piyambakipun punika seksi. Pramila gesangipun ngalami éwah-éwahan total. Maryam késah wewarta dhateng para sakabat sanèsipun kanthi sukarena bilih Gusti Yésus sampun wungu. Punapa wonten ingkang dados manu-mangu ing bab paseksi ingkang kados mekaten punika?

Jangkah 4:

- Salah satunggaling bab ingkang “dipun dadosaken prekawis” wonten ing iman Kristen inggih punika wungunipun Gusti Yésus. Kadospundi cara panjenengan nerangaken bab wungunipun Gusti Yésus dhateng tiyang ingkang gadhah pamangu-mangu utawi ingkang ngrasuk agami sanés?

- Menawi Gusti Allah miji tiyang ingkang kawawas “awon lan mboten mungguh” (kados para wanita ing jamanipun Gusti Yésus), punapa tegesipun tumrap panjenengan? Punapa panjenengan ngrumaosi bilih tiyang Kristen ing wekdal sapunika ugi kasuwun dados seksi tumrap wungunipun Gusti Yésus? Punapa panjenengan rumaos mungguh dados seksi wungunipun Gusti Yésus? Punapa ingkang damel panjenengan rumaos mungguh?
- Cariyos Paska nglebur sawernining tembok ingkang misahaken manungsa. Gusti Yésus ingkang wungu nglawan kasuntaning gesang ingkang dipun lampahi déning manungsa, ingkang asipat dhiskriminatif dhateng wanita. Punapa penjenengan taksih mirsani patrap diskriminatif ing lingkungan gesang panjenengan? Kados pundi tanggapan panjenengan ing bab punika?

Jangkah 5:

Aku iki seksi wunguné Gusti Yésus, aku arep:

Ing satengahing barayat....

Ing satengahing pasamuwan

Ing satengahing masyarakat

Kaaturan sami nglajengaken ukara ing nginggil (titik-titik).

[asp/wds]

BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI ADIYUSWA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*



Bahan PKS Adiyuswa 1

Waosan Alkitab:
Filipi 2:1-11

Andum Papan**KATRANGAN LAMPAHING PKS**

- Fasilitator ngajak para rawuh ngidungaken lagu lan ndedonga pambuka kanggé miwiti PKS (kapiliha lagu ingkang cocog).
- Fasilitator miwiti kanthi ngandharaken panuntun.
- Ingkang sami rawuh kaajak rembagan, kawiwitan saking Dhiskusi 1. Para rawuh sacara gentosan kaaturan wewengan ngaturakén wangslulanipun.
- Pirembagan bab pangandika katindakaken srana *tanya jawab*.
- Pérrangan Tékadku isi bab punapa ingkang badhé katindakaken déning ingkang sami rawuh mujudaken sabdanipun Gusti wonten ing gesangipun.
- PKS dipun pungkasi srana pandonga lan ngidungaken lagu ingkang cocog kaliyan jejer.

PANUNTUN

Cariyos sugengipun Gusi Yésus punika cariyos ingkang kebak déning pangurbanan. Pangurbanan punika kawiwitan saking anggènipun Gusi Yésus andum papan kaliyan umat manungsa. Andum papan kawiwitan kanthi rawuhipun Gusi Yésus minangka manungsa. Inggih punika ingkang sinebat “nyuwungaken sarira”. “Nyuwungaken sarira mboten ateges ngicali punapa ingkang wonten ing dhiri kita, ananging nambah ingkang wonten ing dhiri kita. Ing bab punika kabetahaken kasagedan kanggé mbucal égoisentrisme ingkang wonten ing dhiri kita.

Dhiskusi 1: “Yèn Aku Nunggil Karo Kowé”

Para rawuh rembagan wonten ing kelompok alit (tiyang 5 saben kelompok) nggambaraken punapa ingkang kedadosan menawi manggén ing griya ingkang sami (setunggal griya):.

- Punapa badhé tansah ngraosaken bingah?
- Punapa saged ugi badhé wonten konflik?
- Bab punapa kémawon ingkang saged nuwuhaken konflik?

Dhiskusi 2: “Sinau saking Pangandika”

- Lumebet ing kelompok ageng (pléno)
- Maos Filipi 2:1-11

Fasilitator nerangaken:

Filipi 2 punika asring kasebut *himne Kristus* utawi *carmen Christi*, ingkang kaginakaken ing pangibadah wonten ing Pasamuwan wiwitan (*Gereja perdama*). Salah satunggaling tembung ingkang kawentar ing himne punika inggih punika ”nyuwungaken sarira” (*kénosis* ing basa Yunani). Kénging punapa Gusti rawuh awujud manungsa lan ngalami panandhang ingkang sanget? Wangsulanipun, awit Panjenenganipun kagungan *kénosis*!

Pitakènan Dhiskusi:

Punapa tegesipun kénosis utawi nyuwungaken sarira?

Fasilitator nerangaken:

Umumipun tiyang nggagas bilih nyuwungaken dhiri ateges nyingkiraken/mbucal dhiri lan nengenaken kapentinganiu tiyang sanès. Wohing pangertosan punika ing praktiking gesang masamuwan, *kénosis* dipun pahami minangka masrahaken dhiri sacara total kanggè sesami, ngantos bab-bab ingkang gegayutan kaliyan kapentinganing dhiri kaanggep lelawanan kaliyan paham *kénosis*. Kanthi tembung sanès, *kénosis* ateges *altruïs* (ngrumiyinaken kapentinganipun tiyang sanès lan ngorbanaken kapentingan dhiri) lan askètis (narik dhiri saking jagad lan nampik punapa ingkang sinebut pepénginan-pepénginan daging).

Menawi migatosaken sariranipun Gusti Yésus, wonten ing Gusti Yésus ingkang kagungan *kénosis*, unsur ingkang Ilahi wonten ing sariranipun mboten ical. Wonten tèks Kitab Suci kathah ingkang nerangaken unsur keilahian ingkang nèmpèl ing

sariranipun Gusti Yésus. Upaminipun cariyosipun wanita ingkang nggrajag rah ing Markus 5: 25-34. Wanita ingkang sampun 12 taun nggrajag rah ngimani bilih menawi piyambakipun demèk jubahipun Gusti Yésus, badhé saras. Piyambakipun nindkaken bab punika. Ingkang narik kawgatosan inggih punika réaksinipun Gusti Yésus kados ingkang kagambaraken panyerat Markus, "Ing sanalika iku uga Gusti Yésus mangretos, yèn ana daya kang metu saka ing sarirané..." (ay 30).

Ugi pengalamanipun tiyang karasuk sétan ing Lukas 4:34 ingkang nguwuh-uwuh nalika pinanggih Gusti Yésus: "Dhuu, Gusti Yésus saking Nasaret, Paduka tumut-tumut punapa dhateng kawula? Punapa rawuh Paduka badhé ngrisak kawula? Kawula mangretos, Paduka punika sinten, inggih punika Sang Suci kagunganipun Gusti Allah"

Conto- onto punika nélakaken bilih unsur ilahi ing sariranipun Gusti Yésus mboten ical. Nanging wonten ing sariranipun ingkang ilahi, Gusti Yésus maringi papan kanggé kamanungsan. Kénosis dados satunggalin kedadosan ing pundi Allah maringi papan kanggé tiyang sanès ing sariranipun lan ngajak manungsa ugi damel papan kanggé tiyang sanès. Pramila kénosis tansah gegayutan kaliyan ngalitaken dhiri lan nyukani papan dhateng tiyang sanès (liyan). Allah maringi papan kanggé manungsa. Inggih punika ingkang ketinggal wonten ing sariranipun Gusti Yésus lan awit saking punika manungsa ugi kasuwun maringi papan kanggé sesami.

Pitakènan dhiskusi:

Punapa gampil andum papan kaliyan tiyang sanès?

Fasilitator nerangaken:

Andum papan kaliyan liyan punika mboten gampil. Pramila kita maos wontenipun perang batos (*pergumulan*) ingkang sanget wonten ing sariranipun Gusti Yésus: ingkang ilahi tansah suci, ingkang manusiawi condhong ngemu dosa. Ingkang mboten

gampil punika upaminipun kita prangguli nalikanipun Gusti Yésus ngalami perang batos ing taman Gètsemani. "Dhuu Abba, Rama, kagem Paduka mboten wonten barang ingkang mokal, mila mugi kersaa nyinkiraken tuwung punika saking Kawula, nanging sampun ngantos kajeng Kawula, namung ing sakarsa Paduka" (Mrk. 14: 36).

Bab mboten saged andum papan ugi saged kita tingali lantaran cariyosipun Pilatus. Pilatus mangretos bilih Gusti Yésus mboten lepat. Bilih panutuh ingkang kaucapaken déning tiyang kathah punika awit anggénipun drengki. Manahipun wiwit kabereg kanggé andum papan kagem Gusti Yésus. Pramila piyambakipun migunakaken tradhisi ngluwari satunggal tawanan ing dinten riyaya. Piyambakipun ngajengaken Herodhès, tiyang ingkang nindakaken pangraman lan pepejah. Nanging upadi punika mboten pikantuk damel. Pancèn ingkang utami awit para pengajenging imam kasil ngompori tiyang kathah temah sami nyuwun Barabas ingkang kaluwaran. Pramila tèks Kitab Suci nélakaken: "Sarèhné Sang Pilatus karsa damel mareming atiné wong akèh, mulané Barabas banjur dikuvari, déné Gusti Yésus banjur disapu lan sawisé mengkono nuli dipasrahké supaya disalib" (Mrk. 15: 15).

Pitakènan dhiskusi:

Punapa cariyos punika damel Pilatus andum papan kaliyan tiyang kathah?

Fasilitator nerangaken:

Saleresipun Pilatus mboten andum papan dhateng soksintena. Piyambakipun andum papan kanggé dhirinipun piyambak. Piyambakipun namung kepéngin maremaken tiyang sanès. Punapa tujuwanipun? Supados mboten kedadosan pangraman, supados dipun ènget-ènget minangka pemimpin ingkang mirengaken rakyat, supados panguwaosipun tetep aman. Inggih punika contonipun tiyang ingkang mboten andum papan dhateng tiyang sanès.

Kénosis nyukani papan kanggé ngasanès, nanging mboten mligi kanggé ngremenaken tiyang sanès. Sedaya kapapanaken ing sangandhaping kaleresanipun Gusti. Andum papan punika ugi andum kaleresan miturut ukuranipun Gusti. Pramila Gusti Yésus manggul salib, ngalami panandhang lan séda. Sedaya kapapanaken wonten ing kaleresan lan pambangun turut dhumateng Gusti (ay. 8).

Punapa pemahaman "kénosis" taksih njamani (*relevan*) kanggé gesang kita ing ngriki? Temtu kémawon. Awit ing jaman sapunika saya kathah Pilatus-pilatus ingkang namung badhé ngremenaken tiyang, nanging saleresipun piyambakipun nembé ngukuhaken kawontenaning dhirinipun. Pencitraan, basa populeripun. Nyebar pesona, nyebar panandhang, nyebar karépotan, supados punapa? Supados dhirinipun sangsaya dipun aosi tiyang sanès.

Ing jaman sapunika, saya kathah tiyang nutup papan gesangi-pun kanggé tiyang sanès. Anggénipun mboten preduli, mboten suka kawigatosan, nindakaken panindhes punika conto-conto mboten wontenipun papan kanggé tiyang sanès ing dhiri kita.

Kénosis dados satunggaling modhèl gesang (*gaya hidup*) ingkang andum papan dhateng ngasanès lan nélakaken katresnan sacara nyata dhateng sesami, tanpa kedah nyupékaken utawi ngorakan-kawigatosan dhateng dhiri pribadi lan kapentingan dhiri. Malah langkung saking punika, tanpa nyupékaken pambangun turut dhumateng Gusti.

Dhiskusi 3: “Tékadku”

Para rawuh kaajak mangsuli pitakènan:

Modhèl gesang (*gaya hidup*) kénosis ingkang kados pundi ingkang kabetahaken ing wekdal sapunika?

[asp/wds]

Bahan PKS Adiyuswa 2

Bahan Kitab Suci:

Wahyu 2:8-11**Setya
Tumeka ing Pejah****KATRANGAN LAMPAHING PKS**

- Fasilitator ngajak para rawuh ngidungaken kidung lan pandonga pambuka (kapiliha lagu ingkang cocog)
- Fasilitator miwiti kanthi ngaturakén panuntun.
- Para rawuh kaajak dhiskusi saking Dhiskusi 1. Para rawuh kaaturan wewengan ngaturakén wangsulan sacara gentosan.
- Dhiskusi ing bab pangandika katindakaken kanthi cara *tanya jawab*.
- Pérangan Tékadku isi punapa ingkang badhé katindakaken kangi gé mujudaken pangandikanipun Gusti ing gesangipun.
- PKS dipun pungkasi srana pandonga lan ngidungaken lagu ingkang cocog kaliyan téma.

PANUNTUN

Kasetyan sangsaya langka ing gesang jaman sapunika. Kasus-kasus bab mboten setya sangsaya asring kelampahan, temah mboten kaanggep anèh malih, malah kaanggep limrah. Senadyan mekaten, timbalan supados setya mboten naté éwah. Gusti Yésus dados tuladhaning kesetyan ingkang ngédab-édabi. Kajeng salib, ingkang ngemu panandhang lan pejah ingkang nglingsemaken, dados bukti kasetyanipun Gusti Yésus dhumateng Sang Rama ing swarga.

Panandhang lan masalah tansah wonten ing gesang punika. Masalahipun sanèsawit mboten wontenipun panandhang, nanging kados pundi kita tetep ngadeg jejeg ing satengahing

panandhang ingkang kita adhepi. Inggih ing ngriki kaesetyan dados penting.

Dhiskusi 1: "Pati"

Sinten ing antawis kita ingkang mboten ajrih pejah?

- Kénging punapa panjenengan mboten ajrih pejah?

Umumipun manungsa ajrih pejah. Pramila sedaya bab ingkang celak utawi mambet bab pejah dipun tebihi: makam, kamar mati, sakit, dados sepuh, lan sapanunggilanipun.

- Kénging punapa tiyang umumipun ajrih dhateng pejah?

Dhiskusi 2: "Sinau saking Pangandika"

Kawaosa Wahyu 2: 8-11

Fasilitator nerangaken:

Kitab Wahyu kaserat ing satengahing pameteg ingkang nembé dipun alami déning umat Kristen. Kinten-kinten dipun serat taun 100 M. Ing wekdal semanten, Kaisar Domitianus nélakaken maklumat: Kaisar punika Gusti (*Deminus et Deus*). Tiyang Yahudi lan tiyang Kristen nampik maklumat punika, temah sami katatindhes. Panandhang sangsaya sanget karaosaken déning komunitas Kristen awit tiyang-tiyang punika ugi dipun sengiti déning tiyang Yahudi awit kaanggep ngotori kayakanipun tiyang Yahudi (mirsanana Why. 2:9; 3:9).

Ing kontèks panandhang rangkep punika, tuwuhan kitab Wahyu punika. Sedyanipun kanggè ngiyataken umat ingkang nembé wonten ing panandhang ingkang sanget (basa Yunani: *thipsis*) supados ing kawontenan ingkang kados punapa kémawon sami katimbalan tansah tatah lan setya dumugi pungkasan (basa Yunani: *hypomone*). Kitab Wahyu punika katujokaken dhateng pasamuwan pitu. Pitu punika simbol kasampurnan utawi wetah. Punika ateges serat punika katujokaken dhateng sedaya pasamuwan Kristen sacara wetah.

Pasamuwan pitu ingkang dados enereng serat punika inggih punika: Éfesus (2: 1-7), Smirna (2: 8-11), Pergamus (2: 12-17), Tiatira (2: 18-29), Sardis (3:1-6), Filadèlfia (3:7-13), lan Laodikia (3:14-22). Pérrangan tèks ingkang kita waos punika serat ingkang katujokaken dhateng pasamuwan Smirna.

Pitakènan dhiskusi:

Nglawan maklumat raja ateges nglawan panguwaos. Punapa penjenengan saged nggamaraken panandhang kados punapa ingkang karaosaken déning umat Kristen wekdal semanten?

Fasilitator nerangaken:

Kanggé pasamuwan ing Smirna, serat kawiwitan kanthi pratélaning iman "Iki pangandikané Sang Awal lan Sang Pungkasan, kang wus séda lan gesang manèh" (ay. 8). Pratéla punika isi kayakinan dhateng Gusti ingkang kagungan gesang wiwit awal dumugi pungkasan. Sang Awal lan Sang Pungkasan nélakaken dhumateng Gusti Yésus ingkang sampun séda lan gesang malih. Punika ateges badhé nandhesaken wontenipun gesang sasampunipun pejah.

Pitakènan dhiskusi:

Punapa ingkang panjenengan pitados bab gesang sasapunipun pejah?

Fasilitator nerangaken:

Pasamuwan ing Smirna ngalami kasisahan. Pasamuwan kapeteg déning kamiskinan lan kapeteg déning kanca-kancanipun ingkang ngrasuk agami Yahudi, ngantos tiyang-tiyang punika sinebut paguyubaning Iblis (ay. 9). Ucapan punika nélakaken kados pundi sangetipun panandhang ingkang kedah dipun alami pasamuwan Smirna. Nanging tumrap pasamuwan kaèngetaken bilih panandhang badhé sangsaya ngédab-édabi (ay. 10). Malah karana punika, tiyang-tiyang kaèngetaken: "Sira disetya tuhu nganti tumeka ing pati, temah bakal Sunganjar makuthaning

kauripan” (ay. 1ob). Punapa ingkang paling damel ajrih ing bab panandhang? Raos sakit utawi pejah? Sedaya punika mboten padja-padja kabandhingaken kaliyan makhutaning gesang ingkang sami katampi.

Pitakènan dhiskusi:

Punapa ingkang paling damel ajrih ing antawisipun panandhang ingkang kedadosan wonten ing pengalaman panjenengan? Punapa ingkang damel ajrih punika kanyataan punapa pangraos?

Fasilitator nerangaken:

Gesang punika prosès. Bingah lan panandhang dhateng gilir gumantos. Dipun betahaken kasetyan nglampahi prosès, mboten namung mikiraken hasil pungkasan. Satunggaling wekdal Ibu Teresa naté kadangu: ”Ibu sampun ngladosi kaum miskin ing Kalkuta, India. Nanging, punapa Ibu pirsa, bilih taksih wonten langkung kathah malih tiyang miskin ingkang kalirwakaken? Punapa Ibu mboten rumaos gagal?”

Ibu Teresa paring wangsulan, ”Anakku, aku ora katimbalan supaya kasil, nanging aku katimbalan supaya setya”

Kathah tiyang mikir bab pungkasaning prosès, ingkang wohipun kasuksèsan. Hasil pungkasan awujud makuthaning gesang pancèn dipun cawisaken déning Gusti, nanging tetepa setya nglampahi prosès sesarengan kaliyan Panjenenganipun.

Dhiskusi 3: ”Tékadku”

Para rawuh kaajak mangsuli pitakènan:

Kepriyé anggonku tetep dadi pribadi kang setya?

[asp/wms]

Bahan PKS Adiyuswa 3

Waosaan Kitab Suci:
1 Korinta 15: 55-58

**Kamenanganipun
Allah,
Kamenangan Kita**



KATRANGAN LAMPAHING PKS

- PKS wekdal punika katindakaken kanthi cara ngrembag renungan.
- Fasilitator maosaken Katrangan Bahan kados maos khotbah.
- Sasampunipun rampung, para rawuh ngrembag pitakènan kanthi bebles.
- PKS kabikak lan katutup srana pandonga lan kidungan ingkang cocog kaliyan téma.

PANUNTUN

Gusti Yésus ingkang kawungokaken déning Gusti Allah maringi makna lan kekiyatán dhateng umat ingkang pitados. Inggih punika ingkang damel umat tetep setya senadyan ngalami panandhang. Wungunipun Gusti Yésus cariyos ingkang leres nanging ugi pengalaman iman ingkang wonten maknanipun tumrap gesangging tiyang pitados. Émanipun sairing kaliyan gesang ingkang mekar, cariyos wungunipun Gusti Yésus kados-kados namung pahargyan ritual. Kita lumebet ing pasangan (*terjebak*) ritus Paska. Nyawisaken sandiwara, konsumsi, kegiyatán kamanungsan, lan sapiturutipun. Nanging, rampung Paska makna wungunipun Gusti Yésus kados=kados mboten wonten kumandhangipun.

KATRANGAN BAHAN

Langkung rumiyin kula kepéngin ngucapaken Sugeng Paska dhateng para sedhérék sedaya! Kula yakin cariyosipun Gusti

Yésus taksih seger wonten ing pikiran kita. Wiwit saking taman Gétsemani, pengadilan rakyat, Pétrus ingkang nyélaki Gusti Yésus, margining salib, sédanipun Gusti Yésus – temtunipun subuh-subuh kita datheng gréja, kados-kados badhé ngraos-ngraosaken dhetik-dhetik wungunipun Gusti Yésus. O éndah sanget. Nanging bab ingkang badhé kita renungaken sesarengan dinten punika punapa maknaning wungunipun Gusti Yésus kanggé kita?

Mangga kita sami sinau saking Paulus ing seratipun dhateng pasamuwan Korinta ingkang kapisan punika. Makna wungunipun Gusti Yésus wonten ing réfléksinipun Paulus inggih punika kawoning panguwaosing pejah, ingkang damel dosa punika. Déning wungunipun Gusti Yésus kuwaosing pejah mboten gadhah entup malih, mboten gadhah kekiyatan malih. Pethikan Yésaya 25: 8 lan Hoséa 13: 14 nélakaken kayakinanipun Paulus bilih inggih punika kapenuhaning prasetyanipun Allah, inggih punika nalika Gusti Yésus ingkang séda nanggung dosaning manungsa kawungokaken déning Allah.

Menawi Gusti Yésus sampun wungu lan kuwaosing dosa sampun kawon, kéging punapa dumugi wekdal punika kadosipun kuwaosing dosa taksih ngambra-ambra? Korupsi ndados, kadurakan ngambra-ambra lan panindhes. Sedaya wau rak pakartining panguwaosing pejah, pandamel dosa? Rak punika ateges entuping si pejah taksih ampuh sanget ngantos dhetik punika? Menawi mekaten, kanggé punapa Gusti Yésus wungu?

Pramila sumangga kita sedaya migatosaken tèks Kitab Suci punika. Sasampunipun Paulus ngyakini kuwaosing pejah kakawonaken lantaran wungunipun Gusti Yésus, piyambakipun nglajengaken: “Nanging puji sokur konjuk ing ngarsané Gusti Allah, kang paring kaunggulan marang kita marga saka Gusti Yésus Kristus, Gusti kita” (ay. 57). Punika ateges ing kedadosan punika pejah mboten namung kawon déning Gusti Yésus lan Gusti Allah, nanging ugi déning kita. Kamenangan ingatasing

pejah punika satunggal sih-rahmat, kaparingaken déning Gusti Allah dhateng kita, manungsa. Malah awit saking punika Paulus ngajak kita sedaya ngucap sokur. Ngucap sokur utawi sukarena asring kaucapaken déning Paulus. Paulus naté ngendika padha tansah bungaha, aku tansah ngucap sokur lsp. Kados-kados punika dados *trade-mark/cirinipun* Paulus. Kénging punapa Paulus ngucap sokur? Mboten awit gesangipun tebih saking panandhang. Paulus secara kamanungsan saged ngraosaken panandhang. Piyambakipun makaping-kaping kinunjara, gadhah sesakit ing nripatipun, karasulanipun mboten dipun pitados déning pasamuwan Korinta, benthik kaliyan Petrus lsp. Sacara manusiawi piyambakipun ugi ngalami panandhang. Menawi piyambakipun ngucap sokur, punika awit keayakinanipun bilih Gusti Allah sampun maringi sih-rahmat kamenangan atas kuwaosing pejah.

Nanging mboten cekap namung ngucap soukur. Paulus nglajengaken: "Mulané.....kowé padha dibakuh, ditanpa gingsir lan tansah disregep anggonmu nglakoni ayahané Gusti" (ay. 58). Paulus mboten ngendika panguwaosing pejah sampun dipun kawonaken, sapunika kita kénging léha-léha, santai-santai. Mboten! Menawi sampun menang punika sanès wekdal kanggé bingah-bingah, pista pora, kesupèn kaliyan tugas ingkang dipun paringaken dhateng kita.

Kathah tiyang Kristen rumaos yèn Gusti Yésus sampun wungu, kula dipun paringi kamenangan, margi dhateng swarga lancar. Pirsanana pitembungan, sticker-sticker, ukara ingkang asring ngemu kaangkuhan rohani. Tumrap Paulus, punika mboten kénging kelampah. Inggih karana panguwaosing pejah sampun dipun kawonaken, minangka tandha sokur kita, kita kedah ngadeg kanthi bakuh, tanpa gingsir lan sregep ngayahi ayahan-ipun Gusti!

Padha dibakuh, pasang kuda-kuda! Menawi kita sinau béra dhiri, posisi ngadeg ingkang asring sinebut *kuda-kuda* nemtokaken

sanget. *Kuda-kuda* punika tandha kawaspadan, tandha siyaga. Paulus nglajengaken, ditanpa gingsir. Dibakuh, aja loyo. Aja gampang kena pengaruh.

Menawi kita gatosaken, kalih tembuh préntah punika kados-kados ngemu wontenipun pangancam sanèsipun. Kados-kados badhé wonten panglawan dhateng kita temah kita kedah siyaga. Nah, punika ingkang nuwuhaken pitakènan. Rak sampaun kasebutaken bilih pejah sampaun kakawonaken? Lajeng kénging punapa kita siyaga? Kénging punapa kita kedah pasang *kuda-kuda* lan mboten owah gingsir?

Sacara prasaja kita saged ngucap bilih panguwaosing pejah punika upaminipun sima (macan) ingkang siyaga nyaplok kita. Nanging Kristus sampaun ngawonaken sima punika. Untunipun kadamel ompong temah mboten gadhah kuwaos malih. Utawi menawi kéwan gegremeten (*serangga*) utawi tawon, entupipun sampaun dipun potong. Nanging inggih punika kabodhoan lan raos ajrihipun manungsa, kaliyan sima ompong kita inggih tetep ajrih lan teluk. Dados, cetha bilih sanès panguwaosing dosa ingkang taksih kukuh, nanging gesangging kapitadosan kita ingkang taksih getas, dèrèng kiyat, gampil goyang. Inggih punika ingkang dados jawaban kénging punapa wohing kuwaosing dosa taksih nguwaosi gesang kita.

Dhawuh salajengipun inggih punika tansah disregep anggonmu nglakoni ayahané Gusti! Supados punapa? Supados kanthi pakaryanipun Gusti kita sangsaya kakiyataken. Henry Nouwen naté nyerat buku kanthi irah-irahan “*Yang Terluka Yang Menyembuhkan*”, “Kang Tatu kang Marasaké” Irah-irahan punika ketinggal ndudut manah sanget. Tiyang ingkang tatu kok nyarasaken? Nouwen leres. Piyambakipun badhé nyariyosaken, ing donya punika mboten wonten tiyang ingkang mboten gadhah tatu. Kita sedaya kebak tatu ingkang saged ugi taksih mengaga. Inggih awit saking punika, tiyang sanès kasarasna! Awit kanthi mekaten kita ugi kasarasaken. Pitembungan punika

leres sanget, upaminipun ing patuwèn. Mboten sedaya tiyang ingkang nindakaken patuwèn mboten gadhah masalah. Nanging nalika piyambakipun nuwèni tiyang sanès, ingkang kaanggep gadhah masalah, piyambakipun badhé kakiyataken.

Inggih punika makna wungunipun Gusti Yésus kanggé Paulus. Punapa makna wungunipun Gusti Yésus kagem panjenengan?

Gusti nresnani kita sedaya! Amin.

PITAKÈNAN DHISKUSI

1. Menawi pejah sampun kakawonaken, kénging punapa panguwaosing dosa taksih ngambra-ambra (ay. 55)?
2. Kénging pumapa Paulus nyebut “pikuwaté dosa iku angger-anggering Torèt” (ay. 56)?
3. Punpa ingkang damel panjenengan yakin déné Gusti Yésus saèstu wungu?
4. Raos sokur punapa ingkang prelu kawujudaken déning tiyang Kristen sapunika kanggé nggegesang (*menghayati*) Gusti Yésus ingkang wungu?
5. Punapa makna wungunipun Gusti Yésus kagem panjenengan sacara pribadi?

[asp/wms]

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*



Pakempalan Pandonga 1
*Ngraosaken
 kasangsaranipun Sang
 Kristus*

Waosan:
Yokanan 6:66-71

**Gusti, ingkang
 kawula purugi
 sinten?**



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 62:1-3 SIHING ALLAH KANG MAHATRESNA
 Sihing Allah Kang Maha tresna sung gesang nyata mring kula.
 Yèku sih kang ngéram éramna mring kula tyang kebak dosa.
 Mila kula tansah muji tan kendhat rinten lan ratri.

Yèn Allah nganggep dosa kula wah lepat klèntuning lampah,
 kawula nemahi antaka wit gesang mung awon tansah.
 Nging Gusti lubèr sih-rahmat kula pepuji tan kendhat.

Mring salir tyang, nggih sanak-kadang, mesthi kawula tedahna
 margi kang anjog ing pepadhang, yéku sih-rahmat sanyata.
 Punika sokur kawula mring Gusti Kang Mahatresna.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 97:1-3 UWAL SING LAKNAT

Uwal sing lakanat; iba begjaku! Gusti wus séda, mbirat dosaku,
 temah luwar sing paukuman, dènnya ngluwar babar pisan.

Reff.:

*Babar pisan dènnya nulungi, babarpisan dènnya ngrampungi.
 Rumaketa ing pamenthangan, mesthi luwar babarpisan.*

Saiki kita padha mardika, Gusti wus nanggel ing slamet kita,
linuputken sing karusakan, sinucèkken babar-pisan,

Reff.:

Putrané Allah, sebutan kita, kang tilas satru pinundhut mitra,
kang utang pati inguripan, wit tinebus babar-pisan.

Reff.:

5. PAMAOSING KITAB SUCI: YOKANAN 6: 66-71

6. WEDHARING SABDA

Gusti, ingkang kawula purugi sinten?

Gusti, ingkang kawula purugi sinten? Pitakènan punika dipun aturaken déning Pétrus dhumateng Gusti sasampunipun Gusti ndangu, “Apa kowé ora padha arep lunga uga? Pandangonipun Gusti Yésus punika kadhasaraken bilih kathah para sakabatipun Gusti mundur lan mboten ndhèrèkaken Gusti malih (Yok.6:66). Injil Yokanan nyariosaken kénging punapa kathah saking para sakabatipun Gusti Yésus sami mundur karana sami mboten saged nampi pangandikanipun Gusti Yésus ingkang dipun anggep keras (Yok. 6: 61). Ing tengahing kawontenan kathah ingkang sami nilaraken Gusti Yésus, Pétrus mboten tumut mundur. Piyambakipun tetep setya dhateng sedyanipun inggih punika ndhèrèk Gusti Yésus.

Satunggaling ahli tafsir, naminipun Willian Barclay nyebataken bilih kejawi para tiyang wau nilaraken Gusti Yésus, piyambakipun sami sengit dhateng Gusti Yésus lan sesengitanipun badhé saya mindhak ngantos dumugi kajeng salib. Langkung saking punika Barclay nyebataken bilih tumindak anggènipun nilar Gusti Yésus punapadéné setya dhateng Gusti Yésus, nélakaken bludaging manahipun manungsa dalah saisinipun sadaya. Sikep lan tumindak wau makaten:

Sapisan, sikep nolak. Sawetawis tiyang ingkang suwaunipun ndhèrèk Gusti nanging tundhonipun malik tingal lan mboten ndhèrèk Gusti Yésus malih. Piyambakipun nampik Gusti Yésus jalanan menawi piyambakipun sami ndhèrèkaken Gusti Yésus samidéné kaliyan ngeneraken gesangipun dhateng ing bebaya. Ingkang dipun tindakaken déning Gusti Yésus ngandharaken kayektèn tumuju dhateng bebaya ingkang ageng. Awit saking punika sami nggagas katimbang ndhèrèk Gusti Yésus mangke-nipun ngadhepi akibat ingkang awrat aluwung nilaraken Panjenenganipun. Sawènèh saking para tiyang wau ing wiwitanipun sami nggegadhang nampèni bebingah manut ingkang dipun kajengaken. Nanging punapa ingkang dipun gadhang klèntu. Pranyata ndhèrèk Gusti Yésus punika aben-ajeng kaliyan sesanggèn ingkang awrat.

Kaping kalih, sikep kateguhaning dhiri. Sikep punika wonten ing gesangipun Rasul Pétrus. Nalika sumerep kathah ingkang sami nilaraken Gusti Yésus, piyambakipun mboten purun tumut-tumut sanèsipun. Nalika Gusti Yésus ndangu, “Apa kowé ora padha arep lunga uga?” Atur wangulané Simon Petrus, “Gusti, ingkang kawula purugi sinten? Pangandika Paduka punika pangandikaning gesang langgeng. Saha kula sampun sami pitados tuwin sumerep, bilih Paduka punika Sang Suci kagunganipun Allah.” (Yok. 6: 66-69). Kanthi ngaturakén wangulan ingkang kados makaten, Pétrus nedahaken bab keyakinan imanipun dhumateng Gusti Yésus. Tumrap piyambakipun namung wonten satunggal kasunyatan, bilih namung Gusti Yésus ingkang kagungan pangandikaning gesang langgeng. Inggih Panjenenganipun Roti Gesang, margi tumuju dhateng gesang lan kalanggengan. Punika ingkang njalari piyambakipun teguh mboten nilar Gusti ing sadaya kawontenan.

Kasetyanipun Petrus dados patuladhan kanggé kita. Wonten kalanipun kita mrangguli kasunyatan ingkang njalari kita mangu-mangu ndhèrèk Gusti Yésus. Nalika iman kapitadosan kita dhumateng Panjenenganipun dipun ontang-antingaken

déning manéka warni lelampaahan ingkang damel horeging gesang kita, sumangga kita uningakaken isining batin kita kadosdéné ingkang dipun aturaken déning Petrus, "Gusti, ingkang kawula purugi sinten? Pangandika Paduka punika pangandikaning gesang langgeng. Saha kula sampun sami pitados tuwin sumerep, bilih Paduka punika Sang Suci kagunganipun Allah." Kanthi nguningakaken isining manah ingkang makaten, kita neguhaken dhiri supados tetep setya ndhèrèk Panjenenganipun. Inggih lumantar pratéla ingkang makaten wau, kita pitados, bilih sesarengan kaliyan Gusti Yésus kita badhé kiyat ngadhepi manékawarni kawontenan. Kakiyatan punika kita tampèni karana kita celak kaliyan Panjenenganipun. Panjenenganipun punika Sang Roti Gesang, sumbering gesang langgeng. Awit saking punika, kabucala sadaya raos mangumangu lan teguh mlampah sesarengan kaliyan Panjenenganipun.

Sugeng ndhèrèk Panjenenganipun kanthi tegen lan tansah setya!
Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 123:1,2 KULA PITADOS MRING GUSTI

Kula pitados mring Gusti, peparang ingkang kekah.

Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah.

Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos.

Prahara nguber jaladri, kula tatag ing batos.

Reff.:

Kula tan was-sumelang; Gusti tan nilar kula.

Wajib kawula cumadhang, gesang manut sabdanya.

Kula pitados mring Gusti, dalah sengkut makarya.

Ngrerancang wah mbudidaya, tan kendhat ing pandonga.

Siyaga tansah leladi ing sakatoging driya.

Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada.

Reff.:

8. PANDONGA

- Nyuwun supados umat tekun lan setya ndhèrèk Gusti Yésus.
- Nyuwun supados patunggilan saged dados papan ingkang samidéné ngiyataken.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 96:1,2 TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH

Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.
Mara tansah abebungah saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn girang.

Hyang Agung kang njangkung kita, rineksa ing panggoda.

Sih-rahmatnya kang anglipur, paring kuwat-santosa.

Mara tansah abebungah saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn girang

[wsn/tk]

Bahan Pakempalan Pandonga 2

Waosan Kitab Suci:
Wahyu 2:8-11

Tuladha Kasetyan Saking Smirna



- 1. WEKDAL ENING**
- 2. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 112:1-3 GUSTI YÉSUS PANGÈN KULA

Gusti Yésus Pangén kula, kula ménda kagungannya.
Dènnya nebus klayan rahnya, mrih kula gesang slaminya.

Sang Kristus Pangén utama kang sampun ngetohken nyawa,
nebus kula saking dosa, wah nuntun kula mring swarga.

Gusti ngayomi méndanya, inguwalken sing rubéda,
mrih tan tiwas ing panandhang, nging tansah manggih kabegjan.

- 3. PANDONGA**
- 4. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 166:1-2 KULA NGATURKEN SEMBAH BEKTI

Kula ngaturken sembah bekti, dé Gusti tansah mberkahai
nggèn kula tansah nambut kardi kanthi temen lan taberi.
Abot ènthèng datan nggresula, lelados kang trusing driya,
berkah rejeki sing Maluhur tinampi lan puji sokur.

Kula sumarah mring Pangéran kang maringi pangayoman,
dadosa dalu lelimengan punapa padhang rembulan.
Satangi kula saking tilem, manah sakalangkung tentrem.
Kula saged ngaso sekéca, wit astané Gusti ngreksa.

- 5. PAMAOSING KITAB SUCI:** Wahyu 2:8-11

6. WEDHARING PANGANDIKA

Tuladha kasetyan saking Smirna

Para sadhèrèk ingkang kinasih, dinten punika kita badhé sinau bab kasetyan saking pasamuwan ing Smirna. Saking sumber internèt sarapanpagi.com wonten katrangan bilih kitha Smirna punika kitha ingkang kina ing pesisir kilèn Asia Kecil; sapunika dipun sebat Izmir. Kitha punika mapanipun gandhèng kaliyan wilayah seganten Aégéan. Wekdal semanten dados kitha ingkang saged tandhing kaliyan Éfésus. Kitha Smirna ngaken dados kitha nomer setunggal ing Asia Kecil ing babagan kaéndahan lan ukuran. Satunggaling kitha ingkang nengsemaken, minggah alus saking seganten, wewangunan gedhong-gedhongipun ingkang éndah. Inggih ing kitha punika mapan pasamuwan Kristen. Mbokmenawi pasamuwan Kristen ing Smirna punika wohing pakabaran Injil ingkang dipun tindakaken déning Rasul Paulus ing pekabaran ingkang kaping tiga. Lelakoné Para Rasul 19:10 dados cathetan ingkang wigati ing bab kadospundi Rasul Paulus nyeksèkaken Injil ing kitha wau. Ing kitab Wahyu, Smirna punika pasamuwanipun Gusti ingkang kaping kalih ing antawisipun pitu pasamuwanipun Gusti ing Asia Kecil ingkang nampèni dhawuh ingkang kaserat déning Rasul Yocanan kanthi panuntunipun Sang Kristus ingkang sampun kamulyakaken (Wahyu 1: 11).

Pangandikanipun Rasul Yocanan dhateng pasamuwan ing Smirna supados tetepa setya dhumateng Gusti ing tengahing manékawarni pacobèn. Ing ngriki tembung pacobèn mengku tigang pangretosan inggih punika: *Sepisan*, pacobèn ingkang tegesipun kasisahan. Kasisahan punika dipun alami déning pasamuwan Smirna. *Kaping kalih*, pacobèn ingkang tegesipun melarat. Ing wekdal semanten wonten sawetawis bab ingkang njalari kemelaratan dipun alami déning pasamuwan Smirna. Wiwit saking kahanan sakawit saking golongan tiyang sèkèng, wonten ingkang barang darbèkipun dipun jarak tiyang. *Kaping*

tiga, pacobèn tegesipun ugi lelampaahan kinunjara. Tiyang-tyang Kristen wekdal semanten kathah ingkang kalebetaken ing pakunjaran karana ngugemi imanipun dhumateng Gusti.

Kadospundi déné pasamuwan saged setya ngadhepi pacobèn ingkang dipun tampèni? Rasul Yokanan memulang supados pasamuwan ngener dhateng Gusti Yésus. Rasul Yokanan ngandharaken bilih Gusti Yésus punika Sang Sabda saking Wiwitan dumugi Pungkasan, ingkang tegesipun Panjenenganipun punika katetepaning prasetyanipun Allah. Punapa kémawon ingkang kalampaahan, wiwit saking miyos dumugi sédanipun. Sang Kristus ingkang wungu sesarengan kaliyan kita punika Sang Kristus ingkang menang ngadhepi pacobèn lan kasangsaran. Sang Kristus ingkang wungu inggih Panjenenganipun punika ingkang ngalami lelampaahan ingkang paling awon ing pakaryan paladosanipun. Panjenenganipun sampun séda ing kasangsaran salib. Punapa kémawon ingkang dipun alami pasamuwan Smirna, sadaya sampun naté dipun alami déning Gusti Yésus. Gusti Yésus kawasa mitulungi, awit Panjenenganipun pirsa prakawis ingkang awon wonten ing gesang malah sampun ngraosaken paitipun pepejah.

Kejawi tabah ngadhepi kasunyatan, Rasul Yokanan ngajak umat tetep setya, sanadyan menawi pepejah ingkang kedah dipun labuhi. Sujarah mbuktèkaken kasetyanipun pasamuwan ing Smirna ingkang pantes dados patuladhan inggih punika lelampahanipun Polikarpus, Uskup Smirna. Sujarah nyariosaken bilih Polikarpus dipun patrapi paukuman pejah déning pamarintah kanthi dipun besmi (dibakar) ing satunggaling cagak ing taun 155 M, inggih nalika Polikarpus mboten purun pratéla bilih “Kaisar punika Gusti.” Piyambakipun dipun besta dhateng stadium. Proconsul ndheseg piyambakipun, “Mara gawéa sumpah, aku bakal ngluwari sira, sélakana Kristus!” Ananging Polikarpus mangsuli, “Wolungdasa taun kula ngladosi Panjenenganipun, lan Panjenenganipun mboten naté adamel kula sakit manah. Kadospundi anggèn kula saged nyenyamah Ratu lan

Juruwilujeng kula?" Nanging proconsul wau tetep ndheseg satemah Polikarpus kaukum pejah sarana dipun besmi.

Cariyos kasetyanipun pasamuwan ing Smirna prayogi tansah dados pangraosing gesangipun umat éngga sapriki. Ndhèrèk Gusti Yésus pancèn mboten gampil, mbetahaken tantangan lan perjuwangan supados tetep dados kagunganipun Gusti Yésus. Awit saking punika minangka patunggilan, kita katimbalan supados kateguhaken satunggal lan satunggalipun tuwin tetep setya ndhèrèk Panjenenganipun.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA

Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,
mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran,
kamulyaning Pangéran.

Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,
mrih sesami basuki, nampèni sihing Gusti,
nampèni sihing Gusti.

Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat,
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
datan kendhat pinuji.

8. PANDONGA

- Nyuwun supados umat saged nladhani pasamuwan ing Smirna
- Nyuwun umat saged nindakaken ing padintenan.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 203 RAHAYU KANG UTAMA LAKUNE

Rahayu kang utama lakune
ngambah dalaning prentahe Pangéran.
Rahayu kang netepi dhawuhe;

wong kang manut ing sapangrehe Gusti.
sarta tansah telaten netepi
sakarsane klawan eklas ing ati.

Dhuh Gusti, punapa sarananya
tyang nem-neman saged jujur ing lampah
kejawi dipun reh, mituruta
sapangandika lan prentahing Allah?
Kawula sampun Paduka uja
nyaleweng nilar pepakèn Paduka.

[wsn/tk]

**Pakempalan
Pandonga 3**

Waosan Kitab Suci:
Mateus 16:21-23

**Nyawang saking
kacatingalipun
Gusti Allah**



1. WEKDAL ENING PRIBADI

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 182 PUJI SOKUR LAN PANGGUNGGUNG

Puji sokur lan panggunggung konjuk mring Hyang Maagung,
kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya.
Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangéran.
Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangrèh-Nya.

Surya, candra, lan pra lintang samnya nyunarken padhang.
Peksi ngocèh mawurahan wah sato-kewan girang.
Tetuuhan ngumbar sekar sarta asung woh-wohan.
Sadaya sami memuji mring Allah Kang Makwasa.

Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya,
kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa.
Kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati,
saèstu manggya raharja, mulya langgeng ing swargi

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 189 GUSTI ALLAH PANGAYOM SETYA

Gusti Allah Pangayom Setya, tansah ngrimati umatnya.
Lir pangon rumeksa méndanya. Mula arum ngandikannya.
Ora bakal Aku tega, tan bakal nilar mring sira.

Mula kita mosik ing ati, Aku bakal ora wedi,
awit Gusti Kang Mahasetya datan tega nilar kita.
Manungsa bisane apa, katandhing Allah Makwasa.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Matius 16: 21-23.

6. WEDHARING SABDA

Nyawang saking kacatingalipun Gusti Allah

Kathah tiyang ingkang mbudidaya sage da uwal saking pepejah. Wiwit saking ngudi manékawarni cara kanggé ngenémaken péranganing badanipun, ngantos nalika tiyang sampun katetepaken bilih gesangipun mboten panjang malih, brayat temtu badhé mbudidaya ngupadi kasarasanipun. Bab pepejah lajeng dados prakawis ingkang mboten pareng dipun ucapaken déning tiyang kathah. mBoten prelu tebih-tebih, para sakabatipun Gusti Yésus, senadyan ketingalipun inggih mboten badhé ngrembag bab sédanipun Gusti Yésus.

Para sakabat taksih ngginakaken caranipun nyawang saking caranipun piyambak ing bab rancanganing Mésias Gusti Yésus. Para sakabat nganggep bilih Gusti Yésus ingkang badhé jumeneng Ratuning Israèl ingkang badhé ngluwaraken bangsa Israèl saking panguwaosipun pamarentah Romawi. Mbokmenawi panganggepipun, “Ratu kok séda dhisik ta?” “Uwis pirsa arep séda kok malah karsa nglampahi? Kok ora nytingkir liwat dalan liya supaya aja nganti séda?”

Bab punika temtu taksih mboten kapanggih ing nalaripun para sakabat. Kalebèt Pétrus (sakabat ingkang makantar-kantar ndhèrèkaken Gustinipun). Inggih karana béda panyawang punika ingkang njalari pangandikanipun Gusti Yésus kados mboten dipun gatosaken sanget déning para sakabat. Malah kepara Pétrus nyaruwé Gusti Yésus, Gurunipun, karana ngendika bilih badhé ngalami kasangsaran lan kasédanan. Pétrus lan para sakabat sanèsipun nganggep bilih Sang Mesih

punika menggahing tata politik. Gusti Yésus jumeneng Sang Mesih ingkang langkung wigati. Gusti Yésus punika Sang Mesih ingkang ngluwari manungsa mboten namung saking panindhesipun pamarintah Romawi, nanging ingkang ngluwari manungsa saking panguwasing dosa. Namung lumantar sédanipun Gusti Yésus dosanipun manungsa katebus. Lumantar kasangsaranipun, manungsa kaluwaraken saking paukumaning dosa inggih punika pepejah.

Sédanipun Gusti Yésus dados tandha ingkang ageng ing bab katresnanipun dhateng kita manungsa. Lila legawa nandhang kasangsaran lan séda ing kajeng salib. Lumantar cara ingkang mboten salimrahipun punika nélakaken caranipun Gusti nresnani kita kanthi cara ingkang mirungga.

Punapa panjenengan pitados dhumateng katresnanipun Gusti? Punapa ingkang sampun katindakaken déning Gusti Allah tumrap panjenengan? Kanthi cara ingkang kadospundi anggèn panjenengan nyawang lampahing gesang panjenengan? Kanthi paningal piyambak punapa paningal kita sesarengan kaliyan Gusti Allah? Sugeng ngraosaken sédanipun Gusti Yésus kanggé kita. Gusti mberkahi.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 187 ANA SABAWA GUMRUBYUG

Ana sabawa gumrubyug, wit wong golongan kumrubut.
Gumrubug dénnya peplayon, "Apa baya, kang tinonton?
Ana kang gupuh sumambung, "Yésus Nasarani kang langkung."
Ana kang gupuh sumambung, "Yésus Nasarani kang langkung."

Yésus yéku Sang Pamarta, kang tumedhak saking swarga.
Mundhi dhawuhé Sang Rama, mitulungi wong cilaka.
Kang pracaya trusing kalbu; mesthi dènwelasi satuhu.
Kang pracaya trusing kalbu; mesthi dènwelasi satuhu.

Wong lara saka ngendia, kang marek samya waluya.
Wong picak agya anulu, kang lumpuh nulya lumaku.
Mula payo ndhèrèk Gusti, Sang Juruslamet kang sejati.
Mula payo ndhèrèk Gusti, Sang Juruslamet kang sejati.

8. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 186 URIP KANG SAMESTHINÉ

Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sukur,
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.

Reff.:

*Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sukur, yéku karsa-Nya!*

Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,
aku trus muji sukur, konjuk mring Gustiku.

Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sukur?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.

[akwp/TK]

**Pakempalan
Pandonga 4**

Waosan Kitab Suci:
Matius 27: 27-31

**Apa Aku wis Ngitung
Katresnané Gusti
tumrap Aku?****1. WEKDAL ENING PRIBADI****2. KIDUNG PAMUJI****KPJ 99 AKU DUWÉ PAMARTA**

Aku duwé pamarta, Yésus Kristus asmany,
kang wus ngurbanken sarira, ngruwat aku sing dosa.

Reff.:

*Satuhu Gustiku, Yésus Kristus Pamartaku,
dakpuji trusing kalbu.*

Aku duwé Pamarta, satuhu ing kasetyan.
Yèn aku nyingga panandhang, pinaringan karosan.
Reff.:

Aku duwé Pamarta, putrèng Allah pribadya.
Yèn aku karoban susah, tinunggil mrih tan lesah.
Reff.:

3. PANDONGA**4. KIDUNG PAMUJI****KPJ 110 GUSTI PANGUNGSÉN KULA**

Gusti Pangungsèn kula, sèstu gung sihrahmatnya.
Ing sajroning panandhang, lamun bebaya nrajang,
Gusti sung pangluwaran, kula manggih kraharjan.
Daya karosan kula, winates wontenira.

Srana pasrah-sumarah, mring rèh kwasaning Allah,
kula manggih kabegjan, ngantos dugèng klanggengan.
Gusti sung pangluwaran, kula manggih kraharjan.
Daya karosan kula, winates wontenira.

5. PAMAOSING KITAB SUCI (MATIUS 27: 27-31)

6. WEDHARING PANGANDIKA

Apa Aku wis Ngitung Katresnané Gusti tumrap Aku?

Satunggaling ibu ingkang saweg ngandheg, dipun sukanip pilihan déning dokter, ngguguraken bayi nanging ibu wilujeng, punapa milujengaken bayi nanging totohanipun nyawanipun piyambak. Ibu wau milih wilujengaken bayinipun. Si ibu punika rila kécalan nyawanipun uger bayinipun wilujeng. Katresnan ingkang ageng saking satunggaling ibu dhateng anakipun ingkang dèrèng naté dipun tingali, dados panjurung ingkang ageng satemah ibu wau rila kécalan nyawanipun piyambak. Katresnanipun Gusti ingkang ageng dhateng manungsa, inggih dados kakiyatan kanggé ngeklasaken Sang Putra Ontang-ting ngantos séda ing kajeng salib kanggé nebus dosaning manungsa. Gusti Allah sejatinipun mboten kagungan kuwajiban milujengaken manungsa. Manungsa namung titahipun. Wonten manungsa utawi mboten, bab adeging Allah tetep sami.

Satata kamanungsan, cara séda ingkang dipun piji déning Gusti Yésus punika pinanggih anèh lan slénca. Ing waosan punika cetha sanget anggénipun para serdhadhu nyenyamah Panjene-anganipun. Kapatrapan ngantos samanten, nanging Gusti Yésus mboten nglawan babar pisan. Kéging punapa? Ketingalipun katresnanipun Gusti Yésus linangkung ageng katimbang raos lingsem, nepsu, utawi sakitipun. Dipun wéwahi para tiyang ingkang sami mboten sumerep lan mangretos punapa ingkang dados tetales Gusti Yésus rila nglampahi paukuman punika.

Kasinggihan, katresnanipun ingkang ageng sanget, ingkang kaparingaken kanggé kita lan katindakaken kanthi cara ingkang ngungkuli nalar kita. Menawi kita ngraosaken katresnanipun ingkang ageng punika, sédanipun Gusti Yésus ketinggal nengsemaken sanget. Kadospundi déné Gusti Yésus punika Ratu, karsa séda kanthi patrap ingkang asor.

Kosongwang.sul, menawi kita mboten kanthi saéstu ngraosaken lan nyumerepi pangurbananipun Gusti Yésus ing kajeng salib, saged kalampahan sédanipun kita anggé boten wonten paédahipun.

Kadosdéné manungsa, kita asring nindakaken prakawis ingkang mboten trep kaliyan pangandiakanipun Gusti. Dadosa punika amargi ndlèngèr, kesupèn, utawi alesan ingkang limrah: "Kita punika rak manungsa ingkang mboten kalis saking dosa!" Pawadan-pawadan kados mekaten asring kanggé ngleresaken dhiri pribadi supados saged nindakaken kalepatan tanpa saged ndandosi piyambak. Ananging Gusti Allah ingkang mirsa samudayanipun, milih maringaken Putranipun ingkang ontanganing supados séda ing kajeng salib dados panebusing dosadosa kita.

Gusti Allah sampun nyuwungaken sariranipun piyambak. Panjenenganipun rawuh ing jagad lan nyamirupi dados manungsa. Rila séda kanggé kita manungsa. Anggénipun sajajar kaliyan Allah mboten dados bab ingkang dipun kekah malih tumraping Gusti Yésus katandhingaken kaliyan manungsa. Punapa ta ingkang njalari kita, déné mboten purun nyuwungaken badan kita kagem Panjenenganipun?

Kita minangka pandhérèkipun Sang Kristus, samesthinipun ageng ing panuwun, bilih kita sumerep lan mangretos karsanipun Gusti Yésus lan katresnanipun dhateng kita. Sumangga kita ngunjukakaken pamuji sokur kita ing bab katresnanipun Gusti ingkang ageng punika, kanthi cara kita nindakaken gesang kita

kadosdéné punapa ingkang sampun kawulangaken déning Gusti tumrap gesang kita.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 346A NDEDONGA LAN MAKARYA

Ndedonga lan makarya kanthi trusing driya,
mbabarken sihing Gusti mring sagung sesami,
murih tentrem raharja sumrambah sadonya.
Asmanyang Kang Mamulya pinuji slaminya.

Ndedonga lan makarya kanthi sukarena,
martosken Injil suci wrata ing sabumi,
mrih sihrahmating Gusti tinampi sesami,
temah samya wilujeng sarta gesang langgeng

Ndedonga lan makarya di tansah waspada.
Yèn tinempuh panggodha tan gumiwang tiba,
manggul salibing Gusti, manut ing prèntahnya;
tansah setya ngabekti lan manteb pracaya.

8. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 262 KWAOSING ASMA PADUKA

Kwaos ing asma Paduka ingkang kita sebar;
pramila kita dhuh Gusti, tan giris ing pati.
Kadya gesangipun wiji ingkang katanem ing siti,
amrih tuwuha ngrembaka, temahan medal wohira,
munpangati salumahing bumi.

Pakempalan Pandonga 5

Aku Urip Sawusé Mati



- 1. WEKDAL ENING**
- 2. KIDUNG PAMBUKA**

KPK BMGJ 273: 1-3 GUSTI WUS WUNGU

Gusti Yésus wus wungu, puji Allah, Haléluya,
 pati kawon saèstu, puji Allah, Haléluya,
 mbabar gesang sejati, puji Allah, Haléluya,
 sumrambah ing sabumi, puji Allah, puji haléluya.

Yogya memuji girang, puji Allah, Haléluya,
 dhateng Ratuning gesang, puji Allah, Haléluya,
 kang nilar kubur laknat, puji Allah, Haléluya,
 mbikak korining rahmat, puji Allah, puji Haléluya.

Jagad wus kaluwaran, puji Allah, Haléluya,
 uwal sing karisakan, puji Allah, Haléluya,
 bumi tentrem rahayu, puji Allah, Haléluya,
 Sabdèng Gusti pinituhu, puji Allah, puji Haléluya.

- 3. DONGA PAMBUKA**
- 4. KIDUNG PAMUJI**

KPK BMGJ 276: 1-3 YÉSUS, GUSTI WUNGU SING PATI

Pepadhangging bumi wiwit nelahi ing dinten minggu adi
 pagègèr muwuhi kuwuring ati tyang Yérusalèm nagri
 wit kuburing Yésus menga layonnya ilang musna
 Yésus yéku Gusti wungu sing pati dadya juru basuki
Reff.:

*Wartakna Injilnya kang mbabar tentrem raharja
wujudna sih tresna srana tumindak nyata.*

Tyang remen dursila sung warta dora nglawan bebener nyata,
nging seksining Kristus bingahing driya dé antaka tan daya,
siksa krana Gustining rat datan ngendhakken niyat,
wit Gusti prajanji tansah anganthy ngantos dumugèng swargi,
Reff.:

Pepadhang satuhu nyunari kalbu wit Yésus sampun wungu,
tyang kang pracaya samangkya mardika nir kwasaning antaka,
nglantarken berkahing Allah setya ing kardi tansah,
dadya pepadhang wah sareming bumi mrih kamulyaning Gusti
Reff.:

5. PAMAOSING KITAB SUCI [Lukas 20: 27-40]

6. RENUNGAN

Aku Urip Sawusé Mati

Bab tanginipun tiyang pejah, wiwit rumiyin ngantos samangké, wonten ingkang pitados wonten ugi ingkang mboten pitados. Waosan kita dinten punika nedahaken wontenipun sagolonganing tiyang ingkang mboten pitados dhateng patangènipun tiyang ingkang sampun tilar donya. Tiyang-tiyang punika ingkang nama tiyang-tiyang Saduki. Tiyang-tiyang kasebat kalebet golonganing tiyang ingkang sugih, ingkang saking golonganipun para imam saha para pangembating praja. Tiyang-tiyang kasebat mboten purun sisah-sisah mikiraken gesang saksampunipun pejah amargi gesang ingkang dipun lampahi ing jagad punika sampun sekéca sanget.

Nalika pinanggih kaliyan Gusti Yésus, tiyang-tiyang kasebat kepéngin nyobi bab pangretosanipun Gusti Yésus ngèngingi patangènipun tiyang pejah. Tiyang-tiyang kasebat kepéngin moyoki kayakinan bab patangèn kanthi ngajengaken pitakènan bab tiyang èstri ingkang nikah Lèvirat (ayat 28-33). Pitakènan

ingkang dipun ajengaken: "Saking tiyang jaler 7 kasebat, pundi ingkang dados sémahipun tiyang èstri kasebat ing dinten patangèn? Amargi tiyang jaler pitu kasebat sampun nikah kaliyan tiyang èstri punika."

Kanthy lantip, Gusti Yésus maringi wangslanan: "Wong-wong ing donya iki, padha omah-omah lan diomah-omahaké, nanging wong-wong kang padha kaanggep pantes tampa panduman ana ing jagad liyané iku, lan ana ing patangèn saka ing antarané wong mati, iku bakal ora omah-omah lan ora diomah-omahaké. Sabab padha ora bisa mati manèh; kaanané kaya para malaékat sarta padha dadi putranaing Allah, awit wis padha katangèkaké. Anadéné mungguh tanginé wong mati iku, Nabi Musa iya wis mratélakaké ana ing sajroning carita bab grumbul eri, anggoné nyebut Pangérangan: Allahé Abraham, Allahé Iskak, tuwin Allahé Yakub. Panjenengané iku dudu Allahé wong mati, nanging Allahé wong urip, awit kang ana ing ngarsané kabèh iku wong urip."

Saking wangslanan kasebat, kita pikantuk pangretosan bab kadospundi kawontenaning tiyang ingkang katangèkaken saksampunipun pejah, inggih punika tiyang-tiyang ingkang dipun wawas pantes pikantuk panduman wonten ing jagading patangèn. Wonten ing jagading patangèn kasebat, manungsa:

- Mboten kawin lan mboten dipun kawinaken
- Mboten pejah malih
- Kawontenanipun kados para malaékat
- Sami dados para putranipun Allah ing kasampurnan.

Tegesipun, wonten ing jagad kasebat, tiyang sami mboten gadhah malih nepsu birahi. Dados ugi mboten wonten widodari ingkang namung ngladosi para jaler. Ingkang wonten namung sih katresnan kasuwargan.

Ing ngriku tiyang ugi mboten saged pejah malih. Tiyang sami gesang langgeng sesarengan kaliyan Gusti. Kawontenanipun tiyang-tiyang punika kados kawontenanipun para malaékat.

Tiyang-tiyang kasebat sami pikantuk kamulyan kados kamulyan ingkang dipun darbèki déning para malaékat. Tiyang-tiyang kasebat badhé sami tansah memuji-muji asmanipun Gusti. Tiyang-tiyang badhé sami dados para putraning Allah ingkang sampurna amargi sami saged aben-ajeng piyambak kaliyan Gusti Allah.

Bab kayakinan kasebat, mbokbilih wonten tiyang ingkang mangu-mangu lajeng pitakèn, „Sinten ingkang mangretos bab gesang saksampunipun pejah? Amargi mboten wonten satunggala tiyang ingkang sampun naté pejah lajeng gesang malih lan nyariyosaken pengalamanipun nalika wonten ing jagad saksampunipun pejah.

Nanggapi pitakènan ingkang kados mekaten, kita saged mangsuli bilih kita pitados dhateng gesang saksampunipun pejah amargi ingkang ngendikaaken bab punika inggih Gusti Yésus piyambak. Panjenenganipun pirsa èstu punapa ingkang wonten saha dumados ing suwarga amargi Panjenenganipun punika pinangkanipun saking suwarga. Panjenenganipun sampun rawuh saking suwarga tedhak manjalma dados manungsa madeg dados juruwilujeng tumraping jagad.

Salajengipun, saking Injil Lukas 20: 37 kita saged ningali kados pundi Gusti Yésus ngandika bab Kitab Suci ingkang ndhasari kapitadosan bab patangènipun tiyang pejah. Panjenenganipun nyuplik Kitab Pangentasan 3:6 ngèngingi pepanggihanipun nabi musa kaliyan Gusti Allah. Ing ngriku Gusti Allah nélakaken bilih Gusti Allah Panjenenganipun punika Allahipun Abraham, Allahipun Ishak saha Allahipun Yakub. Saking pratélan kasebat Gusti Yésus ngènetaken bilih Gusti Allah punika sanès Allahipun tiyang pejah, ananging Allahipun tiyang gesang, amargi wonten ing ngarsaning Panjenenganipun sedaya sami gesang.

Dados, tumraping sedaya manungsa (kalebet kita) ingkang gesang wonten ing Gusti, nalika pejah, kita sedaya badhé sami gesang sesareangan kaliyan Gusti. Kapitadosan ingkang kados

mekaten sangsaya kasantosakaken nalika kita ngèngeti punapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus. Panjenenganipun séda ing kajeng salib saprelu nebus dosa kula lan panjenengan. Panjenenganipun sampun wungu saking antawisipun tiyang pejah minangka ingkang wiwitan saking panunggalanipun tiyang ingkang pejah (1 Korintus 15: 20). "Awit padha kaya ana ing Rama Adam wong kabeh padha mati, mangkono uga ana ing Sang Kristus wong kabeh iya bakal padha kauripake maneh" (1 Korintus 15: 22). Awit saking punika sumangga kita gesang wonten ing iman kapitadosan ingkang bakuh dhumateng Gusti Yésus Kristus, Allah ingkang gesang. Gusti hamberkahi kita sedaya. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPK BMGJ 323: 1-3 SARÈH NGANTYA BUJANA SWARGA

Langit Ian bumi kang anyar nulya énggal binabar
wus tan wonten kasangsaran mung langgeng ing kraharjan
Reff.:

*dèn sarèha tyang pracaya ngantya bujana swarga
kita nunggil Sang Pamarta nunggil ing kamulyannya.*

Sirna salir kasusahan musna sagung panandhang
mung kabingahan kabegjan wit rinoban pepadhang
Reff.:

Pra suci gesang sampurna sèstu tebih sing dosa
mung sumyak ngidung mring Allah nggunggung memuji
tansah.
Reff.:

8. DOA SYAFAAAT DAN PENUTUP

[mh]



**Bahan Pakempalan
Pandonga 6**

Roma 6: 4-6
1 Petrus 1: 3-6

**Kalairaken Malih
Déning Wungu-Nipun**



- 1. WEKDAL ENING**
- 2. KIDUNG PAMUJI**

KPK BMGJ 269: 1-2 PAMARTA KULA AGESANG

Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang
 kang sinalib gesang, dènnya séda krana kula
 wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang
 gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
 gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gesang Gusti kang wus séda lebur panguwasaning dosa
 salir tyang raharja, gung sihé Gusti mring kula
 mila sinung gesang nyata kula ndhèrèk gesang,
 gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
 gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

- 3. DONGA PAMBUKA**
- 4. KIDUNG PAMUJI**

KPK BMGJ 262: 1-3 PANGLIPUR KANG SEJATI

Panglipur ingkang sejati mung sih rahmaté Gusti
 Sang Kristus kang tanpa dosa dados kurban sampurna
 sinalibken temah séda tinégakken Sang Rama
 ngruwat nglebur sagung dosa mbikak margining swarga
 ngruwat nglebur sagung dosa mbikak margining swarga.

Panglipur ingkang sejati mung sih rahmaté Gusti,
 Kristus Panebus satuhu samangkya sampun wungu,
 lebur pangwasaning dosa nir dayaning antaka,
 Kristus mulya munggweng swarga dyan jumeneng pantara,
 Kristus mulya munggweng swarga dyan jumeneng pantara.

Panglipur ingkang sejati mung sih rahmaté Gusti,
 salir tyang winengku pati sinungan gesang yekti,
 ndhèrèk séda Ian wungunya ndhèrèk ing kamulyannya,
 ngrucat sagung gesang lami gesang énggal gumanti,
 ngrucat sagung gesang lami gesang énggal gumanti.

5. PAMAOSING KITAB SUCI [Roma 6: 4-6 & 1 Petrus 1: 3-6]

6. RENUNGAN

Kalairaken Malih Déning Wungu-Nipun

Wonten ing kapitadosan Kristen piwucal bab kalairan malih dados salah satunggaling piwucal ingkang wigatos sanget. Tiyang ingkang pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus minangka Gusti lan Juruwilujeng mesthinipun ugi nglampahi gesang anyar sesarengan kaliyan Gusti. Gesang anyar kasebat minangka woh ingkang tuwuh saking prosès / lelampaahan ingkang dipun sebat minangka kalairan malih. Wonten ing prosès kasebat tiyang pitados dipun ajak meper kadaginganipun sesarengan kaliyan sédanipun Sang Kristus, supados ing salajengipun saged katangèkaken sesarengan kaliyan wungunipun Sang Kristus tumuju ing gesang anyar.

Roma 6: 4-6 nyerat (basa Jawa Padintenan), “Srana baptisan mau kita dikubur bebarengan karo sang Kristus ana ing sédané, supaya kaya déné Sang Kristus kawungokaké saka ing séda déning kamulyaning pangwasané sang Rama, kaya mangkono uga kita padha kaparingan urip sing anyar. Sebab menawa kita wis ditunggilaké karo Sang Kristus ana ing sédané, mengkono uga kita padha katunggilaké karo Panjenengané ana ing

wunguné. Kita padha ngerti, yèn **kaanan kita sing lawas wis mati bebarengan karo Sang Kristus ana ing kayu salib**, supaya pangwasané dosa sing ana ing kita kasirnakaké, satemah kita ora dadi budhaké si dosa menèh. Pramila cocok kaliyan ingkang dipun serat ing Serat 1 Petrus 1:3, "... Merga saka gedhéning sih rahmaté, Panjenengané wis nglairaké kita menèh srana wunguné Gusti Yésus Kristus saka ing sèda. Merga saka kuwi urip kita kebak ing pangarep-arep."

Bab kalairan anyar kasebat, kita mbokbilih saged sinau saking satunggaling pandhita ingkang badanipun kebak tato. Asma pandhita kasebat inggih punika pendheta Agus Sutikno. Bapa pandhita Agus samangké ngladosi para pawèstri tuna Susilo dalah para larénipun, ugi para wandu saha tiyang-tiyang gelandhangan wonten ing kitha Semarang. Tato ingkang wonten ing sakujuring badanipun dados bukti sujarah bilih rumiyin piyambakipun punika laré ingkang sabanipun ing margi, ingkang nggaduhahi tabiat awon. Piyambakipun rumiyin remen mabuk, nedhi narkoba lan gesang ing margi-margi.

Cariyos gesangipun Agus Sutikno lajeng dados éwah nalika Gusti Yésus sacara pribadi ngrawuhi piyambakipun, ngéwahi gesangipun dados anyar. Piyambakipun ingkang sewau mboten pitados, lajeng pitados dhumateng Gusti Yésus. Ingkang sewau-nipun gesang saksekécanipun piyambak, samangké gesang miturut ing karsanipun Gusti Yésus. Sedaya éwah-éwahan kasebat ugi mbetahaken proses / lelampaahan ingkang mboten gampil. Piyambakipun naté dipun cubriyani lan mboten dipun pitados déning tiyang-tiyang Kristen, ananging piyambakipun tetep ngupadi Gusti. Sadèrèngipun pikantuk serat rékomendasi kanggé ndhaptar sekolah téologi, piyambakipun kedah ngabdi dhateng gréja dados tukang reresik kakus lan sanès-sanèsipun gangsal taun laminipun. Padamelan ingkang ing sadanguning gesangipun déréng naté dipun tandangi amargi rumiyin pancèn mboten purun nandangi ingkang kados mekaten.

Wiwitan, manahipun mbrontak amargi piyambakipun mboten remen dipun kengkèn-kèngkèn. Ananging kekiyatán saking Gusti mitulungi piyambakipun satemah piyambaking saged éwah dados pribadi ingkang andhap asor, ingkang purun lelados minangka abdi.

Nalika sekolah téologi, piyambakipun punika dados murid ijèn ingkang mboten dipun kintun praktik ing pasamuwan amargi sakujuring badanipun kebak tato. Nalika lulus kuliah, piyambakipun ugi mboten dipun tampi déning pasamuwan ing pundipundi papan minangka pandhita.

Tumrap sedaya punika, wiwitanipun piyambakipun kuciwa, nepsu lan protès! Ananging piyambakipun lajeng saged nampi sedayanipun kanthi jembaring manah. Piyambakipun tetep nyepengi prasetyanipun badhé ngladosi Gusti. Ngantos pungkasnipun, wonten ing geguletaning gesangipun, wiwit taun 2000 Gusti nimbali pak Agus dados pandhita kanggé laré-laré gelandhangan. Ing ngriku kanyata piyambakipun manggihaken timbalanipun ingkang sejati. Piyambakipun dados berkah kanggé tiyang-tiyang ingkang kesrakat.

Para Sadhèrèk, saben kita dipun timbali supados purun dipun lairaken malih supados saged nglampahi gesang anyar kanthi wewatekan saha gayaning gesang sarta greget ingkang anyar. Mbokbilih lelampahan ingkang kita lampahi wonten ing proses kalairan malih kasebat ugi mboten gampil kadosdéné pak Agus Sutikno. Ananging satunggal bab ingkang tetep, inggih punika bilih Gusti mesthi badhé mitulungi kita. Pangandikanipun Gusti wonten ing 1 Petrus 1: 5a-6 nélakaken, “Panduman kuwi kanggo kowé, sing padha kareksa keslametanmu déning pangwasané Gusti Allah Mulané padha bungah-bungaha, senajan ing wektu saiki kowé kudu nandang kasusahan merga pendadaran rupa-rupa sing kudu kokalami.” Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPK BMGJ 129: 1,2 TANSAH BINGAH

Tyas kita sèstu raharja sinung kabegjan nyata
déné Allah Kang Ma'kwasa nganggep putra mring kita
Reff.:

*mara tansah bungah-bungah wit tinunggil lan Allah
sarta ngambah dalaning pepadhang
kang dugèng kasampurnan.*

Hyang Maagung ngreksa kita nguwalken sing bebaya
sihnya sung lipur ing driya nyantosakken pracaya

Reff.:

8. DONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

9. KIDUNG PANUTUP

KPK BMGJ 129: 3,4 TANSAH BINGAH

Yèn kita nyingkur Pangéran nèng ati was sumelang
nung yèn sumuyud mring Allah tinuwukken ing berkah
Reff.:

Yogya kita mursid yekti ajrih asih mring Gusti
Roh Suci mbélani kita nglawan pangrèhing dosa

Reff.:

[mh]



